Дагъистаналъул адабият

16+

ISSN 0235-0130

# Гьудуллъи

ЛИТЕРАТУРИЯБГУН ХУДОЖЕСТВИЯБ ВА ЖАМГIИЯБГУН ПОЛИТИКИЯБ ЖУРНАЛ



## МухIу ГIалиев гъавуралдаса - 80 сон

3/2020
май - июнь

# 1941-1945


МАГІАРУЛАЛ - СОВЕТ СОЮЗАЛЪУЛ БАХІАРЗАЛ
МУХІАМАД ХІАЖИЕВ
МУХІАМАД - ЗАГЬИД ГІАБДУЛМАНАПОВ
АХІМАД ГІАБДУЛМАЖИДОВ
САГІИД ГІАЛИЕВ
9
МАЙ
МУХІАМАД ХІАМЗАТОВ
КЪАДИ АБАКАРОВ
САГІАДУ МУСАЕВ

# ГЪУДУЛЛЪИ



**КIиго моцIида жаниб цо нухалъ бахъулеб литературиябгун художествияб ва жамгIиябгун политикияб журнал**

Литературно - художественный и общественно - политический журнал

**Издается один раз в два месяца**

**Учредитель:**
Министерство информатизации, связи и массовых коммуникаций Республики Дагестан

**Журнал бахъизе байбихьана 1952 соналда Расул ХIамзатовас**

Журнал основан в 1952 году Расулом Гамзатовым

**3**

**2020**

**май - июнь**

**Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан «Редакция республиканских литературных журналов «Соколенок» и “Литературный Дагестан”**

**БетIерав редактор**
Мурад МухIамадович АхIмадов

**Жавабияв редактор**
МухIамад ПатахIов

**Жавабияй секретарь**
ТубхIат Зургъалова

**Редакциялъулаб коллегия:**
МухIамад АхIмадов,
МухIамад ГIабдулхIалимов,
МухIамад МухIамадов,
КъурбанмухIамад МухIамадов,
ПатIимат ГIабдурахIманова,
Залму Батирова,
МухIамад ХIамзаев,
МахIмуд-Апанди МухIамадов,
ГIайшат Малачиева,
ГIайшат ГIалиева,
ХIамзат ГIизудинов,
МухIамадрасул ГIумаров.

Электронный адрес редакции:
litdag@mail.ru

НОМЕРАЛДА РУГО:

## МУХIУ ГIАЛИЕВ ГЬАВУРАЛДАСА – 80 СОН

**М. АхIмадов.** Политикаялъулъги букIине ккола намус-яхI........3
**М. ПатахIов**. Тарихалда тараб лъалкI........15
**ХI. ХIамзатов.** МухIул хIакъалъулъ цодагьал рагIаби........22
**М. ГIабасил.** МухIу ГIалиев гIадав гIадан вокьула дие........27
**М.-С.Гусаев.** Дирго мугIалимлъун рикIкIуна........28
**С. ХIайбулаев.** КьучIав инсан........29
**ГI. ГIакъилов.** МухIу Гьиматович вуго пачалихъияб бичIчIиялъул хIаракатчи........32
**Ш. Хъазанбиева.** ТIанусиса Хуриса ГIалил МухIу........35
**ГIадалло.** МухIул гуреб квер къазе къабуллъичIо рекIее........37
**З. Батирова**. ЦIар дур наслабазе цIунун хутIила........38
**М. ГIисаев.** Хуриса ГIали........40
**Къ. ПатахIов.** Политиказулги кьучIав политик........44
**М.-А.МухIамадов.** ХIакимзабазда гьоркьоб дур вацIцIалъи бихьана........46
**А. ГIамирханов.** ХIурмат дур гьабула дагъистанияз........48
**Т. Зургьалова.** МухIухъе кагъат........50
**С. МухIамадова.** Халкъалъул вакил........52
2006 – 2009 соназда гьарурал цо-цо хIалтIаби........53

## КУЧIДУЛ

**М. АхIмадов.** Лъимер........55

## ХАРБАЛ

**П. ГIабдурахIманова**. ЛъикIлъиялъул къимат гьабичIони........70

## АВАРТЕАТРАЛЪЕ – 85 СОН

**М. ГIабдулхаликъов.** Байбихьи........82

## ГIАКЪЛУЯЛЪУЛ ДАНДЕРИЖИ

ГIумруги чIорги........91

---

Журналалъул хъвай - хъвагIай гьабун буго хъвай-хъвагIай гьабиялъул ва ДРялда СМИязул ва печаталъул хIакъалъулъ. РФялъул закон цIуниялда хадуб халкквеялъул Регионалияб управлениялъ.

Регистрационный номер: серия ПИ №ТУ05-00417 выдан Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан от 22.04. 2019 г.

**Типография: ООО «Издательство «Феникс - пресс»**
**Адрес типографии:** 367018, РД, г. Махачкала, пр-т Петра I, 61

**ДРУЖБА №3 2020 г.**
*май - июнь*
*На аварском языке*

Выход в свет 15.06. 2020 г.
Тираж 808 экз
Печать офсетная. Бумага офсетная
Формат 70х108 1/16
Усл.печ. л. 8,4 Усл. изд. л. 8,7
Заказ №561 Цена свободная.

***Редакция и издатель:*** *Государственное бюджетное учреждение Республики Дагестан "Редакция республиканских литературных журналов "Соколенок" и "Литературный Дагестан".*
***Адрес редакции и издателя:*** *367000, РД, г. Махачкала, ул. Даниялова, дом 55.*

## МУХIУ ГIАЛИЕВ: «ПОЛИТИКАЯЛЪУЛЪГИ БУКIИНЕ ККОЛА НАМУС-ЯХI».

Гьаб соналъул 6 августалда 80 сон тIубала советияв, Россиялъул ва Дагъистаналъул машгьурав политикияв хIаракатчи, Дагъистан Республикаялъул тIоцевесев президент МухIу Гьиматович ГIалиев гьавуралдаса.

МухIу ГIалиев гьавуна 1940 соналъул 6 августалда Хунзахъ районалъул ТIануси росулъ. 1947-1957 соназда цIалана гIагараб росдал анкьго сонил школалда, хадубги Избербаш шагьаралъул школа– интерналда. 1962 соналда тIокIлъигун лъугIизабуна Дагъистаналъул пачалихъалъул университет. ЦIалун лъугIидал, кIиго соналъ хIалтIана ЦIумада районалъул Гьаквари росдал гьоркьохъеб школалда завучлъун ва директорлъун.



1964-1966 соназда вукIана Дагъистаналъул пачалихъалъул университеталъул комсомолалъул секретарлъун. 1966-1969 соналда ДГУялъул философиялъул кафедраялъул аспирант. 1969-1972 соназда хIалтIана МахIачхъала шагьаралъул комсомолалъул тIоцевесев секретарьлъун. 1972 соналда вищана МахIачхъала шагьаралъул Советский райкомалъул тIоцевесев секретарлъун.

1984 соналда тIамуна КПССалъул Дагъистаналъул обкомалъул партиялъулгун гIуцIарухъанлъиялъул отделалъул заведующийлъун. 1990 соналда вищана КПССалъул Дагъистаналъул обкомалъул тIоцевесев секретарлъун. 1991-1995 соназда вукIана Дагъистаналъул Верховный Советалъул председателасул заместительлъун, хадувги гьелъул председательлъун. 1995 соналдаса 2006 соналъул февралалде щвезегIан нухмалъи гьабуна Дагъистан Республикаялъул Халкъияб Собраниялъе. Ункъо нухалъ тIатIалаго вищана Дагъистаналъул Верховный Советалъул, лъабго нухалъ ДРялъул Халкъияб Собраниялъул депутатлъун.

2006 соналъул авалалдаса 2010 соналъул февралалъул ахиралде щвезегIан – Дагъистан Республикаялъул президент.

1996-2001 ссоназда М.Гь.ГIалиев вукIана РФялъул Федералияб Собраниялъул Федерациялъул Советалъул членлъун, гьелъул халкъазда гьоркьосел ишазул комитеталъул председателасул заместительлъун. Гьединго «Россия-Европаялъул союз» Парламентазул цадахъ рекъон иш гьабиялъул бюроялъул, Европаялъул Советалъул Парламенталъул Ассамблеялъул (ПАСЕ) ва

ЧIегIераб ралъдал экономикияб цадахъ рекъон иш гъабиялъул Парламенталъул Ассамблеялъул (ПАЧС) РФялъул Федерациялъул Советалъул рахъалдасан членлъун, БакIалъулал ва регионалиял нухмалъулезул Европаялъул Конгрессалда Россиялъул Федерациялъул вакиллъун ва РФялъул Президентасда цебе бугеб Пачалихъалъул Советалъул Президиумалъул членлъун.

Философиялъул гIелмабазул доктор, профессор М.ГIалиевасул гIелмиял цIех-рехазул аслиял рахъал: Россиялъул пачалихъияб гIуцIи цебетIеялъул масъалаби. Северияб Кавказалда этно-политикияб ахIвал-хIал. Гражданлъиялъул общество ва правовияб пачалихъ гIуцIулаго гражданлъиялъулаб, миллияб ва профессионалияб разилъиялъул цIех-рех гъаби. Разилъиялъул рахъалъ теориялъулал, политикаялъул правовиял, рухIиялгун гIаданлъиялъул хьвада-чIвадиялъулал ва аксиологиялъулал масъалабазул суалал рорхи.

ГIурус мацIалда къватIире риччарал тIахъал: «Республика Дагестан: приоритеты современной национальной политки» (1996); «Единство и целостность Республики Дагестан как конституционный принцип» (1998); «Согласие. Социально- философский анализ» (2001); «Выбор курса» (2015), «Неожиданный поворот» (2015), «Самур» (2015). ГIемерал макъалаби рахъана «Философские науки», «Социально- политический журнал», «Федерация» журналазда ва цогидалги басмабазда.

МухIу ГIалиев мустахIикълъана «ВатIаналда цебе бихьизабураб тIоклъиялъе гIоло» II, III IV даражабазул, «ХIурматалъул», «ЗахIматалъул БагIараб Байрахъалъул ва «ХIурматияб гIаламат» орденазе, чанго медалалъе. Гъев ккола «Россиялъул миллияб Олимп» премиялъул лауреат ва къуна «ЛъагIалил спикер» (2004) абураб цIар.

**– МухIу Гьиматович, дуе рес щвана тIубанго батIи-батIиял заманабазда кIиго нухалда республикаяоъе нухмалъи гъабизе. Мун вукIана СССРалда гьоркьоб Дагъистан бугеб мехалда партиялъул обкомалъул тIоцевесев секретарлъунги, Россиялъул Федерациялда гъорлъе унеб нилъер республикаялъул тIоцевесев президентлъунги. Гьеб кIиялдаго гьоркьоб ана 15 соналъул тарих. Кинаб къимат дуца кьолеб гьеб цоцаздаса тIубанго батIи-батIияб заманаялъеги, гьел заманабазул нухмалъиялъул хаслъабазеги? Щиб нилъее щвараб ва щиб нилъехъа биларaб? Кинал захIмалъаби дандчIварал дудаги республикаялдаги гьел соназда? Аслияб къагIидаялъ гьабизе щиб кIвараб ва щиб хутIараб гIумруялде бахъинабизе бажаричIого?**

– Дица гIумру гьабуна ва дун хIалтIана Хрущевасул цIияб гьогьеналъулги, Брежневасул чIунхутIиялъулги, Горбавасул цIигьабунгIуцIиялъулги, Ельцинил бихха-бичарабги, Путинилгун Медведевасул кIирекъарабги заманабазда. Гьанже къагIида хIисабалда рехсолел, нилъ ругьунлъарал гьел рагIабазда жаниб буго нилъер тарих, халкъалъул, жиде-жидер рохелгун ва къварилъабигун, бергьенлъабигун ва квекIеналгун, битIккеялгун ва квалквалалгун щивав чиясул гIумру, нилъер жакъасеб гIумруялъе кьучI лъурал, гьеб гIуцIарал гIадамазул гIасру.

Гьанже гIадатлъун лъугьун буго араб къарнуялъул, чIунхутIиялъулин абулел 60-70 сонал каки. Дицайин абуни рикIкIуна хIакъикъаталдаги гьел соназда Дагъистаналда чIунхутIи букIинчIилан. Гьел соназда гIемераб

хIалтIи гьабуна: гIуцIана предприятиял, гьаруна нухал, рана школал, больницаби, электростанциял. Кинаб чIунхутIиха гьеб кколеб? ЧIунхутIиги цебетIейги цого жолъун рикIкIине бегьуларо. БитIараб буго, рукIана гIемерал захIмалъаби ва гIунгутIаби экономикаялдаги, политикияб гIумруялдаги, цоги-цоги бутIабаздаги. Амма гьеб кинабго чIегIерабги хъахIабги кьералъ белъараблъун бихьизе кколаро.

Гьединаб гIумруялда чIахIиял хиса-басиял, тарихалда кIвар цIикIкIарал лъугьа-бахъинал кколеб заманалда, кидаго хал ккезе бегьула гIадамазул хьвада-чIвадиялда хадуб. ГIадамаз батIа-батIайиса рихьизарула жалго. Цоцояз бихьизабула жидерго унго-унгояб тIадегIанлъи, тIокIлъи. Цогиязулъин абуни батула, цебеккун нилъеда бихьичIеб, халлъичIеб гIодобегIанлъи, загIиплъи. Дида гIемер бихьана гьебги гьебцоябги – цо-цоязул рухIияб тIадегIанлъиги, цогиязул напсияб инжитлъиги. Гьебги цIакъго дица жал гIагар гьаруразулцин.

Нилъер тарих – гьеб буго нилъер тарих. Гьелдехун жавабчилъи гьечIого рукIине бегьуларо. Щибаб ишалъул, лъугьа-бахъиналъул кьучIги, хIакъикъатги, ахIвал-хIалги лъачIого бегьуларо прокурораллъун яги судияллъун рукIине, пачалихъиялги политикиялги хIаракатчагIазда гIайибал чIвазе, гьел какизе. Гьелдаго цадахъ бегьуларо тарихалда лъугьа-бахъарабщинаб цIунулел адвокаталлъун рукIинеги. Дида ракIалде ккола щибаб жоялъе къимат кьелелде – гьелде гъорлъе раккун гъваридго цIехрех гьабизе ккола: кинал рукIарал гIиллаби, сунца тIамурал гIадамал цере рахъине, щиб ккараб, щиб ккезе букIараб. Хадубккун лъугьинесеб кинабго нилъеда цебеккунго лъазе ресги букIунаро.

БитIахъе абуни, тарихалъеги хасгьабун диеги, дир хIисабалда, бищунго ракIалдаго букIинчIеб, божизе захIматаб жолъун ккана Советияб Союз биххи. Гьанжесел гIолилазда бичIчIизе рес гьечIо кигIан кIудияб талихIкъосараб лъугьа-бахъинлъун дир гIелалъул гIадамазе гьеб букIарабали. Нижеца тIолабго гIумруялъ гIуцIана гьеб улка. РакIбацIцIадго хIалтIана гьеб къуватаб, цебетIураб букIинабизелъун. Руго гIадамал гьеб Союз биххи лъугьинчIого рес гьечIеб хIакъикъат букIанин абулелги. Амма кинабгIаги лъугьинчIого хутIизе рес гьечIолъи гьениб букIинчIо. Дица гьедин абуна ва хьвана кидаго. Гьеб букIана пачалихъалъулги партиялъулги нухмалъулезул гъалатIазулги бажари гьечIолъиялъулги хIасилалда ккараб цIакъго талихI къосараб лъугьа-бахъин. Союз цIуниялъул суал гьоркьоб лъураб референдумалда СССРалъул гIемерисел гIадамаз цогояб пачалихъ цIунизе хIажат букIиналъул рахъ ккун букIиндалха.

Кинабго байбихьана Горбачевасул цIигьабун гIуцIиялдасан. Байбихьуда улкаялъул гIемерисеб халкъалъ гьелъул рахъ ккуна. Халкъалъе цебего хIажат рукIана хиса-басиял. Дицаги кколеб букIана цIигьабун гIуцIиялъул рахъ. Хьулги букIана жамгIият цIилъизабиялъе, ругьунал, щиб кканигийилан цебеккунго ургъарал къагIидабаздаса рорчIиялъе гьелъ квербакъилилан. Щакдарабиги рахIатхвейги рижана жибго цIигьабун гIуцIиялъул иналъухъ балагьидал. Рихьулел рукIинчIо гьабин абун цIар лъезесел киналгIаги хиса-басиял. Гьелъул хIакъалъулъ дица абуна КПССалъул XXVIII съездалдаги, цоги-цоги бакIазда гьарурал дирго кIалъаяздаги. Машгьурав гIалимчи Александар Зиновьевас абухъе, цIигьабун гIуцIи сверана балагьалде.

Улкаялда хиса-басиял гьаризе бегьулаан. РукІана гІемерал лъикІал рахъалги. БукІана гІадлу-низам, социалияб ритІухълъи, цадахъ рекъон хІалтІизе таваккал, гІаданлъиялъул налъи тІубазе жавабчилъи, рухІияб цебетІей. Жакъа гьезул гІемерисел рилана.

Гьеб бичІчІизе кколаро Советияб пачалихъ биххаралдаса хадуб кинабгІаги лъикІаб жого ккечІин абураб магІнаялда. Балагьараб мехалъ, хасго 90 абилел соназул авалалда нилъер неолибералаз кьурал рагІабазулги, гьезул хІасилазулги хІисаб гьабидал, халкъалда батаралдаса халкъалъул билараб гІемерго цІикІкІун ккана. Ахирал соназда, хасго Украиналда ккарал лъугьа-бахъиназдаса хадуб улкаялъул нухмалъулез, Россиялъул Федерациялъул Президент Владимир Путиница гІемераб хІалтІи гьабулеб буго дол неолибералазул реформабазул магІна гьечІел хІасилал лъугІизариялъе ва социалиябгун экономикияб рахъалъ улка цебетІезабиялъе.

Советияб заманалда букІараб лъикІалъеги квешалъеги къимат кьолаго, дида ракІалде рачІуна, доб замнаялъул хІакъалъулъ Расул ХІамзатовасул рагІаби: «Дора гІунгутІабиго гІемер лъикІал рукІана, гьанир ругел тІокІлъабаздаса».

**– МухІу Гьиматович, мун ккола Хунзахъ районалъул ТІануси росулъа. Гьеб район буго гІемер берцинал хаслъабиги лъикІал хасияталги, гІадаталги гІасрабаз жанир куцараб магІаруллъиялъул ракІин абулеб бакІ. Нилъер гІемер цІар рагІарал гІадамалги рахъана гьенисан. Щиб дуца абулеб дурго гьитІинаб ВатІаналъул хІакъалъулъ?**

– ХІакъикъаталдаги дун вуго тарих бечедаб некІсияб росулъа. Жиндир заманалда нижер росулъ букІун буго некІсияб Дагъистаналъул Сарир пачалихъалъул бетІер Суракъат нуцалханасул чІейги. Нижер росдал гІадамаз киналго заманабазда унго-унгояб гІахьаллъи гьабуна Дагъистаналда ккарал кІварцІикІкІарал лъугьа-бахъиназда ва жалго рихьизаруна кидаго лъикІаб рахъалъ. Нижер колхозалдацин, цогиязда релълъинчІеб «Машгьурал гІадамал» абураб цІар букІана.

Сонал анагІан цІикІкІун ракІалъ ахІана гІагараб ТІануси росулъе, эбел-инсухъе. Гьениб буго дир аслу, гьениб буго дир гъансито, гьениб щвана дие гІумруялъул тІоцересел дарсал, эбел-инсул малъа-хъваял, гьенив цІалана дун школалда. Дида киданиги йихьичІо гІодой чІун хІухьбахъулей эбел. Гьей кидаго щиб букІаниги гьабулей, хІалтІулей йикІунаан. Хъизан кІудияб букІиндалха нижер. РакІалдаса унаро, щибаб нухалъ рокъовеги щун дун тІадвуссунаго, гьей чІолаан, лъадал цІураб парччиги босун, тІохил рагІалда, бацІцІадаб магІарул лъеца дие нух битІизелъун. Дир инсуда цІакъ лъикІ лъалаан бечедаб магІарул мацІги, халкъиял кІалзул асаралги. Гьев кІалъа-ралъалаан магІарул кицабаздалъунги абияздалъунги. Эмен лъикІ лъалев вукІарав Расул ХІамзатовцин хІикмалъун вукІунаан гьесул рахьдал мацІалъул бечелъиялда.

Росулъ школа лъугІун хадуб инсуца дун витІана цІализе Избербашалде магІарул лъималазул школа-интерналалде. ЦІалуде гьира букІиналъ лъуна кьучІ дир хадусеб къисматалъе. Дица лъугІизабуна нилъерго университеталъул тарихалъулги филологиялъул факультет. Хадув цІалана

аспирантураялдаги. Гьелъиеги инсул баракат щун батилилан ккола, дир диссертация букIана Дагъистаналъул халкъиял кIалзул асаразда тIасан. Гьеб букIана гIагараб ракьалде, гьелъул гIадат-гIамалалде, хаслъабазде, маданияталде ва философиялде рокьи загьир гьабилъун. Дун щвана киналниги мугIрузул районазде. Дир букIана кIудияб чемодан цIураб гьениса бакIарараб халкъияб творчество. БатIи-батIиял нухмалъиялъул хъулухъазда хIалтIулаго дида ракIалде кколаан кида-къадги гIелмуялде, дирго темаялде тIадвуссинилан, дицаго ракIарарал материалазда тIад хIалтIилилан. Амма гьелъие кинго рес рекъечIо, заман гIечIо, къисмат букIун батилароха. Хадуб дица гьеб чемодан кьуна нилъер машгьурав литературовед Сиражудин ХIайбулаевасухъе.

**– Мун вукIана Верховный Совет хисун гIуцIараб цIияб, захIматаб заманалъул цIияб парламенталъул – Халкъияб Собраниялъул нухмалъулевлъун анцIгоялдасаги цIикIкIарал соназ. Гьел соназда кIвар цIикIкIарал масъалаби кинал рукIарал? Кинал законал рахъиялда тIад гьабураб хIалтIи гьел соназул аслияблъун дуца рикIкIунеб?**

– ХIакъикъаталдаги дун вукIана Дагъистаналъул Верховный Советалъул ахирисевги Халкъияб Собраниялъул тIоцевесевги председатель.

ГIаммаб куцалда босани, анцIила щугогIан соналъ вукIана дун нилъер республикаялъул законал рахъиялъул власталъул нухмалъулевлъун. Амма дол соназдаги гьанжеги нилъер улкаялда аслияб къуватлъун букIана ва хутIулебги буго исполнительнияб власть. Лъица щиб биганиги, я законал рахъиялъул, яги судалъул властал Россиялда жеги рукIине кколеб куцалъ жалго жидедаго чIараллъун лъугьун гьечIо. СССР биххун хадуб халкъалда жаниб рагIи дандеккунгутIаби дагьал рукIинчIо. Цо-цо политикиял къуватазе къваригIун букIана Халкъияб Собрание кидаго исполнительнияб властгун дагIба-рагIиялда букIине. Цогияз абулеб букIана парламент сундаго гьоркьобеги лъугьинчIого, киналгIаги масълабиги тIуразаричIого, ххвел-кIечги гьабун чIезе кколилан. Дица рикIкIуна гьезул цонигияб лъугьинчIилан. Нилъер парламенталъ гьабулеб букIана гIезегIан мухIканго жинда тIадаб хIалтIи ва гьеб гIезегIанго лъикI бихьулеб букIана Федералияб даражаялдацин. КIодо гьабилъун букIинаро, нилъер гIенмерал законал рахъиялъул хIаракатчилъи доб заманалда революциялъун букIанин абуниги. Цогиял регионазда данде ккун Дагъистаналъул парламент гIемерал рахъаз цебетIураблъун букIана. Цо соналъ дун Россиялъул бищун лъикIав спикерлъунцин рагIизавун вукIана. Парламенталъул хIакъалъулъ халкъалда рихьулел, кIвар цIикIкIарал лъугьа-бахъинал гIемер рукIана. Бачинин цо мисал: Нижее бокьун букIана,  законалдаги Конституциялдаги мугъчIвайги гьабун, Россиялдаго депутатазги тIолабго халкъалъго гIадин законалда цебе цого къагIидаялъ жаваб кьолеб хIукму къабул гьабизе. Лъиениги балъгояб жо гуро, гIемерал къасдалги ишалги рацIцIадал гурел гIадамаз унго-унголъунги гьеб неприкосновенность абураб жоялъе гIоло власталде рачIине хIаракат бахъулеб букIин. Депутатасул гIаммаб законалда гъоркье ккунгутIи (иммунитет) гьезие хIажат букIуна жидер машинабазул, мал-мулкалъул, рукъ-бакIалъул гьеб иш тIадал идарабаз хал гьабичIого тезелъун. Депутатал

халкъалъул лагъзал гурелищ кколел? ХIакъикъаталдаги щай гьезул хал гьабизе бегьулареб? Унго-унголъунги, бищунго цебе гьезул хал гьабизе ккола. Гьедин лъун букIана нижецаги суал. Амма нижер хIаракаталдалъул байбихьуда хIасил ккечIо, дандечIеялъул хIалтIи букIана гIезегIан кIудияб. 1999 соналда Дагъистаналде хъачагъал кIанцIун хадуб гьеб хIукму гIумруялде бахъинабизе кIвана. Гьебго заманалда нижеца хIалбихьана цоги кIвар бугеб хIукмуги къабул гьабизе – жидерго хасал мурадазда захIматал такъсирал гьарун судалде ккарал гIадамал депутатлъиялде риччангутIизе. ГIезегIан квалквалалги дандчIван, гIакъубаги бихьун¸кIвана нижеда гьеб хIукмуги гIумруялде бахъинабизе.

Гьеле гьеб кIиябго мисалалъги бицуна доб заманалда власталда кинаб ахIвал-хIал букIарабали ва кигIан захIмат букIараб пачалихъалъул низам щулалъизаби мурадалда дирго пикру цебе бачине.

Амма бакIалъулал законал Федералиял законазда рекъон ккезаризе ккеялъул хIакъалъулъ Москваялда хIукму гьабун хадуб, нилъер прокуратураялъги хIукму гьабуна гьел законал нахъчIвазе. Ахирги гьедин гьабизеги ккана.

Щуго соналъ ниж къеркьана гIисинал халкъазул хIакъалъулъ закон къабул гьабизелъун. Байбихьуда гьеб закон букIана Севералъул кьолболал гIисинал халкъазул масъалаби хIисабалде росун гIуцIараб. Гьелъ нилъер гIезегIанго халкъал къварид гьарулел рукIана. Доб мехалда дун РФялъул Федерациялъул Советалъул член вукIиндал, чанги нухалъ кIалъазе вахъана гьеб законалъул бицун. Цогиязги дир рахъ куна ва закон хиса-басиял гьаризе чанго нухалъ Пачалихъалъул Думаялде тIадбуссинабуна. Дагъистаналъул предложениялги хIисабалде росизелъун. Щуго соналдасан къабул гьабуна гьеб закон Дагъистаналда нижеца бихьизабураб куцалъ.

Дица рехсолел руго доб заманалъул цо-цо мисалал. РакIалде щвезабичIого гIоларо Скалистый шагьаралъе нилъер цIар арав бахIарчи-подводник МухIамад ХIажиевасул цIар тIадбуссинабиялъе нижеца бахъараб хIаракатги. ГIемераб дагIба-рагIи ккана гьеб шагьаралъе бахIарчи-дагъистаниясул, кавказалъуласул цIар кьезе цIакъго цIакъ дандечIун вукIарав Жириновскиясулгун. Гьес абулеб букIана Кавказалда гIурусазул солдатал чIвалеб заманалда, дагъистаниясул цIар гIурусазул шагьаралъе кьезе кинго бегьуларилан. Гьеб мехалда дун ана Мурманск областалде ва гара-чIвариял гьаруна гьеб регионалъул нухмалъулезулгун. Ахир-къадги нилъер мурад тIубана. Гьеб ишалъулъ кIудияб хIаракатчилъи бихьизабуна Скалистый шагьаралъулги Мурманск областалъулги нухмалъулез.

**– Халкъияб Собрание хIалтIана Дагъистаналъул тIадегIанаб пачалихъалъул идаралъун букIараб Пачалихъалъул Советгун Республикаялъул цогоял масъалабиги мурадалги гIуразарулаго, абухъего, цоцазда хьибил цун. Гьеб букIана гIемермиллатазулаб нилъер республикаялда коллективияб президент хIисабалда. Щиб дуца абилеб гьеб цадахъаб хIалтIул хIакъалъулъ ва кинаб кIвар букIараб Дагъистаналъул цIияб тарихалда гьеб идараялъул?**

– 90-абилел соназул байбихьи букIана Дагъистаналъул пачалихъалъул гIуцIиялъеги республикаялъул власталъеги хIалбихьиялъул заманлъун, гьелъул бажариги къвакIиги борцунеб экзаменлъун. Доб политикияб рахъалъ захIматаб заманалда Пачалихъалъул Совет гIуцIи букIана битIараб ишлъун. Дагъистаналъул киналго халкъазул тIалабал хIисабалде росулеб пачалихъалъул нухмалъиялъул идара доб мехалда чара гьечIеблъун букIана.

СССР биххаралдаса хадусел 1991-1994 сонал нилъер тарихалда рукIана цебеселдаса улка рикIкIаралъаб, цIиябги жеги гIуцIичIеб, цо гIуцIиялдаса цогиялде рачIиналъулаб заманлъун.

Гьеб заманалда Дагъистаналда байбихьана миллиял багъа-бачариязул хIаракатчилъи. «Тенглик», «Садвал», «Цадеш», «Бирлик» ва гIемерал цогидалги гIуцIаби лъугьана хIакъикъиял къуваталлъун. Щибаб миллаталъул рижана жиде-жидер багъа-бачариял. Гьезул цо-цоязе бетIерлъи гьабулеб букIана сабруги, бичIчIиги бугел, ахIвал-хIалалъе битIараб къимат кьезеги лъалел гIадамаз. Цоги гIуцIабазулин абуни рукIана хIакъикъияб ахIвал-хIалалъухъ балагьичIого, кинабго жидеца абухъе букIине кколин чIарал бутIрул. Гьез цо-цо мехалъ цере лъолел рукIана тIуразарунцин бажаруларел тIалабал. Камун рукIинчIо жидеего цIар-реццалъе гIологи цоги-цоги тIокIлъаби ралагьизелъунги лъугьунелги. Гьединаз халкъалда гьоркьоб багъа-бачари ккезабизе хIаракат бахъиялъул хIужабиги камун рукIинчIо.

ХIажаталлъун кколел рукIана, ахIвал-хIал хIалуцунгутIизе, щибаб суалги гIакъилго борца-къотIун, гьел гIадамазулгун кидаго гара-чIвариял гьаризе. КIудияб хIинкъи букIана республикаялда унго-унголъунги ахIвал-хIал хIалуциналъул. Верховный Советалда кIвана батIи-батIиял рахъаздаса рачIунел гьединал гьужумал нахъчIвазе. Цо-цо гьалагал гIадамаз цо нухалда гуро суал борхараб, дун, МухIамадгIали МухIамадов ва цогидалги советияб заманалъул нухмалъулел цIияб власталда хIалтIизе бегьуларилан. Гьединал чагIи доб мехалда нухмалъиялде ккун рукIаралани, республикаялда кинаб хIал букIине букIарабали хIисаб гьабизе жакъа захIматаб жо гуро. Кколаан доб заманалда гьезухъ гIенеккизеги, гьезулгун берцинго гара-чIвариял гьаризеги, гьебго заманалда ахIвал-хIал хIалуцунгутIиялъе тадбирал гьаризеги. Гьеб букIана цIакъ кIудияб жавабчилъиялъул иш. Цадахъаб хIалтIуца хIасилги кьуна. БатIи-батIиял къуватазул тIалабал рищадго цIунулеб пачалихъияб нухмалъи доб заманалда киназего данде кколебги санагIатабги букIана.

**– Советияб Дагъистаналъул нухмалъулев хIисабалдаги, хадубккунги республикаялдаго цадахъ дудаги дандчIвана Совет Союз биххиялъулги, социалияб хIалуциналъулги, миллатазда гьоркьосеб рагIи дандеккунгутIабазулги лъугьа-бахъинал. Кинаб къимат дуца кьолеб доб заманалъе жакъасеб къоялъул борхалъудасан балагьараб мехалъ? Щиб гьабизе кколеб букIараб ва щиб гьабичIого тезе кколеб букIараб республикаялда ахIвал– хIал батIайиса букIинелъун?**

– Доб букIана кинабго гIаксалдехун сверараб, хIатIал эхеде, бетIер гIодобе буссараб заман. Масала, вукIана цо депутат дица сессия рагьилалде трибунаялда эхетулев. Дуе щиб абизе бокьун бугеб абун гьикъидал, гьес

абулаан дие халкъалда цеве вахъун кIалъазе бокьун бугилан. Гьединаб суал жакъа нилъеца гьоркьоб лъолеб гьечIин дица абидал, гьев чIолаан: те гьел партиялъул къагIидабиян. Гьедин кколаан кидаго. Жакъа гьеб махсаро хIисабалда ракIалде щвезабизе бегьула. Амма доб заманалда гьеб букIана цIакъ хIинкъи цIикIкIараб иш. Парламенталда ккараб бокьараб дагIба-рагIиялъул хIасил кинаб ккелебали лъалароан. Майданалде ракIарулаан гIемерал гIадамал. ЗахIматаб социалиябгун экономикияб хIал жидерго мурадазда хIалтIизабизе хIаракат бахъулелги чагIи рукIиндалха. Митингалги ахIи-хIурги гIемерал рукIана. УргъичIого абун борчIараб цо рагIиялъги республикаялда цIа бакизе рес букIана.

Нилъер тарихалда цIакъ хIалуцараблъун букIана Дагъистан Россиялда гьоркьоб, гьелъул субъектлъун букIине ккеялъул тарихияб хIукму гьабулеб заман. Гьеб суал хIабургъинабулеб букIана Чачан Республикаялда ккарал лъугьа-бахъиназги, Жовгьар Дудаевас гьениб ккураб нухалъги. Гьеб низамалъ Дагъистанги рагъулъе цIазе хIаракат бахъулеб букIана. Нилъер гIорхъода гьарулел рукIана яргъид гIуцIарал гIадамаз гъалмагъирал, Дудаевасул хъачагъал кIанцIана Гъизляралде, лъала нилъеда Первомайскиялда ккарал талихI къарал ишал.

Республикаялда жанибги цебе тIолеб букIана диниябгун политикияб экстремизм, социалиябгун динияб хIалуцин. Гьарулел рукIана терракталал, рикъулел рукIана гIадамал, рижизарулел рукIана Россиялда данде чIарал пикраби гIадамазулъ. Гьелъул хIасиллъун ккана 1998 соналъул маялда яргъид гIуцIарал гIадамаз Дагъистаналъул ХIукуматалъул мина бахъи, Карамахи ва Чабанмахи росабалъ лъиего мутIигIлъуларел исламиял бакIал лъугьин, ахирги 1999 соналда Дагъистаналде халкъазда гьоркьосел хъачагъазул къукъаби Чачан республикаялдаса кIанцIи.

Дагъистаналъул парламенталъ гIемераб хIалтIи гьабуна гьел соназда республикаялда рагъ-кьал ккунгутIиялъе, иш гьединаб хIалалде сверунгутIиялъе. Гьеб бичIчIила Халкъияб Собраниялъул данделъабазда гьарурал дир кIалъаял цIалаpазда. Амма пашманаб жо, кIвечIо гьеб гъалмагъир нахъчIвазе.

Дагъистаналъул парламенталъги гIемераб хIалтIи гьабуна 1999 соналда хъачагъазул къукъаби рачахъиялъе. Лъугьун бугеб ахIвал-хIалалъул бицун дун гIемер кIалъазе ккана Москваялда гуревги, Брюсселалдаги Берлиналдаги халкъазда гьоркьосел батIи-батIиял данделъабазда.

Рес букIанищ Дагъистаналда гьел талихIкъосарал лъугьа-бахъинал ккечIого хутIизе? БукIана. Нух къазе кколаан криминалиялги криминалалде гIагарлги гIадамазе ва батIи-батIиял кланазе нухмалъиялъул ишазде рачIине. Гьединго кколаан, кинаб нух батунги власталда хутIизелъун гуреб, дагъистаниязул гIаммал мурадазда рекъон иш гьабизе. Гьеб букIана дол соназда гьарурал дир киналго кIалъаязул магIнаги.

**– Халатаб ва бигьаяб гуреб нух букIана дур политикаялда. Щал дуцца рикIкIунел дурго аслиял мугIалимзабилъун, щал дуе кколел политикаялда хиси гьечIел къадруял гIадамаллъун? Дурго политикиял оппонентаздехун кинаб бербалагьи букIараб ва гьабсагIатги хутIараб дур? Щал дуца рикIкIунел дурго политикиял гьалмагъзабилъун?**

– Дие битӀккана. Дие кӀалъа-бацазе рес щвана ГӀабдурахӀман Данияловгун. 12 соналъ хӀалтӀана райкомалъул секретарлъун МухӀамадсалам ГӀумахановас Дагъобкомалъе нухмалъи гьабулеб заманалда. Хадуб щуго соналъ вукӀана МухӀамад Юсуповгун цадахъ. Гьел ккола тӀадегӀанаб даражаялъул дагъистаниял. ЦӀакъ кӀудияб асар гьабуна дие Данияловас. Гьес цӀакъ гӀадатияб къагӀидаялъ абуна дида политикаялда бищунго аслияб жоялъул хӀакъалъулъ. ГӀабдурахӀман Данияловичас абуна политикияб хъулухъалда, хасго гьеб кӀудияб бугони, къосине рес бугел гӀемерал лахӀзатал рукӀунин. ХӀакимлъиялъул хӀалтӀи бокьа-бокьарав чиясда хӀехьезе кӀолеб хӀалбихьи гурин. Гьес абуна нухмалъиялъул хӀалтӀуда цӀакъ гӀемерал квалквалал дандчӀвазе рес бугин. Гьелъ чиясда тӀадаблъун гьабулин жиндирго цӀарги, чилъиги, къадруги цӀунизе. Жеги гӀолохъанго вукӀиналъ, дос бицаралъул гӀемераб жо жеги дида бичӀчӀулеб букӀинчӀо. Дос абуна, нухмалъиялъул хъулухъалда хӀалтӀулев чиясе жиндирго гӀагарлъицин унго-унгояб хӀалбихьилъун букӀунин. ЦӀакъго къиматал рукӀана гьесул пикраби нухмалъулесул намус-яхӀалъул хӀакъалъулъги. ГӀабдурахӀман Данияловасул пикраби хӀажатал рукӀана советияб заманалдаги, кӀвар цӀикӀкӀарал руго жакъа къоялдаги.

Дица цӀакъ хӀурмат гьабулаан Евгений Примаковасулги. Гьев вачӀун вукӀана Дагъистаналдеги, гьудуллъи букӀана Расул ХӀамзатовасулгунги. Гьединлъидалин ниж мех-мехалда дандччӀвалаан. Гьесие бокьулаан Дагъистан ва дагъистаниялгун дандчӀвалаго, нилъер къагӀидаялъ «Ассаламу гӀалайкум!» – илан абулаан.

**– Дуца президентлъи гьабулеб цӀияб къарнуялъул авалги расги бигьаяб букӀинчӀо. Экстремизмалъул жигарчилъи цӀикӀкӀараб, терракттал гӀемераб, машгьурал гӀадамал чӀвалеб, гьелде тӀадеги экономикияб рахъалъ цӀакъго нахъе республика ккараб заман букӀана гьеб. Социалиябгун экономикияб ахӀвал-хӀал рукӀалиде бачиналъе щиб гьабун бажарараб дол соназда? Кинаб букӀараб аслияб цебетӀей ва гьабичӀого щиб хутӀараб гьеб заманалда?**

– Дагъистаналъул президентлъун дун вищана 2006 соналъул авалалда. Гьеб заманалде щуго сон ун букӀана хъачагъазул къукъаби щущахъ рихизаруралдаса. РакӀалде кколаан республикаялъул гӀумруялъул цӀияб тӀамач рагьанин ва Дагъистан кинабго рахъалъ цебетӀезабизе байбихьизе бегьилин. Амма гьеб лъугьинчӀо. Дагьабго заман гьоркьоб индал цӀидасан байбихьана терракттал, гӀадамал рикъи, республикаялдаса гӀадамал къватӀире ин. Дун президентлъун вачӀинегӀан кӀиго соналъ (2004-2005с.с.) гьарун рукӀана бищунго гӀемер терракттал. 1999 соналда рагъ бугеб заманалдасаги гӀемер чӀван ва лъукъун рукӀана гьел соназда халкъалъул парахалъи цӀунулел идарабазул ва цогидалги гӀадамал. Экономикаялдаги букӀинчӀо расниги лъикӀаб хӀал. 50 проценталдасаги цӀикӀкӀун гӀадамал хӀалтӀулел рукӀана жидеего щолеб хайирги балъго гьабун. Даран-базаралъул ва рукӀа–рахъиналъул хъулухъазулги бащадалги рукӀана балъгояб къагӀидаялъ хӀалтӀулел. Гьел ва цогидалги нилъер республикаялда ругел гӀунгутӀаби рихьизарун рукӀана Россиялъул президентасул ЮФОялда вугев вакиласул

аппаратальъ хIадурараб «Дагъистан Республикаялда бугеб ахIвал-хIал ва гьеб рукIалиде ккезабиялъе гьаризесел хIалтIаби» абураб справкаялда. Нилъер республикаялъул цо-цо газеталгун журналазда бахъунги букIана гьеб.

Дир масъала букIана республика гьел киналго гIунгутIабазул хьуцIилъа къватIибе бахъи. Нижеца байбихьана гьеб хIалтIи модернизациялъул нухаздалъун. Ресалин абуни цIакъго мукъсанал гурони рукIинчIо. Квалквалал гIемерал рукIана: тухумчилъи, политикаялдаги экономикаялдаги хъизамчилъи, гражданлъиялъул обществоялъул инстиутал загIипал гурони рукIинчIелъул, хIалтIи бажарулел гIадамал гьечIолъи ва цоги цогидалги рахъал.

Амма хадубккун иш лъикIлъизе букIиналде хьул бихьизабулел хIужабиги рукIана *(идеологиял, экономикиял ва социалиял)*. Жеги цIунун хутIараб промышленнияб ва гIелмиябгун техникияб инфраструктура, захIматалъул сурсатал, гIелмиял, маданиял ва лъай кьеялъул ишазе гIадамал рукIин. Гьоркьохъеб классалдаги дагь-дагьккун рухI речIчIулеб букIана.

Политикияб хIалтIи цебе бачунеб букIана нухмалъиялъул идарабазде халкъалъул божилъи бижиялде, гражданлъиялъул обществоялъул ва правовияб пачалихъалъул кьучIал гIуцIиялде, нухмалъиялъул къагIида демократияблъун лъугьинабиялде, экономикиябги социалиябги цебетIеялъе шартIал гIуцIиялде ишанги босун. Гьелъие квербакъана административияб, пачалихъалъул хъулухъазул ва бакIалъулаб самоуправлениялъул, бюджеталъулабгун налогазул бутIаялъул реформабаз. ГIуцIана пачалихъалъул хъулухъазде конкурсалъулаб нухалдалъун гIадамал росиялъул къагIидаги.

Нижеца кидаго кIвар кьолеб букIана инфраструктура цIигьабиялъул ва цебетIезабиялъул, энергетикаялъул, телекоммуникациялъул, хасго мугIрузул районазде нухал гьариялъул ва газ бачиналъул суалазде. Цо гара-чIвариялда киналъулго бицине рес рекъеларо. АбичIого гIоларо, исполнительнияб власталъул Федералиял идарабаз, хасго Россиялъул Федерациялъул президент Владимир Путиница унго-унголъунги рахъ кколеб букIана киналго нижеца байбихьарал ишазул. Хасго ракIалде щвезабизе бокьун буго, Дагъистаналъе кIвар цIикIкIараб лъугьа-бахъинлъун букIараб 2008 соналъул февралалда гьес Болъихъе гьабураб сапар. Президентасда цадахъ рукIана лъай кьеялъул, сахлъи цIуниялъул, транспорталъул, жанисел ишазул, оборонаялъул министрал, ФСБялъул директор, Газпром ОАОялъул правлениялъул председатель, цогидалги жавабиял гIадамал. Гьениб хIукму гьабуна гендерил тоннель цIигьабун къачIазе, Дагъистаналъул мугIрузул районазде газ бачине, республикаялъул энергетика цебетIезабизе, нухал гьаризе.

ЛъикIлъана Дагъистаналда диниябгун политикияб экстремизмалде данде гьабулеб къеркьей. Рихьулел хIасилал рукIана гIадамазе рукIа-рахъиналъе шартIал лъикIлъизариялъул рахъалъги.

Пашманлъизе ккараб хIужа, Владимир Путин Россиялъул президентасул хъулухъалдаса ун хадуб ахIвал-хIал хисана. Медведевасул заманалда, жиндирго гуреб гIайибалдалъун захIматаб ахIвал– хIалалде ккараб регион хIисабалда Дагъистаналдехун гьабулеб бербалагьи хисана, дандбан хIалтIи гьаби лъугIана. Гьеб киналъулгоги цогидал масъалабазулги хIакъалъулъ дица хъван буго Москваялда къватIире рачIарал дирго тIахьазда.

**– Мун политикияв хIаракатчи гуревги, жамгIияб ва миллатазул гьоркьосеб разилъиялъул суалазда тIад хIалтIулев гIалимчиги вуго. Гьел масъалабазул теориялда тIад хIалтIизе гуребги, республикаялъул нухмалъулев хIисабалда дурго гIелмиял концепциял хIакъикъияб гIумруялде рахъинаризеги ккана дуца. ГьабсагIат сунда тIад мун хIалтIулев вугев?**

– РАНалъул Философиялъул институталда гьабсагIатги дун хIалтIулев вуго разилъиялъул хIакъалъулъ теория хIадур гьабиялда тIад.

Гьеб институталъул сборникалда бахъана дир «Социализм: философская истина и аксиологическое правдоподобие» абураб макъала. Цогияб макъалаялда цIар буго «Глобализация и международный терроризм» абун.

Дир лъикIаланго макъалаби руго территориалияб цебетIеялъул социалиялгун философиял масълабазул бицарал. Гьеб темаялъе сайгъат гьарурал руго Москваялда къватIире рачIарал дир «Выбор курса» ва «Неожиданный поворот» абураб тIахьал.

**– ТIадегIанал хъулухъазда ругел нухмалъулел гьарулел ишазул гIемерлъиялъ къасиги къадги хутIула хIалтIуда, гIемер ине ккола командировкабазде. Гьединлъидал, хъизан-лъималазда, гIага-божаразда гIемер рихьизе щоларо. Щиб дуца абилеб дурго хъизан-лъималазул хIакъалъулъ? Кинаб асар гьезие гьабулеб дур гIемерсоназулаб нухмалъиялъул хIалтIуца?**

– Дун вуго, хъулухъалъул ишалъе тIири хутIичIого заманги тIолабго жигар-жанги кьурал гIадамазул цояв. Гьединлъидал, дун регIичIо хъизаналде, лъималазде, гIагарлъиялде. Дир тIолабго заман хIалтIуда унаан. Хъизан-лъималазе кьезе гьеб цIакъго дагь гурони хутIулароан. Гьанже хIаракат бахъулеб буго гьеб кинабго хисизабизе, битIизабизе. Доб заманалда жидедасаго рикIкIалъаралъухъ гьанже дидаса хъизан-лъималаз рецIел босула (велъула).

*Гара-чIвари гьабуна республикаялъул*
*Литературиял журналазул бетIерав редактор,*
*Мурад АХIМАДОВАС.*









## ТАРИХАЛДА ТАРАБ ЛЪАЛКІ

*Инсаниятальул тарихалда цІаралги хутІарал, лъалкІалги тарал гІадамазул гІелмиябги, гІакълиябги, жамгІиябги, политикиябги хІаркатчилъи киналго заманабазе гІахьалаб букІунин абун буго цо гІакъилас. Гьел рагІаби рачІуна ракІалде анцІ-анцІ соназ Дагъистаналъулги гьелъул халкъалъулги къисматалъул жавабчилъи тІаде ккаразул цояв, гьездасанги ункъо соналъ республикаялъе бетІерлъиги гьабурав, исана гІумруялъул 80 сон тІубалев, политикиявги, жамгІиявги, гІелмиявги хІаракатчи МухІу ГІалиевасул пикру гьабулаго. Чияс рарал соназул бицунарин, гьесул хІакъалъулъ бицине жо бугониян абуниги, рарал соназул борхалъудасан балагьулеб гІадат буго нилъер, гІадамас нахъатараб нухалъухъ. Гьеб нухин абуни М.ГІалиевасул гІезегІан бечедаб, лъугьа-бахъинал гІемераб, бицинеги борцинеги жо гьарзаяб букІараблъи лъала киназдаго. КПССалъул обкомалъулги Дагъистаналъул Верховный Советалъулги ахирисев нухмалъулев, республикаялъул Халкъияб Собраниялъул тІоцевесев председатель, Дагъистаналъул тІоцевесев президент. Гьеб чанго хІужаялъ цІакъ гІемераб жоялъул бицуна. Тарихги кІудияб, къисматалги ракІалги бечедал гІадамаздалъунги рагІараб магІарул гьитІинабго ТІануси росулъа цоги гІелцоязулго гІадин гІадатго байбихьараб гьесул къисматалъе къачІан батана кІудияб роржен – Дагъистаналъул политикиябги, жамгІиябги, гІелмиябги гІумруялда бищунго тІадегІанаб бакІ, республикаялдаги гьеб бахун къватІибехунги гьеб киналдаго рекъараб машгьурлъиги цІарги.*

### 1.

Политикиялгун жамгІиял хъулухъазул борхалъуде вахине МухІу ГІалиевас гьитІинго анищ гьабулеб букІарабищали лъаларо, амма гІелмуялде гьесул рокьи букІараблъиялъул бицуна Избербашалъул тІоцебесеб гьоркьохъеб школа гІарцул медалалда ва ДГУялъул тарихалъулгин филологиялъул факультет багІараб дипломалда лъугІизабиялъги, хадубги гьебго вузалъул аспирантураялдаги цІалун, философиялъул гІелмабазул кандидатлъиялъул диссертация 28 сон балелде цІуниялъги.

ГІуцІарухъанлъиялъул махщел МухІу Гьиматовичасулъ тІатун батизе бегьула ЦІумада районалъул Гъоркьа Гьакварииб росдал гьоркьохъеб школалда хІалтІулаго. КІиго соналда жаниб вахана гьев учительлъиялдаса директорасул хъулухъалде. Гьенисан ана живго цІалараб университеталъул комсомолазул гІуцІиялъул секретарлъун. М.ГІалиевасда ракІалде гьечІеб жолъун букІана аспирантураялдаса хадуб МахІачхъала шагьаралъул комсомолалъул комитеталъул тІоцевесев секретарьлъун вищи. Гьеб букІанин абизе бегьула гьесул политикиябги жамгІиябги гІуцІарухъанлъиялъулги нухде тІамураб тІоцебесеб гали. Лъана гьесда гІумру, гІадамал, вихьана гьевги, гьесул хІаракатчилъиги жинда сверухъ ва тІадехун ругездаги. 1972 соналда М.ГІалиев вищана МахІачхъала шагьаралъул партиялъул цІигІуцІараб Советский райкомалъул тІоцевесев секретарьлъун. Доб мехалъ гьеб хІукмуялде данде чІаралги рукІана. Гьеб бичІчІулеб жоги букІана. Горком комсомолалъул тІоцевесев секретарьлъиялдаса партиялъул

райкомалъул тIоцевесев секретарьлъиялде бачIинахъего чи вачин, хасго тахшагьаралъул, цебеккун нилъер кIудияб пачалихъалда букIараб жо гуро. КIиабизеги – доб мехалъ лъебералда цо сон гурони букIинчIо ГIалиевасул. Гьев кколаан улкаялдаго бищунго гIолохъанав партиялъул райкомалъул нухмалъулев. Гьеб битIараб хIукму букIин, жибго заманалъги МухIу Гьиматовичасул хIалтIул хIаракатчилъиялъги бихьизабуна. МахIачхъала шагьаралъул Советский райкомалъе анцIила лъабгогIанасеб соналъ нухмалъи гьабуна МухIу ГIалиевас. Гьеб райкомги букIана Дагъистаналъул цогидал райкомаздаги горкомаздаги гьоркьоб бищунго лъикIазул цояблъун.

Улкаялда цIияб багъа-бачариялъе кьучI лъезе байбихьараб 1985 соналда КПССалъул Дагъистаналъул обкомалдаги ккана хиса-басиял. Гьеб мехалда обкомалъул бищунго аслияб ва жавабчилъи цIикIкIараб гIуцIарухъанлъиялъулгун партиялъул отделалъе нухмалъи гьабизе тIамуна МухIу ГIалиев. Цадахъго вищана обкомалъул бюроялъул членлъиялде кандидатлъунги. Щуго соналъ гьеб отделалъе нухмалъи гьабуна МухIу ГIалиевас. Доб заманалда республикаялъул жавабиял хIалтIабазда рукIаразда лъикI лъала гьесул хIаракатчилъиги жавабчилъиги.

1990 соналда вищана гьев КПССалъул Дагъистаналъул обкомалъул тIоцевесев секретарьлъунги КПССалъул ЦКялъул членлъунги. Гьеб букIана лъабкъоялда анцIгоялдасаги цIикIкIарал соназ кIудияб пачалихъалъе нухмалъи гьабураб КПССалъул къисмат цIадирабазда лъураб захIматаб заман. МухIу ГIалиевасда лъикI бичIчIулеб букIана Горбачевасул кьучI гьечIеб политикаялъ улка кибе бачунеб бугебали. Гьеб бихьула ЦКялъул плениумаздаги партиялъул XXVIII съездалдаги гьес гьарурал кIалъаяздасан. «Гьадинаб нухдасан пачалихъ бачунеб бугони, дуца пачалихъги биххула, партияги биххула, цIад бан хадуб буртина ретIарав чиясда релълъун мунги вукIуна», – ян абуна МухIу Гьиматовичас жиндирго кIалъаялда Горбачевасда. Гьедин ккезеги ккана. Гьебго къагIидаялъ гьев данде чIарав вукIана Ельцинил кьучI гьечIеб политикаялдаги. ГIемер кIалъана, бицана гьев улкаялъул президентлъун вищизе бегьулев чи гурин. Доб заманалда рахъарал газетаздаги, хадуб тIахьаздаги гьел кIалъаял руго. Амма Дагъистан тун къватIибехунни киса гурин, нилъерго республикаялдацин гьесухъ гIенеккулеб хIал букIинчIо. Гьелъул ккараб хIасилги нилъеда киназдаго лъала.

## 2.

ГIемеразда ракIалде кколеб букIана компартия биххиялда цадахъго МухIу ГIалиевги Дагъистаналъул политикиябгун экономикияб гIумруялда гьоркьоса анилан. Гьеб гьедин ккезе бокьаралги рукIана. РакIалде щвезабизе бегьила 1991 соналъул октябралда Дагъистаналъул Верховный Советалъул председателасул заместительлъун МухIу Гьиматович вищулаго букIараб ахIвал-хIалги, XVI сессиялда гьес гьабураб кIалъайги.

1993 соналъул ахиралда Россиялъул нухмалъиялъул гIуцIабазда ккарал хиса-басияздаса хадуб Дагъистаналдаги исполнительниябги законодательниябги властал цоцзадаса ратIа гьаруна. ГIуцIана Пачалихъияб Совет ва бищана цIияб парламент – Халкъияб Собрание. Жиб бищараб къоялдаса анцIила цо соналъ гьелъие нухмалъи гьабуна МухIу ГIалиевас. Гьесде тIаде ккана кьучIдасанго цIияб парламенталъул хIалтIи гIуцIи, гIумруялъул тIала-

баздаги улкаялъул законаздаги, щибаб къойил хис-хисулеб ахIвал-хIалалдаги, киналго рахъалги хIисабалде росун, гьелъул хIаракатчилъи рекъезабизе.

Гьел сонал пачалихъалъеги халкъалъеги бищунго захIматал рукIана. Заман букIана бокьарас бокьараб гьабулеб. Гьеб букIана Ельцинил «баракаталдалъун» щвараб блицприватизация ва «шоковая терапия».

Дагъистаналдаги долункъоялда анцIабилел сонал цояб цоялдаса захIматал рукIана. Бикъа-хъамиялъги чIел босун букIана. Гьеб гуребги, мадугьалихъ бугеб Чачан Республикаялда кIиго нухалъ ккараб рагъалъги ахIвал-хIал захIмалъизабун букIана. ГIадамазул гIумру-яшав квешаб, язихъаб хIалалде ккун букIана. Хадубги Карамахи, Чабанмахи... ва ахирги 1999 соналда ккарал рагъулал лъугьа-бахъинал. Гьеб киналъулго хIакъалъулъ, М.ГIалиевас гьелъие кьолеб букIараб къиматалъул бицунеб буго гьесул «В поисках согласия» абураб тIехьалда рахъарал кIалъаяздаги гьесулгун гьарурал гара-чIварияздаги.

Парламенталъул бетIерас 1999 соналда Дагъистаналда рагъулал лъугьа-бахъинал ккезегIан чанго соналъ цебего Халкъияб Собраниялъул сессияздаги МахIачхъалаялдаги, Москваялдаги, цоги бакIаздаги кIалъалаго бицунеб букIана экстремизмалъул къуватазул республикаялъе бугеб хIинкъиялъул, рихьизарулел рукIана балагьалъ нилъер нуцIида кIутIилелде гьеб нахъчIвазе ругел нухалги ресалги. Гьел киналго кIалъаял жиндир заманалда печаталда рахъунги рукIана. Амма М.ГIалиевасул гьел кIалъаязул доб мехалъ кколеб хIасил гьабичIо. Хадубги киназдаго лъала, доб мехалда Оборонаялъул министрлъун вукIарав И.Сергеевги гIахьаллъун 1999 соналъул 12 августалда букIараб Дагъистаналъул Пачалихъияб Советалъул данделъиялда МухIу Гьиматовичас гьабураб кIалъаялдаса хадуб лъица щиб гьабулеб бугебали лъалареб куцалъ унеб букIараб рагъул ахIвал– хIал хисараб куцги гьелъул хIасилги.

Дол соназда Халкъияб Собраниялъ къабул гьарурал республикаялъе кIвар бугел законазулги хIукумабазулги гIемер бицине бегьула, гьелъие лъикIаланго заманги хIажалъила. Гьеб бицинарин. Амма гьаниб рехсечIого гIоларо дол соназда Халкъияб Собраниялъ къабул гьарурал законазул аслияздасанги аслиябин абизе бегьулеб, мугIрузда ругел киналго районазе цIакъго кIвар бугеб «Гочинабун гIи-боцIи хьихьулел ракьазул хIакъалъулъ закон». Гьеб закон хIадур гьабулаго, гьелда тIад хIалтIулаго гIезегIан заманги ана, рукIана ргIи дандеккунгутIиялги. Ахирги кIвана киналго разияб куцалъ гьеб закон къабул гьабизе. МухIу Гьиматовичас борхана депутатазул неприкосновенностилан абулеб, гьел щиб такъсир гьабуниги тамихIалдаса цIунулеб къагIида хвезабиялъул ва чIахIиял такъсирал гьарурал гIадамал депутаталлъун риччазе бегьуларин абураб суалги. Гьеб пикруялъул рахъги ккун, Халкъияб Собраниялъ гьединаб хIукмуги гьабун букIана. Амма Россиялъул законазде данде кколарилан гьеб хIукму хадубккун хвезабуна.

Гьеб киналъулго хIасилалда Дагъистаналъул Хлакъияб Собраниялъул председатель лъугьана Россиялъул регионазул парламентазул бутIурзда гьоркьов бищунго рикIкIунездасан, къадру-къимат гьабулездасан цоявлъун. Гьелъие нугIлъи гьабула МухIу ГIалиевасе 2004 соналда лъагIалил спикер абураб цIар кьун букIараблъиялъги, цоги-цоги хIужабазги. Гьеб киналъего квербакъун батила гьесие дунялалъулго законал рахъиялъул идарабазул хIалбихьи гъваридго лъаялдаго, гIумруялъул жакъасеб хIакъикъат бичIчIиялдаго цадахъ, парламенталъул хIалтIул жиндирго хIалбихьи букIиналъги.

М.ГІалиев вуго Россиялдаго рикІкІунев, гьеб бахун къватІивехунги лъалев политик. 1996 соналдаса 2001 соналде щвезегІан гьев вукІана Россиялъул Федерациялъул Советалъул член, гьелъул Халкъазда гьоркьосел бухьеназул рахъалъ комитеталъул председателасул заместитель. «Россия-Европаялъул союз» парламентазул цадахъ рекъон хІалтІи гьабиялъул бюроялъул член, Европаялъул Советалъул Парламенталъул ассамлеялъул член (ПАСЕ), ЧІегІераб ралъдал экономикияб цадахъ рекъон иш гьабиялъул Парламенталъул ассамблеялъул член (ПАЧЭС), Европаялъул бакІалъулал ва регионалияял властазул конгрессалда Россиялъул Федерациялъул (КМРВЕ) вакил.

Чанго рагІиялдалъун рехселин МухІу ГІалиевасул гІелмияб хІаракат-чилъиги. Гьев ккола философиял гІелмбазул доктор, профессор, анцІго тІехьалъул ва анцІ-анцІ гІелмиял макъалабазул автор. Гьесул хІалтІаби рахъана «Вопросы философии», «Философские исследования», «Вестник Российского философского общества», «Федерация» абурал журналазда ва цоги басмабазда. МухІу Гьиматовичасул биография ва гьесул хІалтІабазул аслиял пикраби рахъун руго «XIX-XX гІасрабазул Россиялъул философал» абураб словаралда.

ГІелмуялдаги гьесул хІалтІабазулъ буго цебеккун цогияз бицинчІеб цІилъи, цогияз бокьинабичІеб нух. Россиялъул цІар рагІарав философ, академик В.С.Степиница М.ГІалиевасул «Согласие» абураб монографиялъе хъвараб цеберагІиялда абулеб буго: «М.ГІалиевасул хІалтІабазул тІокІлъи ккола гьес социалияб философиялда цІиял рахъал рагьулел рукІин. Гьесда ратун руго социалиял суалал тІуразариялдалъун маслихІаталде рачунел лъикІаланго нухал. М.ГІалиев ккола Бакуялъул университеталъул хІурматияв докторги».

**3.**

Партиялъул хІалтІуда къого ва парламенталда къоло микьго соналъул хІалбихьи букІана МухІу ГІалиевасул Дагъистаналъул тІоцевесев президентлъун вищулеб мехалда. Цебеккун нилъер республикаялъе хасиятаблъун букІинчІеб президентасулаб нухмалъиялъул къагІидаги кьучІдасанго гІуцІизе ккана гьесде.

ГьитІинаб росдадаса байбихьун кІудияб улкаялде щвезегІан батІалъи гьечІо, бокьарав нухмалъулесул аслияб масъалаги, гьесул хІалтІуе къимат кьолеб роценлъунги, халкъалъул гІумру-яшав лъикІлъизаби букІунеблъи лъалареб жо гуро. Цоги хутІанщинаб, гьеб рахъ роцІанагІан жибго жиндасанго лъикІлъула. Дагъистаналъул тІоцевесев президентлъун вищараб къоялдаса байбихьун, гьеб масъала аслияблъун букІана МухІу ГІалиевасе. КъватІисан тІалаб гьабунги жанисел ресаздаса пайда босунги гьеб рахъалде буссараб букІана республикаялъул нухмалъулесул хІалтІи.

Абизе бегьула, СССР биххаралдаса хадусеб заманалда гьел рукІанин Дагъистаналъе цебетІеялъул соналлъунилан. Аслияб кІвар кьуна халкъалъул гІумру, рукІа-рахьин лъикІлъизабиялде. Щибаб моцІалъ кватІичІого, камичІого щвана гІадамазе харжал. Зама-заманалдасан цІикІкІинаруна бюджеталдасан харжал щолел гІадамазеги, пачалихъиялгун муниципалиял хъулухъчагІазеги харжал. Киналго школазул байбихьул классазул цІалдохъабазе кьезе байбихьана къадеквен. 30 проценталъ







цIикIкIинабуна лъималазе щолеб пособие. Республикаялда цебе хIалтIулъ хасаб тIокIлъи бихьизабурал, пачалихъалъул хъулухъазда хIалтIарал гIадамазе щибаб моцIалъ кьезе байбихьана тIадеги гIарац. Налогал ракIари лъикIлъизабиялъул хIасилалда цIикIкIинаруна журналистазе, театразул актеразе, библиотекабазул хIалтIухъабазе ва цогидалги гьединалго бакIазда хIалтIулел гIадамазе харжал.

Культураялъул бутIаялда гьарурал хIалтIабазул бицунаго ракIалде щвезаризе бегьула: цIигьабун къачIана МахIачхъалаялда ясикIабазул театр, Дербенталда бана лезгиязул театралъе мина, рагьана «Бажари бугел лъимал» абун цIар лъураб центр. КIиго нухалъ цIикIкIинабуна пачалихъияб издательствоялъе тIахьал рахъизе биччалеб гIарац. Москваялда тIоритIана Дагъистаналъул культураялъул къоял.

Дол соназда республикаялда бана 57 школа, кIудиябниги гьитIинабниги 75 сахлъи цIуниялъул бакI. Гьезда гьоркьор рехсезе бегьула республикаялъул кардиологиялъул центр, физиотерапевтияб центр, бан рагIалде бахъунеб букIана травмотологиялъул центрги.

264 километралда гьаруна шагьранухал. Бана 31 кьо. Хъил тIуун къачIана Рутулалде, Гъумекибе, Болъихъе унел шагьранухал. Хъил тIун къачIан рагIалде рахъунел рукIана ЦIурибе ва МелъелтIе ругел шагьранухалги. «Россиялъул юг» программаялда рекъон, 2008 соналдаса 2012 соналде щвезегIан республикаялъе биччазабизе кIвана лъабго миллиард гъурущ лъадал мухъал рацIцIад гьариялъе. 57 росулъе бачана газ. Анищ гьабуни гурони, хьул лъезе бакI букIинчIо нилъер магIарул районазде газ бачIинилан. Гьеб анищ хIакъикъатлъун лъугьана МухIу ГIалиев президентлъун вугеб заманалда. Газ щвана Болъихъ, Гумбет, Хунзахъ районазде. Цо мугIрузул районалде бачиндал гьеб цогидазеги щвела хадубккун. Гьединлъидал, гьеб рахъалъ гьабураб хIалтIигицин хутIила МухIу Гьиматовичасул нилъер хадусел гIелазе тараб даимаб лъалкIлъун. Гьединго щуго миллиард гъурущ биччазабун букIана гьес мугIрузул районазе цIакъго кIвар бугеб гендерил туннель къачIаялъеги. 2010 соналъул ахиралде туннель рагьизе хIисабалде босун букIана.

Гьал руго МухIу ГIалиевас ДРялъул президентлъун вукIараб ункъо соналъ гIадамазул гIумру лъикIлъизабиялъе гьарурал тадбиразул цо-цо хIужаби. Гьаниб рехсон бажариларо ресукъал, мискинал гIадамазе, гьезул гIумру лъикIлъизабиялъе гьабурабщинаб кумекги кверчIвайги. Гьеб гIезегIанго букIана. ГIадатияв инсанасул ахIвал-хIал бичIчIулев, гьединазул тIалаб-агъаз гьабизе хIаракат бахъулев, халкъалъул гIузрабазухъ ракIунтун балагьулев нухмалъулев вукIана МухIу Гьиматович.

Цо жакъасеб къоялъул гуребги, нилъер халкъалъул хадусеб къисматалъулги хIисаб гьабун, букIинеселде ишанги босун гIуцIун букIана М.ГIалиевас жиндирго хIалтIи. Дол соназда хIадур гьабуна «Бажари бугел лъимал» абураб республикаялъулаб программа. Улкаялъул цIар бугел вузазде ва батIи-батIиял пачалихъазде цIализе ритIана лъайги махщел-гьунарги бугел гIолилал. Хасал бакIал гьединал цIалул заведениязда, хасго Страсбургалда тIалаб гьаруна ресукъал, мискинал хъизамаздаса лъималазе. Гьанибго абун телин, бесдал лъималазе ва тIалаб гьабизе чи гьечIел лъималазе 2009 соналда республикаялда тIоцебе кьуна 138 рукъ. Гьединалго лъималазе гьебго къадаралда рукъзал кьезе 2010 соналъул бюджеталдаги бихьизабун букIана гIарац.

БатIи-батIиял цIирагьиязе щибаб соналъ кьуна президентасул нус-нус грант. Гьелги аслияб къагIидаялъ кьуна гIолохъанаб гIелалъул специалистазе. Гьединго цIалулъги хIалтIулъги тIокIлъи бихьизабурал студентазеги цогидал гIолилазеги кьуна нус-нус чиясе гIарцулал сайгъатал. Мех-мехалда тIоритIулаан МахIачхъалаялдаги Москваялдагим студентазулгун дандчIваял.

Презиндетасул хIалтIул цоги цIияб, лъикIаб рахъалъун рехсезе бегьула конкурсалъулаб къагIидаялъ гIадамал, хасго гIолохъанал специалистал хIалтIуде роси. Гьедин, доб ункъо соналда батIи-батIиял бакIазде хIалтIуде восана 600 чи.

Рагьана республикаялъул президентасулгун бухьен гьабиялъул линия. Гьелъ рес кьуна гIадамазул масъалаби лъазариялъе, гьезул гIумруялъул ахIвал-хIал бичIчIиялъе, гIузраби лъазариялъе. Гьединго щибаб моцIалъ районаздаги шагьараздаги тIоритIулааан информациялъулал къоял.

МухIу Гьиматовичас президентлъун вугел соназдаги гьелде щвезегIанги хIаракат бахъана хасал мурадал ругел, замнаялъул чвахиялъ лъалъан рухI речIчIарал гIадамаздаса рикIкIад чIезе, хIасилал кинал кканиги, ритIухъаб нух кквезе. Бикъуларев. Босуларев. РитIухъав. – Гьел рагIаби абулаан МухIу ГIалиевасул цIаралда цадахъ гьев лъалезги лъаларезги, гьев къабуллъулезги къабуллъуларезги. Къабуллъулез – чIухIигун, къабуллъуларез – цо гIажаибаб разилъи гьечIолъигун. Гьел хасиятазе ритIухъавлъун хутIана МухIу Гьиматович доб Гъоркьа Гьакьвариб гьоркьохъеб школалъул учительлъун хIалтIизе лъугьараб тIоцебесеб къоялдаса байбихьун, Дагъистаналъул президентлъиялъул хIалтIул ахирисеб къоялде щвезегIан. ВукIинчIо гьев Москваялъул цо-цо политиказ килищ битIанщинаб гьабулев президентлъунги. Мисаллъун рехсезе бегьила Самур гIоралъул суалалда тIасан централъулгун гьесул букIараб рагIи дандеккунгутIи. Гьесие аслияблъун букIана Дагъистанги гьелъул гIадатияб халкъги.

*Журналалъе хъвалеб макъалаялда МухIу ГIалиев гIадав къисмат бечедав, гIумруялъул нух берцинав, гIемер рахъазулаб хIаракатчилъиялъул инсанасул хIакъалъулъ гIатIидго бицине бажаруларебльи лъалеб жо буго. Гьединаб масъала цебе лъунги букIинчIо. Лъолеб бугони гьединаб масъала цебе, бегьила гьесул хIакъалъулъ хасаб тIехь хъвазе. Гьебги букIина квер цIалтунеб, цIаларав чиясе росизе гIемерал мисалал жанир ругеб тIехь. Гьанибин абуни, МухIу Гьиматовичасул 80 сон тIубай ракIалде щвезабулаго, рехсон тана гьесул хIалтIул хIаракатчилъиялъул цо-цо рахъал. Гьездасангицин бихьула Дагъистаналъул гьанжесеб тарихалда унго-унголъунги мустахIикъаб лъалкI тарал дагьалго гIадамазул цебесеб кьерда гьев вукIин. М.ГIалиевасул гIумруялъул, накъищал рекъарал болъодул хIокIазул хIисаб гьабулезда, бихьаразда, лъалезда гьеб лъикI бичIчIулебги батила. БичIчIизе бокьуларезда щибха гьабилеб. Гьеб гьезул иш буго.*

*МагIарулазул буго цIакъ гIадатго абулеб, амма магIна кIудияб, къисмат берцинав инсан абураб рагIи. Гьеб цIаралдаса кIудияб шапакъатги букIунеб батиларо чиясе. Шапакъатал гIемерав МухIу Гьиматович ГIалиевасда (гьел гьанир рехсолел гьечIо) гьесул къисматалъул тIохьол тIамчалги регун, хIисаб гьабидал, ракIчIун абизе бегьула Къисмат берцинав инсан абун.*

***МухIамад ПАТАХIОВ***

## МУХIУЛ ХIАКЪАЛЪУЛЪ ЦОДАГЬАЛ РАГIАБИ

ГIалиев МухIул бицинеги хъвазеги ккани сагIталги гIеларо, газеталъул тIамчалги гIеларо. ГIолохъанго хIалтIана Дагъуниверситеталъул ва МахIачхъала шагьаралъул комсомол гIуцIабазул руководительлъун. Цинги вищана тахшагьаралъул партиялъул Советский райкомалъул тIоцевесев секретарьлъун, хадувги Дагъобкомалъул аслияб отделалъул заведующийлъун. МухIу ккола КПССалъул обкомалъул тIарамагъадисев бетIерлъун ва Дагъистаналъул Верховный Советалъул Президиумалъул ахирияв председательлъун вукIарав чи. Республикаялда Халкъияб Мажлис гIуцIараб къоялдасан байбихьун, гьаб жакъа къоялде щвезегIан МухIу хIалтIулев вуго гьеб тIадегIанаб идараялъул тIоцевесев председательлъун.

ГIалиев МухIул тIадегIанаб къадруялъе нугIлъи гьабулел хIужаби гIемер руго. Масала, гьев ккола Россиялъул Федерациялъул Советалъул халкъалда гьоркьосел ишазул комитеталъул председателасул заместитель. СНГялъул улкабазул парламентазда гьоркьосеб ассамблеялъул социалияб политикаялъул комитеталъул член, ЧIегIераб ралъдалги Тихий океаналъулги улкабазул парламентазул союзазул член. ХIасил, Дагъистаналдаги, Россиялдаги, Европаялдаги, Азиялдаги жигараб куцалда ва берцинаб къадруялда ГIалиев МухIу гIахьаллъулареб парламент, яги парламентарияб союз цониги гьечIо. Гьел идарабазул хIурматиял масъалабазда хурхун МухIу щввана гIемерал улкабазде – Франциялде, Германиялде, Румыниялде, Бельгиялде, Швейцариялде, Китаялде, Кореялде, Турциялде, СНГялъул улкаби рехсечIого телин. Гьел улкабазул тIадегIанал мажлисазда ва данделъабазда МухIуца гьабураб лъикIаб гIахьаллъи ва цIаларал магIнаял докладал дунялалъул батIи-батIиял мацIазда тIиритIизарун руго. Дагъистаналъул вакил хIисабалда гьев хIалтIула Россиялъул парламенталда ва Россиялъул вакил хIисабалда – Европарламенталда. Гьеб ишалда жаниб ГIалиев МухIул даража бичIчIизе ккани нилъеца пикру гьабизе ккола гьел киналго сапаразда гьев вукIин ялъуни Россиялъул делегациябазул бетIерлъун, ялъуни бетIерасул заместительлъун.

ХIакъикъат лъаларел гIадамазда ракIалде ккезе бегьула Дагъистаналъул Халкъияб Мажлисалъул председателан вукIун, гьениб президиумалда гIодовги чIун, бокьа-бокьарал депутатазе кIалъазе рагIи кьей гурони МухIуца гьабулеб жо щибилан. Гьеб ккола цIакъ тIекъаб ва жагьилаб пикру. ЦохIого-цо мисал бачинин. МухIуца бетIерлъи гьабулеб лъабго-ункъо соналда жаниб Дагъистаналъул парламенталъ гьоркьоб лъун къабул гьабун буго 80– гIанасеб закон. Гьелъул магIна лъазе ккани, лъазе ккола закон гьечIони улка хIалтIулареблъи, иш билълъунареблъи, гIадлу холеблъи. Закон къваригIуна хIукуматалъеги, халкъалъеги, жив-жив чиясеги. Гьеб закон хIадур гьабизе ккани, гьелда тIад хIалтIула гIемерал







гIадамал-специалистал, гIалимзаби, идараби… Нужеего хIисабалъе цо мисал бачинин. Ункъо– щуго сон унеб букIана гIи-боцIи гочунел ракьазул статус чIезабулеб законалъе нух кьоларого. Жалго республикаялъул хIакимзаби рукIана хIинкъун, гIадамазда гьоркьоб цощинаб гъалмагъир багъаризе гурилан. 1996 соналда ГIалиев МухIу вахъана гьеб иш бетIералде босарав чи. Гьесда кIвана парламенталда бичIчIизабизе закон гьечIолъиялъ рачине ругин нилъ унго-унгояб гъалмагъиралде абун. РакIалда батила лъарагI ракьалда доб гъутабазда тIасан букIараб дагIба - рагIи. МухIул жигаралдалъун къабул гьабуна закон ва гьеб законалъ тIокIаб тIад кIалъаларедухъ щула гьаруна гъутабазул ракьал гьенире гочарал магIарулазда кодор. Гьеб иш рагIалде бахъинабуна МухIуца. Бицинейищха ккелеб гьелъие цохIо хIакимлъи гIолареблъи. КъваригIуна гIакълу-лъайги, адаб-хъатирги, берицнаб мацIги, щулияб рагIиги, дипломатия ва гьелда цадахъ – бахIарчилъиги.

ГIалиев МухIул лъикIлъиги, гIакълу-лъайги, бажариги борцине цоги мисал бачине бокьун буго. Чанго соналъ цебе Пачалихъияб Думаялъ, гIемераб дагIба-рагIиялдаса хадуб, кигIан дандечIарал чагIи рукIаниги, гьебги хIисабалде босичIого къабул гьабуна гIисинал, рикIкIен дагьал халкъазул закон. Гьеб законалда рекъон Дагъистаналъул гIисинал миллатал ращад гьарун руго Россиялъул Севералда щущан ругел халкъазда. Бихьизабунги буго гьел халкъал жалго жидедаго чIарал жамагIаталлъун рикIкIине. Масала, кубачиял, хайдакъал, бежтIал, чIамалал ва гь.ц. жалго жидетIаго рукIине ккелила, даргияздаса ва магIарулаздаса батIаго. Законалъ биххизабулеб буго Дагъистаналъул халкъазул цолъи, аваразулги, дидоязулги, гIандадерилги гIахьаллъи. Гьеб ккола гIисинал миллатазул мурад цIунулеб ххвелги гьабун, гьел хIакъир гьарулел, жидерго росабалъ чIаян гьезие гIатIидаб дунял гьукъулеб закон. ГIалиев МухIу вахъана гьеб сурараб законалде данде, гьес ракIарана гьеб законалъул киналгIаги далилал ва магIна гьереси гьабулел хIужжаби, кумекалъе ахIана гIалимзаби ва гьеб кинабго босун лъуна Россиялъул парламенталъул тIасияб палатаялда цебе. Гьелда тIасан мухIканаб ва кьучIаб доклад гьабулев чиги ккана МухIу. Гьелъул хIасилалда Федерациялъул Советалъ нахъе чIвана нилъеца рехсолеб закон. Чан комиссия гIуцIаниги, чан нухалъ тIатIала руссун хассаб агьлуялъ къасдал гьаруниги, ГIалиев МухIул жигаралъги тIадчIеялъги гьеб закон цебе бахъизе биччачIо. Гьебги ккола МухIул таваккалги бахIарчилъиги.

Мисалал цоги-цоги рачине бегьилаан. Бицине бегьилаан депутат хIисабалда МухIуца гьабулеб хIалтIул. Дида лъикI лъала гьеб рахъалъ МухIул ракIбацIцIадаб, жавабчилъи цIикIкIараб хIалтIи, росабазул жамагIатазеги жив-жив чиясеги гьесдасан щвараб кумекги квербакъиги. Амма дица гьеб цоги батIияз бицине тела, рагIи кье жалго жамагIатазе, биччанте бицине кинав депутат жидер вугевали ва кинавлъун гьев вукIине жидее бокьилебали.

Гьелъул бакIалда цо-кIиго рагIи абизе бокьилаан МухIул хIакъалъулъ гIадан хIисабалдаги, чи хIисабалдаги.

Дида МухӀу лъала гьесул гӀолохъанлъиялдасаго. Дун гьесдаса анцӀгоялдасаги цӀикӀкӀун соналъ кӀудияв вуго. Вугониги ниж лъикӀал гьудулзаби руго. Кинасан дунял хисаниги, нижер божилъи хвечӀо, гьудуллъиги биххичӀо.

Бищунго рикӀкӀадаб сапаралъ унев чи щиван гьикъани, аби буго, ункъабго бокӀон битӀарав гьудул валагьулев чи кколилан. БитӀараб бицани, МухӀул гьетӀараб бокӀон дидаго батичӀо. Рецц гьабун абулеб рагӀи гуро, я берцинал сипатал тӀасарищун кӀалъалев чи гуро. БитӀараб калам гьабулеб мех буго.

МухӀу вуго саламатав чи. Лъайги буго, гӀакълуги буго, гӀелмуги буго. Цин гали тӀамилалде ва рагӀи абилалде – анцӀул ургъула гьев ва нусцӀул борцуна. Тохаб, гьалагаб, рекъечӀеб жо гьесдасан киданиги борчӀун батиларо. Жиндаго ричӀизе кӀоларел кӀулалги раларо МухӀуца, кӀалаъ бичизе бажарулареб гарацӀги баларо гьес. Жиндир хӀал гӀолареб иш тӀадеги босуларо, тӀубазе рес гьечӀеб рагӀиги кьоларо. Амма кьураб рагӀи тӀубачӀого толеб гӀадатги гьечӀебха. Абулеб рагӀиги гьабулеб ишги цоцалъ рекъарав¸ мухӀканав, жиндир каламалда жаниб квартӀа кӀутизе жагъалаб бакӀ толарев чи ккола МухӀу.

МухӀу вуго сабурав, гӀадатияв, чӀухӀи гьечӀев, адабияв, хӀалимав инсан. ЛъикӀлъи гьесда кӀочонаро, квешлъи хӀелмуялда жаниб бачуна. КӀвараб кумек гьабичӀого толаро, кумекги гӀемерисеб цо-цо хасал чӀунчӀудухъабазе гуро гьабулеб, жамагӀаталъе гьабула. Гьев вуго гӀадамазда божулев чи. ХӀатта жиндие гьабураб хиянатцин баччула гьес, – щибха гьабилеб гӀадамазул загӀиплъиялда абун.

Амма ракӀалде ккоге, МухӀу вугин щиб гьабуниги бегьулев, щиб абуниги тӀад рекъолев, дунялалъул батӀалъи гьабуларев чийилан. МухӀу вуго унго-унгояв бахӀарчи. Бищунго гьев рекъолареб жо ккола тӀекълъи, мекълъи, квешлъи. ГӀадамазул мурад цӀунун тӀекъал пишабазде, мекъал хӀалтӀабазде, хъубал къасдазде данде МухӀуца гьабулеб къеркьей буго ракӀбацӀцӀадаб, хӀалалаб, баракатаб ва гьелдаго цадахъ таваккалаб иш. Гьерсил агълу гьесда лъала раккудасанго. Гьеб рахъалъ МухӀу ккола жанисанги тӀасанги вацӀцӀадав чи. Гьеб лъала гьесул гьудулзабаздаги ва гьесул тушбабаздаги. Элги ругелха гьесул. Тушман гьечӀев бихьинчиги вукӀунарелъул. Гьеле гьеб рацӀцӀалъи буго МухӀул бищунго гучаб ярагъ.

КигӀан такрарлъулев вукӀаниги, цоги нухалъ абилин: МухӀу вуго кверги ракӀги бацӀцӀадав, рагьарав, жиндир бахчизе жо гьечӀев, лъидасаго нечезе бакӀги гьечӀев чи. Гьелдаса кӀудиябгидай букӀунеб инсанасул талихӀ! МагӀарулазда бихьун батила, я рагӀун батила Хлакъияб Мажлисалъул гьаб ахирияб лъабго сессиялда МухӀуца гьабураб хӀалтӀи, абураб рагӀи, гьикъараб кӀал. Дун гӀахьаллъана лъабабго мажлисалда. Гьенив МухӀу вукӀана жиндирго ролалда. Чодул кьолонив вукӀана. Гьесда кодоб кагътил тӀамач гуро букӀараб. РекӀелъа рахъун абулел ва гӀужда речӀчӀулел рагӀаби рукӀана. цониги бакӀалда къосинчӀо, таричӀо, такрарлъичӀо. ЧӀантӀица гӀадин бухӀ-бухӀизабула хӀалчӀахъадица гьерсихъабаздаги, цӀогьаздаги. ЦӀар абичӀониги, цӀа букӀана хъамалчагӀазул гӀадалъан, пирхулеб. ЦохӀо

МухIул кIалъай хутIизегIан гIинда чIвалеб сас букIинчIо залалда. Гьале ниж, гьеле нуж – гьединаб букIана бицен. Гьеб букIана таваккалаб иш, бахIарчияб хIалтIи, мискин халкъалъул хIалалда ракI унтун ва гьезул къисмат цIунун абулеб лъикIав магIаруласул калам.

Баркала, хирияв вац МухIу, дуе – гьедин абуна гьеб къоялъ дагъистанияз жиндир бищунго лъикIал васазда гьоркьосаги лъикIасда.

Щибила МухIуца магIарулазе гьабураб лъикIлъиян рагIула цо– цоязул хабар-кIал? Дидаги рагIана гьеб тайпаялъул суалал. Щалха гьел, гьедин кьвагьдолел чагIи? Гьел ккола гIемерисел жидеего лъикIаб хъулухъги балагьулел, кредиталги тIалаб гьабулеб агьлу. Амма, МухIу гьеб макъамалъул чи гуро. Кредиталги гIарацги МухIул дунял гуро. Гьезул руссун – цоги батIиял кавабахъ буго. Гьеб агьлуялда гьеб гIемер берцинго лъала. Лъаниги какдола, щайгурелъул, МухIуда тIад лъолел бугьтанал гIемерлъанагIан цIикIкIунелъул гьелъухъ щолеб мухьги. Гьединаб буго реформачагIазул билълъараб гIадат доб Москваялдаги, нилъерго гьанибги.

ГIалиев МухIу вуго жиндирго ишалда. Баракат лъейги, МухIу, дудаги дур рахъ ккураздаги ва дуца тIаде босараб бацIцIадаб борчалдаги. Мун вукIинги гIураб талихI буго нижер.

***ХIамзатил ХIАЖИЯВ,***
***«Росдал захIматчи» газета, 24 ноябрь 1998 с.***



## МУХIУ ГIАЛИЕВ ГIАДАВ ГIАДАН ВОКЬУЛА ДИЕ

Дунго херлъун вугониги, хадуб бачIунелъул пикру гьабичIого хутIулеб гьечIо. Халкъалъул ургъел гьабуларев чи – пайда гьечIев чилъун рикIкIунев ватана умумазго.

Рокьула дие лъай бугел гIадамал. Хиралъула дие жинца тIаса бищараб пиша нухтIа бачине кIолел гIадамал. ГIагарлъун рихьула дида рацIцIалъи цIунизе кIолел гIадамал. Гьеб лъабабго рахъ жиндилъ букIиналъ вокьула дие МухIу ГIалиев.

Жиндаса Россиягицин бохарав президентлъун вихьизавуна МухIу ГIалиевас живго. Жиндаса вацIцIадав чи щивго ватиларилан абиледухъ хIалтIана гьев. ЛъикIаздаса цIакъавлъун лъугьана МухIу ГIалиев Дагъистаналъе.

«Хуриса ГIалил гIадал лъимал лъугьаги» абун бала рахьи нилъер гIадамаз жакъа. Жиде-жидер нухдасан унел руго МухIу ГIалиевасул вацалги. Цо лъиениги гьабизе ккечIо гьес кумек. КверчIвазе ккечIо гьесул хъулухъалъ гьезда.

Ккарабаниги гьабилароан МухIу ГIалиевас законалдаса бахъараб жо.

Гьесул напсалда данде кколареб жо буго тухумчилъи.

МухIу ГIалиевас гIумруялъ лъиениги ришват кьун бугилан рагIичIо.

Лъихъаниги ришват босарав чиги гьев гуро.

Бокьараб хIалтIуе хIалалаб къимат кьезеги лъала гьесда.

ХIалтIизе бугеб гьунарлъун бихьула дида – анцIила лъабазарго чиясе хIалтIул бакI батизе кIвейги, гьебги цохIо соналда жаниб.

Миллион квадратияб метраялде бахун рукъзал разе рес батиги.

Нусиялда лъебералда микьго бестIалазе квартираби кьезе санагIат гьабиги. КIудияб ВатIанияб рагъул гIахьалчагIиги, росал рагъда паналъарал хъизаналги жанир чIолел бакIазе гьес гIамал гьабиги. Живго лъикIав лъугьун гIолохъанал литераторазе, художниказе, композиторазе, аспирантазе, студентазе стипендия чIезабиги.

Гьесул жигаралдалъун гурищ рагьараб Хасавюрталда консервабазул завод. Дербенталда лезгиязул театр бараб, сахлъи цIуниялъул объектал разе гьарурал, цIиял нухал рахъарал, кьоял рарал, лъинал рахъарал.

Гьев президентлъун ккаралдаса хъулухъалъул бакIал ричи лъугIанилан гурищ МухIу ГIалиев какулезгицин хъвалеб бугеб. Сталинил хъачIлъиги какулеб, МухIу ГIалиевасул сабурлъиги какулеб къагIида бичIчIуларо дида. ЦинтIаго тIагIинабизе кIолеб жойищ кIудиял балагьал рукIунел?

Рекъелги, икъбалги, талихIги Дагъистаналъул халкъазе букIинабизе гурищ нилъер МухIу ГIалиев къеркьолев вугев?!

***ГIабасил МАХIАМАД***
***2009 сон***

## МУХIУ ГЬИМАТОВИЧ ДИЦА ДИРГО МУГIАЛИМЛЪУН РИКIКIУНА

МухIу Гьиматовичасул хIакъалъулъ гIезегIан жо бицине кIола дида. Цевегоялдаса лъала дида гьев. Дагъистаналъул Пачалихъияб университеталда цIалулеб заманалда дица тIуразарулаан комсомолалъул организациялъул тIадкъаял, хадув вукIана гьенивго профкомалъул председательлъунги. Гьел соназда ккана МахIачхъала шагьаралъул КПССалъул Советский райкомалъул тIоцевесев секретарьлъун вукIарав МухIу Гьиматовичасулгун дир лъай-хъвай.

Дие гьанже, гьоркьор гIемерал сонал ун хадубги, рохалил асаргун ракIалде щвезабизе рес буго 1973 соналъул апрелалда МухIу Гьиматовичасул кверзухъан щун букIана партбилетги. Армиялдаса дун КПССалъул членлъиялде кандидатлъун вачIун вукIана. Партбилет кьолаго гьес дида абун букIана «мустахIикъав инсанлъун вукIаян». МухIу Гьиматовичасул гьел рагIаби дица къабул гьаруна дие кьолеб гIумруялъул тIадкъай кинигин ва хIаракат бахъана гьезие ритIухъавлъун вукIине.

Гьоркьор сонал ун хадуб, МухIу Гьиматович КПССалъул обкомалъул гIуцIиялъулгун партиялъул отделалъул заведующийлъун хIалтIулеб мехалъ дие битI ккана. Рес щвана гьесул нухмалъиялда гьеб отделалда хIалтIизе. Дол соназда щвана дие гьесдасан гIумруялъулги, гIуцIарухъанлъиялъулги, политикиялги унго-унгоял дарсал.

Хадуб Агул райисполкомалъул председательлъун дун вугеб заманалдаги тIечIо нижер бухьен, хIажатаб гIакълуги кумекги гьарун гьесухъе унаан дун бищун цеве.

1992 соналда тIоцебе гIуцIана нилъер республикаялда миллиял ишазул ва къватIисел бухьеназул министерство. Гьеб министерствоялъе бетIерлъи гьабизе лъикIаблъун бихьизабидал, дие захIмат букIана гьелда разилъизе. ЦIияб, жеги нилъер республикаялда букIинчIеб министерствоги цIидасан гIуцIизе кколеб, жеги нилъер гьаниб хIалбихьи гьечIеб ишги букIана гьеб. Дирго пикрабазул бицун тIоцебе гIакълу дандбана МухIу Гьиматовичасулгун. Гьес дир ургъел бигьа гьабуна, хIажалъи ккаралъуб кумек гьабилиланги абуна. ХIалтIизеги дун ккана битIахъе гьесул нухмалъиялда гъоркь. Доб мехалъ МухIу Гьиматович вукIана ДРялъул Верховный Советалъул председателасул заместительлъун.

Гьесда цIакъ лъикI ричIчIула ва лъала политикиялги экономикиялги масъалабиго гIадин миллиял суалалги. Гьеб дагъистаниязда бихьула ва лъала гьесул кIалъаяздасанги гьес хъварал хIалтIабаздасанги. Цогиялъул бицинчIониги, рехсон тела гьесул кицилъун рикIкIине бегьулел рагIаби: «Цо миллаталъул масъалаби тIуразарун бажаруларо цогидал миллатазул мурадалги хIажалъабиги хIисабалде росичIого» – илан абула МухIу Гьиматовичас.

ГӀаммаб куцалда босани, МухӀу Гьиматович вуго тӀадегӀанаб рухӀияб бичӀчӀиялъул инсан, гъваридаб, гӀакъилаб пикруялъул политик. РФялъул парламенталъул делегациялъул бетӀер хӀисабалдаги гьелда цадахъги къватӀисел пачалихъазде араб мехалъ гьесул хӀаракатчилъиялъги гьарулел кӀалъаязги нугӀлъи гьабула гьев дунялалъулго даражаялъул политик вукӀиналъе.

Амма рекӀекълъизе ккараб жо, гьесие жеги нилъер республикаялда мустахӀикъаб къимат щун гьечӀо. Дирго рахъалъ абуни, МухӀу Гьиматович дица дирго мугӀалимлъун рикӀкӀуна. Гьелдаса дун вохаравги вуго.

*МухӀамадсалихӀ ГУСАЕВ,*
*ДРялъул Миллияб политикаялъул, информациялъул*
*ва къватӀисел бухьеназул министр, 2000 с.*

---

## КЪУЧӀАВ ИНСАН

**ГӀадамазулги, росдал жамагӀаталъулги, халкъалъулги берзукьги, гӀинзукьги, мацӀалтӀаги вугев чиясул хӀакъалъулъ хъвазеги бицинеги бигьаяб иш гуро, хасго гьев вугони хӀукуматалъул бищун тӀадегӀанал идарабазул цоялъул нухмалъулевлъун, гьебги гьаб хӀалуцараб, хӀацӀихараб, гӀемерисезе гӀорхъи тун захӀматаб заманаялъ.**

Гьанже хӀукуматги, хӀакимзабиги какуларев чи мацӀ лъаларев гурони гьечӀелъул, киназдаго ракӀалде ккола кинабго квешлъиялъе, бецӀлъиялъе, хъачӀлъиялъе, мискинлъиялъе аслулъун, гӀиллалъун кколин щивав хӀакимилан. Гьеб кинабго чорокабщинаб жиндир напсалъеги, къадру-къиматалъеги къабуллъуларев чи вукӀинеги вукӀунарин, ватизеги ватуларин абураб пикру бижизабун буго захӀмалъиялъ къакъалел ругезул рекӀелъги ботӀролъги.

Амма гьеб хӀакимлъиялъул, тӀадегӀанлъиялъул авалалде, иццде раккани, бичӀчӀула ва лъала гьелъ унго-унгояб хӀакъикъат ва ритӀухълъи, мустахӀикъабищ гьеб, ялъуни хъанда талихӀищ? Гьединаб авалалда, байбихьуда цадахъ цӀализеги, гӀумру гьабизеги, цоцазе пикраби, ургъел рагьизеги ккана дица Халкъияб Мажлисалъул председатель, философиял гӀелмабазул доктор, машгьурав жамгӀияв хӀакаратчи, Хунзахъ районалъул ТӀануси росулъа Хуриса ГӀалил вас МухӀуги. Гьеб заманаялда гьев вукӀана гӀицӀго студент, гьесул букӀинесеб лъалевги цохӀо Аллагь вукӀана.

Байбихьудаго абизе ккола ва рекъараб буго Дагъистаналъул пачалихъияб университеталъул филологияб факультеталда цӀалулел ругел нижер цогиниясул гьедигӀан кӀудиял хьулал ва аницал рукӀинчӀилан. Цере чӀарал масъалабиги рукӀана цӀакъго гӀадатиял: гӀурус ва магӀарул мацӀалъул учительзабилъун рахъин ва гьелъие хӀажатаб лъай щвей.

Амма гьеб масъала тӀубаялъе бахъулеб жигар, гьабулеб чӀаголъи жив-живасул жиндиего хасаб букӀана.

Гьелъул рахъалъан МухIул цогидаздаса бихьулеб тIокIлъи ва жигар букIана. БатIи-батIиял районаздаса рачIарал гIолилазда данде ккун гьесда лъикI лъалаан гIурус мацI, гIарцул медалалда лъугIизабун букIана шагьаралда школа-интернат, гьелдаго рекъараб щун букIана тарбия-лъай.

Гьединаб даражаялда гьоркьохъеб школа лъугIарав улкаялъул бокьараб тIадегIанаб цIалул заведениялде экзаменал кьечIого восулаан. Гьесин абуни тIаса бищана университеталда доб заманаялъ бищун рикIкIунареб факультет.

Амма гьесие хадусеб гIумруялъулъ гьеб батана нухтIе бараб тIех гIадаб, баракатаб ишлъун. Дагъистаналда, Москваялда, къватIисел улкабазда гьарурал гьесул кIалъаял рагIарав чи хIайран гьавичIого толаро гьезул рацIцIалъиялъ, мухIканлъиялъ, магIнаялъ, сокIкIиналъ, пикруялъ.

ТIасабищараб ишалде машгъуллъиялъулъги букIана гьесул цо гIамал, щиб суал бугониги, щиб лъазабулев вугониги, гьес гIаммаб баяналда гIей гьабун чIечIого, жигар бахъулаан тIинде ваккизе, кьучI, аслу, тIолабго хIакъикъат лъазабизе. ТIокIаб жо гIеларищ, гьес мухIканал гIатIидал хIасилал хъвалаан жинцаго цIаларалщинал тIахьазул. Щуго соналъул болжалалда гьезул къадар щунусгоялдаса эхеде бахунаан. Гьединаб цIалиялъул хIасилалда щвана гъваридаб лъайги, гьеб балагьизе кканани, къваригIунел шартIалги. КигIанха гьеб хасият хIажат бугеб гьесул жакъасеб хIалтIиялъеги хIаракатчилъиялъеги, кIудияб гъварилъиги камиллъиги жидеца тIалаб гьабулел. ГIелму-лъаялда тIадчIеялъулъ букIана кинабго цIалуда цадахъ гьабулеб хIалтIуда гьорлъ жигараб гIахьаллъи, камулароан цониги ишалъулъ.

Гьезулъ гIахьаллъиялъ кьуна гIуцIарухъанлъиялъул тIоцересел дарсал. ЦIали лъугIизегIан гьев хIалтIана факультеталъул комсомолалъул бюроялъул секретарьлъун.

ГIолохъабигун цадахъ хIалтIизе унаан заводазде, стройотрядазде, гIуру къарал ракьал рекьизе Казахстаналде, гьениб щвараб медальги гьесул тIоцебесеб шапакъатлъун ккана. Студентлъиялъул гIумру гьес тIобитIана гьелъул тIолабго захIмалъиги рохелги баччун, щибго тасамахIлъи гьабичIого.

МагIишаталъул, ресалъул рахъалъан нижеда гьоркьор рукIинчIо тIаса рорчIарал гIолилал, умумаздасан кумек гьари, тIалаб гьаби – гьеб кинацаго рикIкIунаан гIолохъабазда рекъечIеб ишлъун. Гьединаб, бугелда гIей гьабун гIумру гьабиялъ батила бечелъиялде гьираялъул, хъантIиялъул гIаламат МухIулъ бижичIолъиги. Гьединаб хасият жидер напсалъулъ бессарал гIадамазда бадиб рагIи абизе рес ва ихтияр букIинги хIукуматалъул кIудияб ишалда вугев чиясе гIураб рохелги талихIги буго. Хасго жакъасел къояз, машгьурал, тIасанккарал хъамалчагIи цо-цо ккун тамихIалде цIалел ругеб заманаялъ. Гьединал яхI-намусалде, бацIцIадаб гIумруялде, сахаватлъиялде ахIулаго гьаракь къанин МухIулин ккола гьесул гьал ахирал соназ бищун тIадегIанал данделъабазда гьарурал кIалъаял тартибалда цIалидал. Гьелги налъукь хутIичIин ккола, чанго нухалъ гьез жигар бахъана гьесул согIал бадирчIваяздаса эркенлъизе, жидее бокьухъин хьвадизе ресал ралагьизе.

ГIумруялъул ва хъулухъалъул бигьаяб иш МухIуца тIасабищичIо. Жинца гьабичIони, гьеб гьабулев чи щивин вукIинеян ракIалде кколеб букIун

батилин гьесдаян ккола дидаго, гьев ракIчIун божулаан жинда малъулелдаги бицунелдаги.

Щайха хисарав? БагIараб дипломги босун лъугIизабуна университет, гьединазул щуго чи вукIана, нусиялда къогоясда гьоркьов. Гьезул ихтияр букIана тIоцере жанирги ун хIалтIизе бокьараб бакI тIаса бищизе, яги хадубги цIали гьабизе гьанирго теян абизе. Гьаб нухалъги МухIуца ниж гIажаиблъизе гьаруна. Хунзахъ районалда хIалтIизе бакIги букIаго, росулъ жиндир кумекалде хIажатал умумулги гьитIинал вацал-яцалги рукIаго, комиссиялъул гьариялда рекъон, гьес хIалтIизе тIасабищана рикIкIадаб ЦIумада районалъул Гьаквари росдал школа. БатIияб росулъ, цогидаб районалда, гьанжего гьанже хIалтIизе байбихьарав гIолохъанчияс нахъа тана къокъаб заманаялда гвангъараб, реццалъе мустахIикъаб нух: тIасиял классазда гIурус мацI кьей, гьоркьохъеб школалъул завучлъиялъул, директорлъиялъул захIматаб хIалбихьи къваригIунеб хIалтIи. ХIалтIизе бугеб таваккаллъиялъги, жигаралъги, кIвахIгьечIолъиялъги, лъабго соналда жаниб гьес нахъа тана гьесул цIалул гьалмагъзабаз тIубараб гIумру сайгъат гьабизе ккараб нух. Гьеб ишалда цIар, дир хIисабалда, бажари буго.

Жиндирго борчги тIубан, МухIу тIадвуссана аспирантураялде цIализе лъугьине, гьелъие гьесул гIунги тIокIаб лъайги хIадурлъиги букIана. Амма гIумруялъул свери батIайиса ккана, гьесда гьарана университеталъул комсомолалъул секретарьлъун дагьаб заманаялъ хIалтIеян, инкар гьабизе кIвечIого разилъана.

Лъугьана аспирантураялдеги, тIасабищана жинда лъикI лъалеб филология гуреб, цIидасан лъазабизе кколеб философия. КIвахI гьечIого хьвадана росабалъе, ракIарана халкъиял асарал, гьезул кьучIалда хъвана камилаб гъварилъиялъул гIелмияб хIалтIи, цIунана гьеб. РакIалде кколаан, гьанже гьев гIемерал свералабазда сухъмахъги нахъа тун, шагьранухде кканилан.

Ккун вукIун гьечIо, вищана МахIачхъала шагьаралъул комсомолалъул секретарьлъун. Гьезие мустахIикъав, хIалтIи бажарулев хIалтIухъан щвана, амма гIелму махIрумлъана гьайбатаб букIинесеб бугев гIалимчиясдаса.

Дида ракIалде ккола гьев гIелмуялъулъ хутIун вукIаравани, гьесул, кисан ва кин, сундуе гIоло вахъаравали лъаларев гурев, хIакъикъияв академик вахъинаанин, ва гьесул гIелмиял хIалтIабаз бечед гьабилаанин нилъер гIелмуги маданиятги. Кин бугониги, гIелмуялъулгун гьоркьоблъи МухIуца рехун течIо. Гьес жакъа гьабулеб хIалтIулъги дида бихьула гIелмияб хасият, тIабигIат, магIна, ай гIелмуялъул гъварилъиги, мухIканлъиги, кьучIлъиги. ГIелмуялъ малъухъе гIумру гьабулеб букIарабани, кинабго роцIун, бацIцIалъун букIинаан. Гьел кIиязулго мурадал кидаго гуро данде кколел. Гьеб цIакъго баянго бихьула жакъасеб нилъер чIаголъиялъулъги, хIакъикъаталъулъги, ахIвал-хIалалъулъги. Комсомолалъул хIалтIуда МухIу кватIичIо, гьелъулъ бихьизабураб жигарчилъиялъе гIоло вищана тахшагьаралъул райком партиялъул тIоцевесев секретарьлъун. Гьеб хIалтIи букIана нусго батIияб ишалде гьорлъе ваккизе кколеб, гьеб лъикIго бичIчIизеги кколеб, бичIчIараб гIечIого лъикIал даражабаздеги бачине кколеб хIалтIи. Гьеб хъулухъ букIанин ккола гьесул бажариялъул, лебаллъиялъул хIалбихьи гьабулеб экзаменлъун. Доб мехалъ рагIараб жо букIинчIо комсомолалъул хIалтIухъанасе бачIинахъего гьедигIан тIадегIанаб хIалтIи кьолеб.

Хъулухъалъул эхеде рахунеб малиялъул жиб-жиб хIокI нахъа тезе кколаан иргадал, тартибалда. Гъеб хIалтIулъ гъабураб чIаголъиялъ рес кьуна гъеб къагIидаги жибго тун, батIияб нухдасан ине. Обком партиялъул аслияблъун кколеб отделалъул заведующий, гьоркьоб гIемераб заман иналде тIоцевесев секретарь, гъеб биххизабун хадуб Верховный Советалъул председателасул заместитель, Халкъияб Собраниялъул председатель. Гъесул жигарчилъиялъул ахирисел ишал Дагъистаналъул халкъалъул берзукь ана. Щивасул батила гъесул ишазулги, гIамал-хасияталъулги, хьвада-чIвадиялъулги, ритIухълъиялъулги хIакъалъулъ пикруги бичIчIиги.

Данделъабазда, лъалел-хъвалезда, гъудул-гьалмагълъиялда гьоркьоб цогидазулго гIадин, гьесул хIакъалъулъ кIалъай, бицен ккедал, гIемерисезул кIалдисан унеб, гIемерисел тIад рекъолеб калам буго: «МухIу ГIалиев вуго кьучIав чи, кьураб рагIиги батулев, гьабураб къотIиги тIубалев, хъулухъалда жаниб цIахъа-рахъайги гьечIев. Абизе кколеб бакIалда бокьарав чиясда бадибе рагIиги абулев, ритIухъав, вацIцIадав чи».

Жакъасеб къоялда жанибги метерисеб къисматалдаги гьединаб тIадегIанаб къимат жиндие гIадамаз кьей инсанасул бищун кIудияб талихIги, битIккейги буго.

***Сиражудин ХIАЙБУЛАЕВ,***
***1998 сон.***

---

## МУХIУ ГЬИМАТОВИЧ ВУГО ПАЧАЛИХЪИЯБ БИЧIЧIИЯЛЪУЛ ХIАРАКАТЧИ

МухIу Гьиматовичгун цадахъ дун анцIила кIиго соналъ хIалтIана. Гьев Халкъияб Собраниялъул председательлъун вугеб мехалъ, 1998 соналда вукIана гьесул гIакълучилъун, хадубги Халкъияб Собраниялъул экономикаялъулгун финансазул отделалъул начальниклъун. 2006-2009 соназда, МухIу Гьиматович Дагъистаналъул президентлъун вукIараб заманалда хIалтIана президентасул хъаравуллъиялъулгун финансазул управлениялъул нухмалъулевлъун. Гьединлъидал, гьесулги гьесул хIалтIулаб хIаракатчилъиялъулги хIакъалъулъ дагьа-макъаб букIаниги калам гьабизе бокьун буго.

БачIинахъего абила, МухIу Гьиматович вуго кIвахIтун хIалтIизе бокьулев, гьелдаго цадахъ щиб суал бугониги гъорлъе ваккун гьеб мухIкан гьабулев чи. Гьебго тIалаб гьабулаан гьес нижедаса – цадахъ хIалтIулездасаги. Къаси кIиго-лъабго тIубазегIанцин хутIулаан батIи-батIиял суалал тIокIкIинарулел, роцIинарулел. Гьев вуго пикру гъваридав, гIакълу камилав политикияв хIаракатчи.

Нухмалъулесе аслияб шартIлъун ккола жинда цебе лъураб масъала бичIчIи, пачалихъияб къагIидаялъ пикру гьаби. Гьединаз цебе баччана, цебетIезабуна жидер заманалда Россияги цоги-цоги пачалихъалги. Гьебго абизе бегьула МухIу Гьиматовичасул хIакъалъулъги. Амма гьесие жинда ракIалда букIахъе, жиндир бажари-лъаялда рекъон нухмалъи гьабизе, хIалтIи цебехун бачине рес щвечIо. МухIу Гьиматович

партиялъул обкомалъул тIоцевесев секретарьлъун ккана партиялъул рухI лъугIулеб, гьелъухъ кинабгIаги ихтияр гьечIеб мехалъ. Верховный Советалъулги хадуб Халкъияб Собраниялъулги председательлъун гьев вугеб мехалдаги гьеб идараялъул, цохIо законал рахъи гурони, цере гIадал ихтиярал рукIинчIо. Республикаялъул тIоцевесев президентасулги доб Пачалихъалъул Советалъул председателасул гIадал ресалги ихтиялги рукIинчIо. Гьев улкаялъул президентас вихьизавун вищулаан Халкъияб Собраниялъ, мутIигIлъизеги кколаан битIахъего улкаялъул бетIерасе. Амма Дагъистаналъул шагьаразулги районазулги бутIрул хисизе, квеш хIалтIулезе гIадлу гьабизе ва гьелда релълъанщиналъеги Дагъистаналъул президентасул ресалги ихтиялги рукIинчIо. Гьелъие рекъон кколеб закон букIинчIо. Гьединал гIадлуялде рачинеян лъугьани, хIакъаб рагIи гьезда абуни, гьел президентасде данде рахъунел рукIана. Лъиениги балъгояб жо гуро Хасавюрт, Гьизляр районазул, МахIачхъала, Дербент шагьаразул бутIруз ва цоги-цогидазги МухIу Гьиматовичсаде данде чIун, гьесул хIалтIуе квалквалалъе гьарулел рукIаралщинал жал. Гьезул киназулго къисматал кинал ккаралали нилъеда лъала. Гьелдалъун бихьула МухIу Гьиматович витIарав вукIаравлъи.

МухIу Гьиматовичасда лъикIго лъалаан, кинаб бакIалъе пуланав чи мустахIикъав вугевали хIисабги гьабун, кадраби тIасарищизе. Гьелги ралагьулаан конкурсалъулаб нухалдалъун. Президентлъун вугеб мехалда гьес цере рачарал, церехун ине нухал кьурал, бажари-лъай бугел гIадамал жакъаги, гьоркьоб анцIго сон аниги, руго министраллъунги, цоги– цоги жавабиял ишаздаги. Гьес хIаракат бахъулеб букIана республикаялъул идарабазда тухумчилъи лъугIизабизе, цо хъизаналъул чанго чи жавабиял ишазда тунгутIизе. Мисалги гьелъие жинцаго бихьизабуна. Президентлъун ккаравго гьес хIалтIудаса гIодой тана президентасул шапакъатал кьеялъул отделалъул начальниклъун йикIарай жиндирго лъади Зайнаб ГIазизовна. МухIу Гьиматовичасул вас ХIажимурад, гьев президентлъун вачIинегIанго хIалтIулев вукIана республикаялъул налогазул полициялъул нухмалъулесул заместительлъун, яс Жамиля – гIелмабазул кандидат йикIана университеталъул преподавательлъун. КIвелаан МухIу Гьиматовичасда гьелги, жиндирго вацал-яцалги, цогиял цересел гIадамалги гIемерго жидее хайир бугел лъикIа-лъикIал бакIазде хIалтIизе тIамизе. Амма гьеб къагIида гьесул хасияталъ кидаго нахъчIвараб букIана. Гьев жиндирго намусалде данде кколареб ишалдаса даимго рикIкIад чIарав вукIана.

Халкъияб Собраниялъул председательлъун вугеб заманалдаги батIалъи гьечIо, хасго президентлъун вугеб мехалда МухIу Гьиматовичас хIаракат бахъулаан жиндасаго байбихьун нухмалъиялъул идарабазул халкъалъулгун щибаб къойилаб бухьен букIинабизе. Гьев гIемер унаан районаздегун шагьаразде сапараз. Щибаб моцIалъ нижги ритIулаан республикаялъул киналго районаздегун шагьаразде. Гьенир рорхулел аслиял суалал рукIунаан республикаялъул нухмалъиялъ ахираб заманалда щиб хIалтIи гьабураб, щиб гьабизе бугеб, гIадамазул мурадал – тIурачIого гIоларел хIажалъаби кинал ругел абурал. МухIу Гьиматовичас Дагъистаналъе нухмалъи гьабулел соназда кIвар цIикIкIараб масъалалъун букIана гражданлъиялъулаб общество цебетIезаби. Дол соназда гIуцIана республикаялда жамгIияб

палата, президентасда цебе бугеб экономикияб Совет ва цогидалги нухмалъиги халкъги цоцазде гIагар гъариялъе рес кьолел жамгIиял идараби. Гъеб экономикияб Советалда гъоркьобги лъун гIуцIун букIана «Стратегия 20-20» абураб программа. Гъелъул аслияб масъала букIана 2020 соналде Дагъистаналъул гIадамазул гIумру-яшав кинабго рахъалъ Россиялъул халкъалъул гъоркьохъеб даражаялде бахинабизе. Гъединго, школазда лъабго сменаялъулаб цIали лъугIизабиялъеги лъималазул ясли-ахал хIажатаб къадаралда рукIинариялъеги 100 миллиард гъурущ гIарацги къарзалъе банкалдаса босун, хIалтIи гьабизеги хIукму гьабун букIана МухIу Гьиматович президентлъун вугеб заманалда. Гъесул президентлъиялъул цо болжал лъугIидал республикаялда ккарал лъугьа-бахъиназдаса хадуб гьел программабазулги хабар лъугIана.

МухIу Гьиматович президентлъун вугеб заманалда лъабго нухалда цIикIкIана налогал ракIари. Гьелъул хIасилада кIвана гIадамазе, рукIа-рахъиналъул шартIал лъикIаланго цIикIкIинаризе. Гъединго гIезегIанго цIикIкIана республикаялъул бюджетги. 700 миллион гъурущалъул халкъалда цере ругел бюджеталъулал цересел соназда рукIарал налъаби рецIана гьев президентлъун вачIун гIемер мех иналде. Гьел ккола хIалтIухъабазе щвезе кколел харжалги цогидал социалиял налъабиги. Доб ункъабго соналда цониги моцIалъ камичIого, кватIичIого щвана гIадамазе харжалги цогидалги социалиял бигьалъабазе кьолеб гIарацги. МухIу Гьиматович президентлъиялдаса унеб заманалда Дагъистаналъул букIана пачалихъалъе бецIизе кколеб къарз 700 миллион гъурущ. Гьев ун мех иналдего гьеб бахана 17,18 миллиард гъурущалде.

Москваялдаса халкъалъул къадаралда рекъон кьола дотация. Садиказдеги школаздеги унел лъималазул къадар халкъалъул къадаралде данде ккун цIикIкIараб букIинги хIисабалде босун, МухIу Гьиматовичасул бетIерлъиялда нижеда кIун букIана доб мехалда, щибаб соналъ республикаялде щу-щу миллиард гъурущ дотациялъул тIадеги бачIинабизе.

Гъединго, доб мехалда МухIу Гьиматовичас байбихьун букIана республикаялда административияб реформа гьабизеги. Гъединго чара гьечIеблъун букIана ракьазул гIадлу-низам гьабизеги; федералиял, республикаялъулал, районазулгун шагьаразул ва росабазул ракьазул мухIканаб гIорхъичIвай чIезабизе. Гьелъул хIакъалъулъ хассаб указги бахъун букIана. Гьеб кинабгоги, цогидал кIварцIикIкIарал, гьаризе ракIалда рукIарал ишалго гIадин нухда хутIана. Гьелъие гIилла киназдаго лъала. Амма абила, МухIу Гьиматовичас ункъо соналъ гьабураб хIалтIи, гьедигIанасебго заманалда гьесда цере рукIаразги, хадур рачIаразги гьабуралдаса гIемерго цIикIкIараб букIанилан. Бихьизеги, бичIчIизеги, лъазеги бокьараз гьесул хIалтIуе мустахIикъаб къиматги кьолеб батила. БокьичIезда гьабизе жо гьечIо.

***ГIабдулхабир ГIАКЪИЛОВ,***
***2006-2009 соназда ДРялъул президентасул***
***хъаравуллъиялъулгун финансазул управлениялъул нухмалъулев.***

## ТIАНУСИСА ХУРИСА ГIАЛИЛ МУХIУ

ГIагараб ТIануси. Дир кIиабилеб хIухьелги мун, гIумруялъул рогьелги мун, къисматалда чIвараб талихIалъул мугьруги мун. Изнуги цIехечIого, унго-унголъунги, лъугьун бачIунеб куц мун дир пикрабалъе. Дудаса чIухIиялъ зама-заманалдасан, каранда бакIги гIоларого, твархезе лъугьуна ракI. Гьеб цIабуцIун уна зобалазде, гIагараб росу машгьур гьабурал васаз ракарал цIвабзахъе. Гьединаб борхалъиялдасан ракьалде балагьидал, гьелда бихьула хIикматаб цо мина, ТIануси росу бакьулъ бугеб. Гьале доб Хуриса ГIалил мина. Гьаниб гIунщинаб, тIегьанщинаб гIакъиллъи! Гьаб гIадатаб миналъ кIудияб дунялалде нухарегIанщинаб пагьму-гьунар.

Гьале жакъаги дун гьеб минаялда цее эхетун йиго. ЦIигьабун балеб бугониги, гьелъул хаслъи нахъе цIунун хутIулеб бугин ккола. Гьеб кидаго хутIизе буго Хуриса ГIалил миналъун. Балъголъабазул цIураб хIикматаб рукъ. Гьанисан боржанщинаб анищ, гьаниб гъасда камиллъарабщинаб гIакълу. Гьаниб бижанщинаб тIадегIанлъи, батанщинаб борхалъи. Гьенисан дунялалдаго рагIана унго-унгояв магIаруласул намусалъул бацIцIадаб гьаракь. Гьеб Намусалда цIарги буго МухIу ГIалиев.

Гьениб ана МухIул лъимерлъи. Жибго гIумруялъги, хадув гIаламалъги кIодо гьавуниги, жиндирго гIадатлъиялъги гIакъиллъиялъги гьитIинавлъун хутIарав инсанасул гIадатияб мина. Диеги гIагараб буго гьеб мина. Дир лъимерлъиялъул цо-цо талихIал лахIзаталги рекьун руго гьенир – Хуриса ГIалил Маржанатги дунги цо классалда цIалулел рукIана, ва гIемер унаан дун гьение гьейгун расанкIаби хIазе. Гьанжеги, гьеб минаялде цее щолелъул, чIвала дида Хуриса ГIалил ПатIиматил гIатIахинкIазулги цIурачадазулги махI.

Нижер МухIу. Гьедин, рекIелъ кIудияб чIухIигун ва рохелгун абула жакъаги тIанусдерица.

Дида ккола ТIадегIанас, инсан ракьалде витIулаго, гьесдаго цадахъ гьесул цIваги битIулеб батилилан. ЦIва ракьалдагойищ хутIилеб, зобалаздаги ракьалдаги гьоркьобищ хутIилеб, яги борхалъудасан ракьалъе гвангъийищ кьелебали – цIваялъул хадусеб къисмат бараб буго ТIадегIанас гьелъул божел жинде гьабун тарасда.

МухIул цIваялъул къисмат батана цIакъго берцинлъи гьарзаяб. Гьеб жакъаги буго къадруяб тIадегIанлъиялда, гьев лъалелщиназул ракIазе хинлъиги кьолаго. Дица цIваялъулгун кIалъай гьабулеб буго. СогIаб гIумруялъул хьухьазда хьухьазабизе кIвечIеб гьелъул гIаркьалида къисматалъул куназ балеб буго ункъоабилеб чIум.

Гьале тIоцебесеб – жиндирго цIвагун МухIу ракьалде вачIараб лахIзат.

КIиабилеб…, анцIабилеб…, анцIила щуабилеб…, лъабкъоабилеб…, лъабкъоялда анцIабилеб – гIагараб халкъалъул гIумру цIилъизабиялъул, Дагъистан цебетIезабиялъул къеркьохъан. Ункъоабилеб – яхI-намусалъулги, тIадегIанлъи– борхалъиялъулги, гIаданлъи-чилъиялъулги тахалъе хилиплъичIев магIаруласул гьайбатаб гIумру.

Гвангъун буго Хуриса ГІалил МухІул цІва. Унго, долъул берцинлъи!

Хунзахъ тІалъиялъул бищунго борхалъуда бугеб ТІанусисан бихьула доб цІваялде данде кенчІолеб цІаги. Гьеб буго росуцоязъ, МухІул цІва абадиялъго кунчІун букІине гІоло, борхалъуде битІулеб адабалъул ва рокьул цІураб цІа.

Нахъюссунги ялагьулей йиго дун Хуриса ГІалил минаялъухъ.

ТалихІаб лъимерлъи, кьвararав инсул къвакІараб тарбия, «институтал цІалун рахъинчІониги», Хуриса ГІалил букІараб гІакъиллъиги, гІадамаздехун гІадатаб ва гІаданлъиялъулаб бербалагьиги, халкъалъе кІодолъанагІан, гьитІинавлъун хутІизе кІварав, инсанасул хІакъалъулъ пикраби гьаридал, цо-цо къварилъизеги бачІуна.

КІолеб гьечІо магІу кквезеги. Сардил сихІкъотІи… Дица бегулеб буго МухІу ГІалиевасул тІехь. Гьелъул гьурмаздасан гІагараб халкъалъе гьимулеб буго намусалъул накъищаз бекІкІараб гьесул сипат.

Кинаб къуватха къваригІунеб инсанасе, гьадинавлъун хутІизе ккани?! Гьале доб бечедаб ирсги унго-унгояб талихІги.

Гвангъун буго МухІу ГІалиевасул цІва. Беролеб буго МухІу ГІалиевасул цІа.

## ЧІУХІУЛА ДУДАСА, ТІАНУСДЕРИЛ ВАС

**Дир гІагараб росдал къиса къалъизе,**
**Къарнабаз хутІила дур гвангъараб цІар.**
**ТІадегІанлъиялъул, ритІухълъиялъул**
**Байрахъ борхун ккурав тІанусдерил вас.**

**ЧамгІалаб дуниял, чар-чараб гІамал,**
**ГІолеб гьечІеб куцха гІакъилаб калам.**
**Гьединал лахІзатаз цебе бачІуна**
**Дур сабураб сипат, тІанусдерил вас.**

**Мун, Хуриса ГІалил къадру бугев вас,**
**ТІекълъи-мекълъиялда тІокІлъи босарав.**
**Мун, инсул цІаралъе мустахІикъав вас,**
**Хадусел гІелазе мисаллъун вуго.**

**Дагъистаналъул бакъ кунчІун хутІизе,**
**Хиялги каранлъ лъун, гьулчун вачІарав,**
**Лъиего къуличІев, лъикьаго къечІев,**
**ЧІухІула дудаса тІанусдерил вас.**

**Росдал тарихалъул сиялда гьоркьоб**
**Намусалъ бекІкІараб дур гамачІ буго.**
**Гьелъие хвел гьечІо, гьеб херлъиларо,**
**Ина гІасрабазде дур цІаргун цадахъ.**

*Шамай ХЪАЗАНБИЕВА*

## МУХIУЛ ГУРЕБ КВЕР КЪАЗЕ КЪАБУЛЛЪИЧIО РЕКIЕЕ

Гьанже дир рагIабазулъ
МагIанги гьечIо хутIун,
МагIаруллъиялъулги
ПартIун буго гьанже махI.

МухIуде хитIаб гьабун
Хъвалеб буго гьаб кагъат,
Кинго гьечIо бачIунеб
БичIчIи дир гьаб гIадалъе.

ГIемерал сонал ана,
Сапарал нахъа тана,
Цоцазда тенкеялги
Киралиго рахчана.

ХитIабалгин кIалъаял
КIал-мацI цIорон хутIана.
КIирикьарал ракьазде
Рокьуца мугъ рехана.

Харбаца ккураб тIалъи
ТIабагьине лъугьана.
«Лъадари» бугезухъе
Бегун улка бачIана.

БичIчIулареб хIалалъул
ХIисаб гьабураб мехалъ,
МухIул гуреб квер къазе
КъабуллъичIо ракIалъе.



**Залму БАТИРОВА**

## ЦIАР ДУР НАСЛАБАЗЕ ЦIУНУН ХУТIИЛА

**МухIу, ина сонал, сверила заман,**
**Заманаялъ дуда хIучч бахъиларо.**
**Рижила наслаби, хисила гIасру,**
**Меседил хIарпаз хъван, хутIила дур цIар.**

**Дуда кIвана дурго намус цIунизе,**
**Намус биларалгун хIалтIананиги.**
**ХIурул къатIра хъвачIо дур къадруялда,**
**ХIелхIелчагIи мунгун рукIананиги.**

**Мун Дагъистаналъе, Дагъистан дуе –**
**Дур цоги батIияб мурад букIинчIо.**
**Мун, гьелде къо ккарал, къваридал къояз,**
**Къан тIаде нуцIагун жанив вахчичIо.**

**Мун талихIав вуго, цIогьабазда гъорлъ**
**ЦIар рехсолеб гIумру дур букIинчIелъул.**
**Мун чIухIизе ккела чIагоязда гъорлъ,**
**Ришваталъул гIурулъ мун чвердечIелъул.**



МухIу, гьаб замана дур заман гуро,
Зварун тIокIкIараб ицц хIабургъун буго.
Рогьунареб сардил горду бухулел
ХутIун руго къотIнор къадруял чагIи.

Такъсир гьабурасе тамихI гьечIеб мех,
ЯхI бугезул рекIелъ угьдилеб буго.
Бидул гIорги бахун щвараб магIишат,
Цо-цоязул рагьда гIодилеб буго.

МухIу, дуй баркала, чIегIерал гъудулъ
ХъахIаб цIумлъун чIезе дуда кIваралъухъ.
ГIурул бетIералда ицц чорганиги,
Чороклъи бахине мун вукIинчIелъухъ.

Дур ахIи-хIур гьечIеб, гIодой биччараб,
ГIумруялъе къимат къадруяз кьела.
ХъантIул унти лъачIеб, намус бацIцIадаб
ЦIар дур наслабазе цIунун хутIила.

Щаяли ритIухълъи гIедегIун гьечIо,
ГIодой биччан буго босулеб гали.
Бажариялдаса гIарацги бергьун,
ГIадаллъулеб буго жакъа дуниял.



# ХУРИСА ГIАЛИ

*(Поэма)*

**I.**

**Хаслихълъи аниги, хасел щун гьечIо,**
**ХарибакIалъ бессун буго гIубиллъи.**
**ГIакарода хъахIаб гIазулаб чалма**
**Чучго буго, хъахIал хIулабалъ къараб.**
**Гьедин буго, ГIали, жакъа ТIануси,**
**ТIогьол расалъаби пашманго руго,**
**Бакъуде буссараб дуо цIорол рагьи,**
**МатIулъун паркъола тIалъиялда тIад.**
**Лъалеб хиси гьечIо жакъа ТIанусиб,**
**Лъималги гьарула, хералги хола.**
**Хасел гIагарлъулеб магIарухъ жакъа**
**Мун дандчIвалев гьечIо гьалбадерида.**

**II.**

**Киб кьерундай бугеб хвел, хадуб аскIобе къазе,**
**Хуриса ГIалил гIумру ГIаршалде босун ине.**
**Цогиги гIадатияб гIурдада бугеб тIегь тIун,**
**ТIалъиялъул гIакълуда гIадалъ чIимих речIчIизе.**
**РичIчIулел гьечIо дида дуниялалда цIарал,**
**ЦIаларал чагIийилан, академикалилан.**
**Академия буго инсанасул гьаб гIумру,**
**ГIалие гьелъ кьун буго Хуриса вугин абун.**
**Дида тIокIалъ борхалъи лъаларо дунялалда,**
**Дир Хуриса василан росдаца аби гIела.**
**КIодолъи балагьулел, ригьани щиб цодагьалъ,**
**ЦохIо хурулгин бугеб бухьеналъул пикрабалъ.**
**Борце гьелъул гIаршиналъ, лъазе бокьун батани,**
**Хурзал гьелчелел руго, гьорохъе ралъад гIадин.**
**ГIубилал тIорал руго, тIад бараб полоп гIадин –**
**ГIали, кинаб дур хурго, хаслихълъиги щун бугин,**
**Щайзе мун вахъунарев хIатIица тIор хъуризе.**
**Хъиру гIадал квераца кодобе гьебги босун,**
**Барщун бугищан абун гьорохъе гьеб биччазе?**

**Кици тIамун гурони, цо рагIиги абичIин,**
**Абиязул бицине досде щварав вукIинчIин.**
**ЧIинхалги ракIаричIин, цогидаздаречIчIизе,**
**БичIчIулелъе гурони, цоги къиматги кьечIин.**
**Кьили гьечIеб чуялда рекIунев чи вукIинчIин,**
**Борхалъуда вугогIан гIодоблъиялда чIанин,**
**БетIерги дос къуличIин, цохIо Бичасе гуреб.**
**ЦIадирабазда лъуни Хуриса ГIалил гIумру,**
**ГIодобехун лъикIлъабаз лъалаго цIикIкIун цIалин.**
**ЦIали гIемер кIудияб гьабизе щвечIониги,**
**Гьаб дунялалъул гIелму гIунги тIокIги букIанин.**
**ЛъикIлъи гьабизе щвани, кIудияв гIолаанин,**
**ГIабдалгун къацандулев цохIониги рагIичIин.**
**КIудияб хъулухъалда лъимал рукIананиги,**
**Щибниги хисараб жо хасияталъул ккечIин.**
**Ккараб бакIалда рагIи бакIго бегулаанин,**
**Рихьдае чи вукIинчIин, чIвараб магIлъун гурони.**
**Дие гьениб бицана, бицалъе живгоги ун,**
**Ахирияб нухалда хадур ралагьун тараз,**
**Жинцаго къедги гьабун, къарал хабалазулъе**
**Хурисев тIовитIарал тIанусдерил гIадамаз.**



III.

Хьиндаллъуде цIадал, магIарухъ накIкIал,
Мун унтун бусада, васал рикIкIада,
Дунгун академик ГIабдурахIманов,
Духъе щвезе рачIун, чIун руго аскIор.
Гьал хурзалгун гIалхал квер хьвагIунги тун,
Какил суждаялда Хуриса ГIали,
Херас цере ккурал ччоборал кверал,
Кинабго ракьалъе гьарулеб рахIмат.
РачIанищ, щванищан квералги рачун,
Какдаса хадув мун нижгун кIалъалев,
КIудияб дуниял, цIадакьги кьерун,
ГIадатияб харбихъ гIенеккун буго.
Дуда ургъел буго, регьел гIемерлъун,
Хуриб хутIун бугеб хIалухъиналъул,
ХIалигъун чвахулел цIадазги чурун,
ТIалъиялде чабхил нухал хвеялъул.
Кициялда хадуб кициги тIамун,
ТIалъиялъул къиса буго рехсолеб.
ТIей гьечIеб гIумрудул даимаб рухьен,
Мунгун бухьун бугин ккола ракIалде.
РикIкIа– рикIкIадаса умумулги щун,
Дозулгун накъиталъ ругел кинниги,
ГIалигун кIалъарал лахIзатал ана,
Къилба цIехон унел къункъраби гIадин.
ГIажаибаб гIелму гIадатлъиялъул,
ГIумру бичIчIиялъул, гIадан лъаялъул,
Лъалеб буго жакъа щаяли дида
Щулаго хуралда дур цIар бухьараб.

IV.

ХъахIал къункъраби руго къилбаялде роржунел
Жидерго къуркъуралда къо-лъикIги гьабун унел.
Амма ГIалил рагъида замана лъалхъун буго,
Гьасие хIадураб бакI буго лъозул кьеразулъ.
Ана дагьабго заман, дица кьолел суалал,
Гьаваялда хутIана, гьечIо Хуриса ГIали,
Хабар щвана, анин дов абадияб рокъове,
Къанабакь кьижанин дов тIанусдерил хабалалъ.
Хадур ралагьун танин бащарал богIол хурзал,
ГIалиго ГIалийилан угьдулеб гьаб дуниял.

V.

**Дица цIехана гIумру ГIалил кин арабилан,**
**Абадияб ракьалда цIар кинаб тарабилан?**
**Цояз дие бицана цо къо бачIанин тIаде,**
**ТIолабго улкаялъул каранда цIа хурхараб.**
**Хуриса ГIали битIун завалалда вукIаго,**
**ВачIун бидулав тушман кавуялда квалквалеб.**
**Чанги гIолохъабаца чуязда кьалал лъунин,**
**Кьалде унезда гьоркьоб гьесулги цIар букIанин,**
**ГIемерал тIадруссинчIин, хобал рикIкIада ругин,**
**Гуллица гъежги лъукъун, рокъове гьев вуссанин,**
**Рагъул бахIарчилъидал бицунебги рагIичIин,**
**РакIчIараб жо, кьалулъ гьев кьерулев чи вукIинчIин,**
**Досул гIадат букIинчIин жиндидего кIвар кьолеб.**
**Цойгидаца абуна, рагъалъ чIунтизабураб**
**МагIишат гIуцIаразулъ ГIалилги захIмат бугин,**
**Бищун хIажатаб мехалъ тIанусдерил магIишат**
**Гьесул бетIерлъиялда цебетIезе лъугьанин.**
**Лъабабилес бицана, гуллица борлъараб гъеж,**
**Гьавагин бакъ борцунеб барометра букIанин,**
**БукIаниги, гIажизал ГIалил килщаз кинигин**
**Зурмаялда бачунеб бакъан жинда рагIичIин.**
**Хадуб тIаде жубана, магIарул пандуралда**
**Пана гьарулаанин, гьес кодобеги босун.**
**Хъвалеб куцги букIанин лъиданиги релълъинчIеб,**
**БожичIони гьикъейин, бокьарав дов лъалеседа.**
**Лълъарги борхулаанин, росу бахилаб куцалъ,**
**Цониги хIетIе тарун тирулев чи вукIинчIин.**
**КIудияб хъизаналъул бетIер вукIаниги щиб,**
**Гьесул хинлъи щвечIого цоги лъимер хутIичIин.**
**Дос чанги къадал ранин, рукъзалги эхетанин,**
**Хабалги сверун къанин, ссанал щула гьарунин.**
**Батизе бегьула рухI гьесул нилъехъ балагьун,**
**БукIана чанги хабар бицинилан гьесий тун.**
**Гьанже гьелъул пайда щиб, щобал регана бакъалъ.**
**Щола дун ТIанусиве – ГIали гьечIеб росулъе.**

**КъурбангIали**
**ПАТАХIОВ**

## ПОЛИТИКАЗУЛЪГИ КЬУЧIАВ ПОЛИТИК

**Херлъун вукIаниги, ракIги бахIарлъун,**
**РекIел гьудуласде бухьараб сапар.**
**Доб араб замана ракIалде щвезе,**
**Щварав дун жакъаги Макьас рагIалде.**

**Хуриса ГIалил вас, гIакълу тIокIав мун,**
**ГIакъилаб каламалъ кивго рагIарав.**
**Киве ккананиги къимат холарев,**
**Хунзахъ тIалъиялъул тIокIав политик.**

**МухIу Гьиматович, дур хIалтIиялъе**
**ХIакъаб къимат кьолел къоял щун ругин,**
**Дур кумек-цIобалъул, дур гьунаралъул**
**Гьоркьоса къотIичIеб биценги бугин.**

**Дуца нахъа тарал болъодул хIокIал**
**ХIални кинан кIвелел киналго рехсон.**
**Кинаб хъулухъалде вахананиги,**
**ХисичIеб дуца хIал, хIеличIев лъийго.**



РакI хъубал нахъасан жиржиданиги,
Жаваб кьураб дуца цIакъго мухIканаб.
Жалатаз чагъана кин бачаниги,
Гьезие хIеличIев,  хIал лъазе течIев.

Ришват, коррупция кверхъван биччачIев,
Квешаб-рекъечIелда гIагарде къачIев,
Босулев-кьолесда кьварун кIалъарав,
Кьури гьечIеб нух ккун цевехун арав.

Кинаб хIал кканиги, хIал хъублъи лъачIев,
ХIал хъубал рохизе вихун лъугьинчIев;
Политиказулъги кьучIав политик,
КьучIаб гуреб калам кибго рагIичIев.

Нилъерго чиясул къимат гьабизе
Къокъид кантIуларо, нахъа гурони,
Нахъа дуца тараб тари гьечIеб нух
Теларо кIочене нилъер халкъалда.

Вихьун гуронани, инсан лъаларо,
Инсанияталье дур бугеб къимат.
Къадру тIокIазда гъорлъ Дагъистаналда
Тедал, гьудул, дуца хвел гьечIел лъалкIал.

МухIу Гьиматович, гьарула дуе,
Гьаб тIолабго халкъалъ халатаб гIумру.
Сахлъигун, рохелгун, аваданлъигун
Аллагьас мун таги дуе бокьухъе.



МахIмуд-Апанди
МУХIАМАДОВ

## ХIАКИМЗАБАЗДА ГЬОРКЬОБ ДУР ВАЦIЦIАЛЪИ БИХЬАНА

Хунзахъ тIалъиялдаго
ГIатIидаб майданалда –
РакI гIатIидал гIадамаз
ГIумру ккураб ТIануси.

ТIолго Дагъистаналъул
Историялда жаниб
Сариралъул ханлъигун
Рехсей бугеб ТIануси.

Суракъат нуцаласул
Чилъиги гIаданлъиги,
ГIакъиллъиги бицунеб
Бицен батараб буго.

Цо лъилниги хIакъалъулъ
ХIакъикъат лъазе ккани,
Кисавилан гьикъулеб
КъагIида буго нилъер.

Нилъерго умумузул
Абиялда батухъе,
Ассаб росдал васалги
Сахаватал рукIуна.

КIудияв инсан вуго
Авар халкъалъе вижун,
Живгоги ТIанусисев,
ТIадегIанлъи зодосев.

Заманаялда рекъон
Викъаризе лъаларев,
Лъураб тахалде вахун
Ханилан жив чIоларев.

ЧIухIи гьабизе лъачIев,
Лъавукълъи бокьуларев,
Рокьул цIураб ракIалъул,
РекIкI гьечIеб гIамалалъул.



**Жиндирго гIакъиллъиялъ**
**Халкъалъе сабру кьолев,**
**Жиндирго сабурлъиялъ**
**Лъиего гIакълу кьолев.**

**ГIелмудал аслу кколев,**
**Адабият бичIчIулев,**
**БитIаралда гурони**
**ТIекъалда рекъоларев.**

**ТIадегIан ваханагIан,**
**Халкъалъухъе рещтIунев,**
**РакIалда цоги бахчун,**
**КIалалъ цо бицунарев.**

**Рищияз рорцунелъул**
**Цо-цо кандидат гIадин,**
**Кинабго гьабилилан**
**Гьедаризе лъаларев.**

**Гьорол чодаги рекIун**
**Кивего воржунарев,**
**Вихьизелъун, лъазелъун**
**ЛъикIавилан хIаларев.**

**ХIалтIиялъул тIалабги,**
**ТIолгоязул ургъелги,**
**Улкаялъул милатги**
**Минуталъ кIочонарев…**

**Ассаламу гIалайкум,**
**Хуриса ГIалил МухIу,**
**КIвечIо сабру гьабизе**
**Бугеб жо бицинчIого.**

**Мун ворхулеб мех гуро,**
**Дунго хIикмалъун вуго,**
**ХIакимзабазда гьоркьоб**
**Дур вацIцIалъи бихьиялъ.**

**ВачIинго букIана дур**
**Бергьарав игитасул –**
**Сапаралда гIедераб,**
**ГIумруялда сасараб.**



## ХIУРМАТ ДУР ГЪАБУЛА ДАГЪИСТАНИЯЗ

**Сахаватлъи гуреб, хиянат гьечIев,**
**Халкъалъе вокьула мун гIадав хIаким**
**ХIалтIул мацI гурони хIалхьи лъаларев,**
**ХIурмат дур гьабула Дагъистанияз**

**Живго Даниялов хIайранлъилаан**
**ХIалтIизе дур бугеб гъира - шавкъ бихьун,**
**Бихьинчилъи чорхолъ бессарав дуе**
**Дос салам кьелаан кьабун квер босун.**

**МагIарул эбелалъ гьавичIевани,**
**Гьединав ритIухъав лъвинароан мун.**
**МагIарул инсул вас вукIинчIевани,**
**БукIинаандай дулъ намусгун ияхI.**

**ХIакимлъи аниги, хIурмат хутIана,**
**Хуриса ГIалил вас, мун нижер чIухIи.**
**Хъулухъ хисаниги, хъатир хутIана,**
**Хъублъиялдаса мун вацIцIад вукIиналъ**



**Мун Дагъистаналъул историялда**
**ТIоцеве вищарав нижер президент,**
**Дур гIакълугун лъаялъ цебетIеялде**
**ТIолабго Дагъистан квер ккун бачана**

**Рикьалаби лъугьун щущан унеб халкъ**
**Цолъизе гьабизе гьунар гIуна дур,**
**ГIадлу низамалъе зар борхичIого,**
**Законалъул нух ккун хIалтIулаан мун**

**ГIучI-къулалда гьоркьоб меседил кIуни,**
**КIвечIо мун векизе коррупциялда.**
**Коммунистал жалин керен бухараз**
**Биххана хIукумат хIилла-рекIкI гьабун**

**ХIалалаб гурони бегьичIев дуе**
**Бугьтанал ургъана гъарачагIаца,**
**БацIцIадаб къулгIадул къатIра гIадав мун**
**КъабуллъичIо кинго квешаб къавмалъе.**



ТубхIат ЗУРГЬАЛОВА

## МУХIУХЪЕ КАГЪАТ

1.

Лъайгун гIакълу бугезул
Къимат борхарав МухIу,
Мунгун цо гIодой чIезе
Анищин йикIуна дун.
Дагъистаналъул ургъел
РекIее бакIлъанагIан,
РакIгун кверал рацIцIадав
Дур пикрабаз ккола дун…

Нужер гурин, нижерин,
Цоцахъа бахъи гьабун,
Хъабарчаялда релълъун,
Лъугьун буго дир ватIан.
Лъавукъал буртIазда тIад
БутIруллъун бацIал ккедал,
Бидулъго хъантIи бугез
Хъамал гьабун тана халкъ…

Инсуца хъизан гIадин,
Дур тIалабалъ тIегь бараб,
ТIехь щибали лъаларел
Зараз зурун тана гьаб.
Дур рагIи рагIулареб,
ГIин бекараб агьлуялъ,
Ирсалъе щвараб гIадин,
Бикьана, бичана гьаб.

Кьезе мун мукIурлъичIеб
ВатIаналъул ракьцин гьез,
Кепказухъ тIагърал гIадин,
ТIадчилъидухъ бичана.
Гьез бекьараб балагьлъун
Бижана коррупция…
Пуруц ккурав – хIалхьуда,
ХIал хьечIел – чIабаралда.



2.

Даниялоdвгун МухIу –
Миллаталъул кIиго вас! –
ЩвечIо гьаб ватIаналъе
Нужер гIадинаб агъаз.
Доз бекьараб гьуинлъун,
Гьасулазги гIицI гьабун,
ГIунхруз тараб хур гIадин,
ХутIун буго Дагъистан…

Гьанже цохIо хьул буго
БетIергьан Аллагьасде:
Баракатаб ракьалде
Балагьал гьес гьукъилин,
Къадру гьечIел бутIрузги
БутIрул гьечIел чиназги
БахIарчияб нилъер халкъ
Чурхъизе биччаларин;

ХIукуматго хIатIикье
Ккезабураб махлукъат
Маххул гъурщазул гъонокь
ЩинкIизе гьабилилан;
Нилъер кIудияб тарих
РекIелъе, бидулъе щун,
Шамилил миллаталда
Мун гIадав такрарлъилин.

Политиказ гуребги,
Халкъалъги хъвала тарих,
Гьеб кьола байрахъ гIадин,
Наслабаз наслабахъе.
Гьенир халкъалъул рекIелъ
РикIун рукIуна цIарал, –
Гьел гурел, хутIуларо…
ХутIила мунги даим.



Сабигат
МУХIАМАДОВА

## ХАЛКЪАЛЪУЛ ВАКИЛ

**Заманаялъ тIаса вищарав вакил,
Кидаго рагIичIо рагIи хисанин.
Халкъалъе хилиплъун цо гали лъунин
Дуцаян абичIо дагъистанияз.**

**ГIадатияв вукIун ворхалъана мун,
ГIаданлъи цIикIкIиналъ цIар бергьана дур,
Киналго миллатал руссана дуде,
ХIакимлъиялъ хвечIев халкъалъул вакил.**

**Дагъистан чIухIулеб батула рагIи,
ГIакъилаб буукIуна гьабулеб калам, –
ЦIаралъуре унел – бихьинал гурин,
Цолъизе замана некIого щванин.**

**У, халкъалъул пикру роцIараб буго,
Гьелдасан бахчараб щибго хутIичIо,
Ричун росичIезул хIурмат холаро,
Хасаб борхалъуда хутIила дур бакI.**

**РитIухъаб гурони нух бищуларев,
Эркенлъи хирияб халкъалъул гьудул.
Цевехъан вуго мун намус бугезул,
Дур мисал наслабаз босила дарслъун.**



## 2006-2009 СОНАЗДА ГЬАРУРАЛ ЦО-ЦО ХIАЛТIАБИ:

* * *

Гендерил туннел цIигьабун къачIаялъул аслиял хIалтIаби гьаруна. Гьелъие биччазабизе кIвана щуго миллиард гъурущ. Буйнакскиялъул габурлъухъан нух цIигьабун къачIана. Бан рагIалде бахъинабуна Терек гIоралдасан кьо. Байбихьана «Кавказ» Федералияб нух цIигьабун къачIазе. ХIалтIизе биччана Генуб-ЧIиркъатIа шагьранух. Асфальт тIун къачIана Тпигалде, Рутулалде, Кумухалде, Болъихъе унел шагьранухал. Асфальт тIезе байбихьана Гумбет ва ЧIарада районазде ругел шагьранухазда. «МахIачхъала Каспийск-Аэропорт» шагьранухалъул лъабго участок хIалтIизе кьуна. ГIаммаб куцалъ 264 километраялда гьаруна шагьранухал ва бана 31 кьо. Гьеб ункъо соналда жаниб Россиялдаго 51 абилеб бакIалдаса 21 абилеб бакIалде бачIана Дагъистан шагьранухал гьариялъул рахъалъ.

* * *

Газ бачунел рогIрал лъуна гIемерисел районазде щвезегIан. 37 росулъе бачана газ.

* * *

Гьел соназда рана 57 школа ва 75 гьитIинабги кIудиябги сахлъи цIуниялъул бакI. Гьезда гьоркьоб рехсезе бегьула республикаялъул кардиологиялъул центр, физиотерапевтияб центр, бан рагIалде бахъунеб букIана травматологиялъул центрги. ХIалтIизе биччана Хасавюрт шагьарлъул консервабазул завод.

* * *

Щибаб соналъ кватIичIого, камичIого щвана гIадамазе харжал. БецIана 2006 соналде щвезегIан бюджеталдаса гIарац щолел гIадамазе букIараб 0,7 миллиард гъурущалъул харжазул налъи. Зама-заманалдасан цIикIкIинаруна бюджеталдасан гIарац щолел гIадамазеги, пачалихъалъулгун муниципалиял хъулухъчагIазеги харжал. Республикаялда цебе хIалтIулъ хасаб тIокIлъи бихьизабурал пачалихъалъул хъулухъазда хIалтIарал гIадамазе щибаб моцIалъ кьезе байбихьана тIадеги гIарац. Налогал ракIари лъикIлъизабиялъул хIасилалда тIадеги цIикIкIинаруна республикаялъул газетазулгун журналазул, библиотекабазул хIалтIухъабазе, театразул актеразе, адабияталъулгун маданияталъул бутIаялда хIалтIулел цогидалги гIадамазе харжал. КIиго нухалда цIикIкIинабуна Дагъистаналъул тIахьазул издательствоялъе биччалеб гIарац.

* * *

Киналго школазул байбихьул классазул цIалдохъабазе кьезе байбихьана къадеквен. 30 проценталъ цIикIкIинабуна лъималазе щолеб пособие.

* * *

2009 соналда бесдал лъималазе ва тIалаб гьабизе чи гьечIел лъималазе кьуна 138 рукъ. Гьединабго къадаралда гьединалго лъималазе рукъзал кьезе 2010 соналъул бюджеталдаги бихьизабун букIана гIарац.

* * *

ЦIигьабун къачIана МахIачхъалаялда ясикIабазул театралъул мина. Дербенталда бана лезгиязул театралъе минак, рагьана «Бажари бугел лъимал» абун цIар лъураб центр.

* * *

ХIадур гьабуна «Бажари бугел лъимал» абураб программа. Улкаялъул цIар бугел вузазде ва батIи-батIиял пачалихъазде цIализе ритIана лъайги бажари-гьунарги бугел гIолилал. Хасал бакIал гьединал цIалул заведениязда, хасго Страсбургалда тIалаб гьаруна ресукъал, мискинал хъизамаздаса лъималазе.

* * *

БатIи-батIиял цIирагьиязе, хасго гIолохъанал специалистазе щибаб соналъ кьезе байбихьана нус– нус грант. Гьединго цIалулъги общественнияб хIалтIулъги тIокIлъи бихьизабурал нус-нус чиясе кьуна гIарцулал сайгъатал.

* * *

Конкурсалъулаб къагIидаялъ хIалтIуде росизе байбихьана хасго гIолохъанал специалистал. 2006-2009 соназда гьедин батIи-батIиял бакIазде хIалтIуде восана 600 чи.

* * *

Рагьана республикаялъул президентасулгун бухьен гьабиялъул линия. Гьелъ рес кьуна гIадамазул мурадал, гьезул гIузраби лъазариялъе, гIумруялъул ахIвал-хIал бичIчIиялъе.

* * *

Гьаниб рехсон бажариларо гIадатиял гIадамазул гIумру-яшав лъикIлъизабиялъе, мискинал, ресукъал чагIазда кверчIваялъе гьел соназда гьабурабщинаб хIалтIи. Гьединазе жанир чIезе рукъзал щвеялъеги, унта-щокълъарал, къварилъи-балагьалде ккарал гIадамазе материалияб кумек хIисабалдаги, махщел-гьунар бугел чагIи церетIеялъеги, дол соназда гIезегIан квербакъана республикаялъул тIоцевесев президентас.

Бикъуларев, босуларев, ритIухъав, къасдалги ишалги хъубал гIадамаздаса рикIкIад чIарав, тухумчилъи хIалтIизабичIев, вацIцIадав инсан, халкъияв нухмалъулев хIисабалда Дагъистаналъул тарихалде унев вуго МухIу Гьиматович ГIалиев.

***Данде росана МухIамад ПАТАХIОВАС.***

# Кучlдул



**МухIамад АХIМАДОВ**

## ЛЪ И М Е Р

**Гьабуна цIияб лъимер,
Гьумер бакъул босараб,
Эбел-эмен рохиялъ
Рахана зобалазде.**

**Гьеб бацIцIадаб, роцIараб,
ЩIар берцинаб, гьайбатаб,
Гьаб гIумруялъул магIна
МагIаруласе кьолеб.**

**БачIунеб буго лъимер
Нилъер гьаб дунялалде,
Данде щиб чIвалеб гьелда,
Щиб бугеб гьелъул къисмат?**

**Къоло цоабилеб век,
Бек-бекун бараб гIумру,
ГIадамазда кIочараб
Чилъигун ияхI, ВатIан.**

**Эбелалъ лъабго къоялъ
Каранзул рахь кьолареб
Кьураб рахьдада цIадахъ
Рахьдал мацI рагIулареб.**

**ГIумру гIаксалда ккараб
ГIасруялда гьабураб,
Гьардухъаби гIемераб
Дунялалде бачIараб.**

**Лъица дарсалги кьун гьаб
КIудияб гIезе бугеб,
ГIазу барал нухазде
ХIатIигIицIго бачIунеб?**

**ЧIахIиял цIогьабаца
Цебехъанлъи гьабулеб,
Гьаб гIумруялъул нухда
Гьалъул букIинесеб щиб?**

**ГIорцIаразул ритIухълъи
Ракъаразе бикьулеб,
КьогIаб заманаялда
Гьалда лъазе бугеб щиб?**

**…Щибго ургъел гьечIого,
Гьимулеб буго лъимер,
Гьурмада бакъ къалъараб
Берзул канлъи кунчIараб.**

* * *

Анищазул цIваби, цIолбол хьопаллъун,
Хьулазул зобазда раргщулел руго…
КIочон тун батана, рии араблъи,
Риун ана къоял къалъараб бакъукь.

Гьанже хиялазул халатаб читIир
ТIун ана, биххана, хаслихълъи щвана.
Щобазда, мугIрузда гIазу рещтIана,
ТIанхаз тарал гьутIби гьанцIун, сорона.

Гъасда гIодовги чIун, цIа бакулелъул,
ЦIетIа хьаг лъун буго рекIел ургъелаз.
РекIунеб гьечIо цIа, цIорол гордухъан
Хъван балеб бихьула балъгояб гIазу.

Рокьул кьер хисараб хасел бачIана
РечIан руго рекIелъ кучIдузул тIугьдул…
Дун гIицIго хутIана…ХутIарабщинаб
Щибго пайда гьечIеб чIанда батана.

Дица хьатинир лъун хинлъизарула
Холел анищазул ахирал цIваби…
Бихьулищ, херлъиялъ сайгъат гьабулеб
Гьаримлъи борцине хутIараб гIанса.

* * *

ГIурччинаб махил рохь Гьонода росулъ,
Гьуинаб гьуригун гаргалеб буго:
Гирула гьутIбуца тIаде гьурщулеб
Щубил къатIрабазул къалъараб магIу.

Огь, магIарухъ тараб гIолохъанаб мех,
Мехтулев вуго дун дур пикрабаца:
– Бице, махил гьотIол чвахулел гъалал,
Чан балъголъи тараб нужеца бахчун?

Гьанже тIогьиллъарал тIамхазул цIадакь
ЦIалтун виччун вуго бетIер хъахIав дун.
ХъахIлъи росулъ бараб дир гIумруялъул
ГIемерал анищал хIорго хутIана.

Ихдалил мацI лъалел дир рокьул хIанчIи,
ЧIичIидулел руго, ргаIаби кIочон.
РегIун гьечIин ккола цохIониги гъветI,
Гъоркь дун эхетидал, хабар бицине.

БукIана дир рокьи, гьаниб бижараб,
Божилъи хун буго махил рохьалъул…
Рихьула рикIкIада ракIарун хьухьал,
Хьулазде гIазу бан, ана гьаб гIумру.

* * *

Бергьарав щив, къурав щив,
Къуркьарав щив, хварав щив? –
Щибаб гIумрудул лахIзат
ГIадалъ гуллалъун щола.

ВачIарав щив, арав щив?
Аварав киве арав?
Аниб хутIун бугеб щиб,
Щибжо добе босилеб?

Умумузул къадрудул
КъатIрацин батуларо,
БахIарчилъигун чилъи,
ЧиякIабилъун руго.

МугIрул, нуж кире арал,
Кир ругел магIарулал? –
МагIарухъ чи хутIичIо
Чияр мацI бицунарев.

МацIихъабаз цIар босун,
ЦIогьабаз улка бичун,
Унеб буго замана, –
Занал руго рекулел.

МугIрул, нуж кире арал,
Кир ругел магIарулал?
ВачIарав щив, арав щив
Аварав киве арав?

Гьеб захIматаб суалгун
Ссудулеб буго керен…
– Кин ругел магIарулал,
Кире арал аварал?

## АХIУЛГОХI

КватIунищ? КантIунищ? Канлъи бихьунищ,
Бихьулеб цIидасан некIсияб дунял?
Дун, АхIулгохIалъул ахалъуде щун,
ЩинкIун араб бакъухъ валагьун вуго.

Аллагьасе гIоло гIумру кьун арал
Кьурабазул васал руго рихьулел.
Гьел мугIрузде сверун ругилан ккола,
Халкъалъул къадруги къуватги босун.

Тарихалъул нухда пирхулеб пири
Пикрабазул рекIелъ речIчIулеб буго.
РорчIа кьижун ругел магIарулалин
МагIарул дугIаги рагIулеб буго.

Гьанже АхIулгохIил ахалъиялда
Эхеде нух гьечIо, гIодобе гуреб.
Гурун рукьабигун рагъулел ругел
Муридзабаз буго нилъер яхI цIунун.

Сонал рукIкIун руго Дагъистаналда,
РекIкIги хиянатги буго ханлъутIа,
Хабалалъ умумул нечолеб гIамал
ГIадамаз босараб мех бачIун буго.

Амма АхIулгохIил ахалъигицин
Хвел гьечIолъиялъул мегIерлъун буго.
МагIарул УхIудалъ сири барав дун
СиратIалъул кьотIа тIад вугин ккола.

«ГьечIин Аллагь гурев цогиги Аллагь!»
Гьаниб щибаб рухIалъ такрар гьабула.
Буго имамасул чалмадул канлъи,
Чанги къарнуялъе бакълъун хутIараб.

Хвезе бокьилаан дий АхIулгохIтIа,
АхIи-хIур гьечIого, ругъналги рахчун.
Вачун инаан дун хъахIил зобазде,
ХъахIаб чалмаялъул чодаги рекIун.

Аваразул талихI АхIулгохI букIин
КIочон тараб заман кинан хIехьелеб?

**РорчIа, магIарулал, макьидасайин**
**МагIарул мацIалда лъица ахIилеб?**

**КватIунищ? КантIунищ? Канлъи бихьунищ,**
**Квар тIураб кьода тIад хутIун вуго дун.**
**Дир гьариги, гьаги, гIумруги, какги**
**Каранда, АхIулгохI, дуда тIад руго.**

*** * ***

**РакIалдасан лъалел рукIарал кучIдул**
**КIочон толел руго, дие ккараб щиб?**
**Щибаб лахIзаталъул яхI босарал гьел**
**Гьале рикIкIалъулел, рекIкI гьабурав щив?**

**Амма, мех-мехалда, дидаги гурхIун,**
**БухIараб магIу гьез тIола ракьалде.**
**ТIолабго гIумрудул дандерижилъун**
**Данде ракIарула рекIел зобазда.**

**РакIалдасан лъалел рукIарал кучIдул**
**РакIги цIунун руго, кIочон таниги.**
**ТалихIал лахIзатаз, гьалбаллъун рачIун,**
**БорчIизе гьабула гьез магIарул мацI.**

*** * ***

**Дир арал соназул суратал гIадин,**
**Сардалги къоялги руго паркъолел.**
**КъулгIа буго гьезул дир гьинал рекIелъ**
**Гъунар къеч  буссине тIаде къулулеб.**

**Суратаз суратал хисулел руго,**
**Бегула, тIехь гIадин, тIерхьараб гIумру.**
**ГIемер мех баларо, тIармил чIчIва гIадин,**
**ТIарамагъадисеб лахIзат тIун ина.**

**Дун чотIахъан вуго, магIарул кочIол**
**ЧIолорхъо лъалареб чода рекIарав,**
**КIвараб хIалалъ дица цебе бачана,**
**Чундузул сухъмахъ ккун хирияб шигIру.**

**ГIумрудул рагьида чагъанаялъул**
**Чанги дун угьдараб къири рагIана.**
**Къоринибе ккараб булбул хIинчI гIадин,**
**МугIрузул щобазда швантIих  гIодана.**

Дун асир гьарурал сапарал, нухал,
Нах бахарал къечIо, кьуна заз бугел.
Замана букIана кочIолъ батIияб
ВатIаналъул ахIи рухIлъун лъугьараб.

Гьанже, бакълъун тIерхьун, араб гIумрудул
ТIехь бегулев вуго… ГIазу бан буго.
ГIемер мех баларо, тIармил чIчIва гIадин,
ТIарамагъадисеб лахIзат тIун ина.

* * *

Дун нухде вахъана… Рогьалил рагьдухъ
Ралагьун чIун руго цIиял анищал.
Рокъове вуссана… Къаси сардида
Сас къотIун чIун руго тIурачIел къасдал.

КьилимагIарда тIад салютги гьабун,
Сардил цIваби руго гвагьун пирхулел.
Ургъелазул гъугъай буго кьурабалъ,
Балъголъидул гьаракь буго мугIрузда.

МагIарул сардица кIутIулеб жергъен –
Жеги борхалъуде бахун буго моцI.
РицIил гъветI, гьелъ щвалеб гIарцул канлъухъе
Кан гIадинан бакун бугилан ккола.

Нухлул байбихьиги, гьелъул ахирги
Хирияб ракьалда буго цолъулеб.
ЛъикIабщинаблъун лъалкI дир гIумруялъул
ГIагараб росдаца такрар гьабула.

Сапаразде буссун буго дир гIумру
ГIумрулъун лъугьунел руго сапарал.
Амма щибаб нухалъ, рокъове щведал,
Дунго дидасаго вуго вохулев.

* * *

Дир арал соназул матIуялъусан
БатIаго ялагьун йиго цо гIадан,
ГIажаибго йиго гьей елъанхъулей:
– Дуе лъугьараб щиб, магIарул шагIир?

– ГӀолохъанаб мехалъ дир гордазда гъоркь,
Гирун магӀуги тӀун, гӀодана дур кечӀ.
ГӀазулъан баккараб ихдалил тӀегьлъун,
ТӀегьан йикӀана дун дур гьинал рекӀелъ.

ГӀемер мех баледде гьеб кочӀол бакъан
КъотӀана, лъугӀана, мун рикӀкӀалъана.
РукӀкӀарал сардазда дир магӀил гараз
МагӀарул рокьуе жавгьар бикьана.

Мун ана, дунги тун, дунял тиризе,
Дандерижи билун, хутӀана рокьи.
Дуца дие хъвачӀел кочӀол мухъазде
Дун тӀаде къулана, къулчӀун чӀалгӀенгун.

Рохел биххарай дун, хадуй ялагьун
ХутӀана магӀарухъ, дуда кӀочон тун.
Дур кочӀолъ дие бакӀ батичӀо тӀокӀаб,
РакӀалдаса ана дуда дир сипат.

Мун матӀуялъуве валагьун вуго,
Гьениб гӀолохъанаб дир гӀумру буго.
Мунилан абуни, гӀумру лъугӀулев,
ГӀансидеги къулун вачӀунев вуго.

* * *

Кидаго сваквачӀо магӀарул росулъ,
Сухъмахъазда хадув ххарун унаго.
Хал гьабун вуго дун… Гьаб шагьаралда
Шагьра ккун унаго, сваквалев вуго.

ГӀандаракал гӀадин, нухда кьурдулел
Кьерал руго сверухъ гьал гӀадамазул.
ГӀажуж-мажужалъул къукъаби гӀадин,
Къокъун унел руго гьел рахъ-рахъалде.

ГӀадамазда гьоркьоб кьураб гӀицӀлъиялъ
ЦӀорозе гьабулеб буго дир гӀумру.
ГӀамбарул тӀегь гӀадин, тӀегьараб ватӀан,
ТӀутӀун балеб мехалъ нугӀлъун вуго дун.

«Дуниял рихарал, ахират хварал»
Хиялал йокьулелъ гурелги кьола,
Кьалда буго улка, рагъда буго халкъ,
РугънатӀе цӀан щвалеб буго замана.

* * *

Бугебани цIилицI, гьал арал сонал,
Свакварал, чIалгIарал лъухьизе кIолеб.
КIутIизе нуцIида дир лъимерлъиялъ,
Лъазе гIажаибаб гIумрудул канлъи.

Дие бокьун буго, магIардеги ун,
ГIияда вукIине инсуда цадахъ.
Цингиги, гIурдада гIебеде вегун,
Вехьас гIи кинигин, рикIкIине цIваби.

Дие бокьун буго мугIрул иццазул
Берцинал беразул магIу бихьизе,
МагIу дир беразулъ хулулеб буго,
Хирияб ракьалъул сурат цебе чIун.

Сардил борхалъуда баккараб моцIол
БацIцIадаб гIарцул цIад чвахулеб ватIан,
Ва чабхъил кIкIалахъан чвахулеб лъаралъ
Лъамамесед гIадин гьеб кенчIолеб куц.

Бугебани цIилицI, дир арал сонал
Свакварал, лъукъарал нахъе лъухьулеб.
ЛъугIел гьечIеб рохел дие кьолаан
Кьерда чIун дий талихI гьарулел мугIруз.

* * *

ЩобтIаса щобтIе боржун
Унеб щобил милъиржо,
Щобил бакъанги бачун,
Щолеб буго рекIелъе.
Гьелъул гьуинаб гьаракь,
Гьунаралъул цIун буго,
Гьонодасаги бачIун
Макьилъ рещтIунеб буго.

Их бачIун, я хасел щун,
Хисуларо гьеб дие,
Хаслихъе, я риидал
Унаро пикрабалъа
Лъимерлъидул соназда
МагIарухъ хутIараб ракI
Щобил милъиржо гIадин,
ГIодула дир каранда.

* * *

Кибали, кидаяли, лъидаялиго цадахъ,
Цо рахъалде балагьун бекерун ана гIумру.
ГIемерал ругин ккарал сонал лъугIун унелъул
Аниб хутIараб заман цо Аллагьасе буго.

Кинабго мекъи ккана, къосун ратана нухал
Нухлулал ккана цадахъ хиянатал, гьерсилал.
Салам кьезе чи гьечIеб бачIана тIаде заман,
Цо Аллагьасул гуреб хутIичIо рекIелъ сурат.

## Р А ГI И

Дир цохIониги рагIи
ГIадада хъвараб гьечIо,
КочIолъе бачIиналде
БачIана гьеб рекIелъе.

РекIкIалъул рукIкIбуз басун
Ссудулеб букIана гьеб,
Рокьул гьаркьиде буссун
Сахлъулеб букIана гьеб.

ВатIаналъе налъилъун
Лъугьунеб букIана гьеб,
Налъи тIубазе бугеб
Борч гIадин хутIана гьеб.

ГIолохъанаб мехалда
ГIолохъанго букIана,
КIвечIо заманаялъул
Заруда гьеб чIчIинтIизе.

Дун херлъараб мехалъги
ХерлъичIо цохIо рагIи…
РагIула гьелъул гьаракь –
МагIарул дандерижи.

* * *

Дир рекIелъ тIегьазе тIегь хутIун гьечIо,
ТIогьазда баккизе бакъ хутIун гьечIо:
Вакъана, къечана, нечана, хвана,
Хвел гьечIолъиялде нухда хутIана.

Дир рекIелъ ахIизе кечI хутIун гьечIо,
Каранлъ рагIабазул ицц къунеб буго.
БукIана гIумру кьун дий сайигъатлъун,
Садакъалъун буго гьеб гьанже лъугьун.

Дир рекIелъ гIищкъудул бакъан къотIана,
ВатIаналде рокьи бикь-бикьун ана,
КьуртIа цIабуцIунеб цIум бихьуларо,
Боржун унеб гьунар бортизабуна.

ВатIан тIутIун балел тIадчагIи рихьун,
Хьул къотIулеб буго букIинеселде…
РекIелъ хутIун бугеб тIеренаб сухъмахъ
ТIун ине къачIараб бачIун буго мех…

* * *

БухIулеб, бухIулеб буго гьинал ракI,
РекIел кIутIи буго: – эбел, эбелин.
Бекерулеб буго ракьалда гIумру;
ГIумруялъ ахIула: – эбел, эбелин.

Гьаб кватIараб сардилъ тIаде къулула
ТIадмагIарухъа дур хирияб гьумер:
– Дун херлъунги йигин, унтунги йигин,
Унго, кив вугев мун хирияв васин.

Намусалъ гьикъула – макьу кин щолеб
Щибаб къоялъ эбел йихьичIонани…
ЧIичIидула кучIдул, хIанчIи кинигин,
Кинидахъ кечI кинан кIочон толебин.

Щибго кIочон гьечIо, кIочене гьечIо,
ГьечIо эбел гуреб цогиги талихI.
ТамихI буго дица дийго гьабураб:
– Гьаб шагьаралда – дун, магIарухъ – эбел.

Дие гIумру кьурай, хирияй эбел,
Хирияб рахьдал мацI кьурай дир эбел.
Аллагьас цIунана, дур гьари рагIун,
Дунялалъ цIунана дур дугIа рагIун.

* * *

БахIарчилъи хвараб, чилъи лъугIараб
Чияраб, чиякъаб заманаялда,
ЧиякIаби гIадин руго гIадамал,
РагIадал паркъола, къукъаби гьарун.

ТIадчагIаца тIаса тIом бахъулелъул
ТIолго улка буго накабазде ккун.
Ккун рачун унел гьал хIакимзабазул
ХIукумат сурараб цо сурат буго.

Мискинлъи ракьалда бекьулел ругел
Бечедал цIогьабаз цIцIулеб буго би.
Бищун пайда гьечIо, бичулеб буго
Учузго ватIаналъ чиясул гIумру.

Хвана эркенлъидул некIсияб ахIи,
ХIинкъун унтиги ккун буго Дагъистан.

## КIИГО КЪИСМАТ

КIиго къисмат кьун буго
Ракьалда шагIирасе:
– ЧIаго вукIаго, хварав
– Хун хадуса чIагояв.

* * *

Абуге, абуге, абуге дида
Дунялалъул рокъоб къваридго бугин,
Къоринибе ккараб гъалбацIил гIадаб,
Гъулгъуди гIумрудул лъугIулеб гьечIин.

ГьечIеб гIумру гуреб, цогиги гIумру
ГIадамазе кьола гьеб цохIо нухалъ.
Дове щвараб мехалъ кIиабилелъул
Балъголъи рагьила, жаваб цIехела.

Дир мунагьазул гьир бакIаб букIана,
Гьонодаса индал, къисматалъ кьураб.
Къосарал соналги, хисараб нухги,
НухтIаго хутIарал дир анищалги.

Амма кидаго дир каранлъ букIана
Какикьжо, магIарул ракьалъ тIамураб.
ТIадвугесе дица как балел сонал
КватIаниги, рачIел какалги рана.

Рана, намусалъул нус рекIинабун,
РекIеда хIенсолеб хIалихьалъи чIван.
ЧIвадарухъабазе хъат чIвалеб мехалъ
Халкъалде ахIи бан, гьеб мунагь бугин.

Руго дир гIайибал, руго мунагьал,
Мунагь гьечIеб гьудул кечI букIана дир.
РукIана гъалатIал… ГъалбацI гIадинан
Гъулгъудулеб дитIе букIана заман.

* * *

– Бице, кинан вугев, магIарулав, мун?
– МагIирукъ – гьаб рахъалъ, кверкьей – доб рахъалъ
– Хварав щив, чIварав щив, чIаго вугев щив?
– Щибаб къойил буго цохIого ахIи.

– ЯхI букъулел къоял, къадру чIвалеб мех.
Къарнуялъул хабалъ лъолеб рахьдал мацI.
– ГIадамал холеблъи лъалеб жо буго,
ГIаданлъиги щайзе цадахъго холеб?

ГIумру лъугIулеблъи балъголъи гуро
ЛъикIлъиги щай цадахъ лъугIулеб бугеб?
…Дир магIарул ватIан магIил берал цIун,
ДугIа гIурус мацIалъ гьабулеб буго.

* * *

– Нуж кире унел ругел, нуж кире унел ругел,
Карандаса ракI бахъун, рикIкIаде унел хIанчIи?
– Дуда бихьулеб гьечIищ, бачIун буго хаслихълъи,
Хасел гIагарлъилалде гIедегIулел руго ниж.

– Дица щибха гьабилеб, куркьбалги рекун вугев
ВатIаналда рещтIараб хасалил бакьулъ вугев?
– Воре, воре, хабар те, хинал улкаби хисун
Хирияб ватIан толев талихIав инсан гуро.

– Квераца кверал гIадин, куркьбаца куркьбалги ккун,
Роржун унел руго нуж, нижетIе магIуги тIун.
– МагIарулал магIарухъ магIарулаллъун рукIа,
МагIарул цIумаз гIадин, магIарул зобал цIуне.

– Дий гьитIинаб къадако къимат кIудияб буго
Росдал хIинчIлъун хутIараб, ватIаналъе ритIухъаб.
– Роржунел руго хIанчIи, рещтIине бакI балагьун,
Балагьал шагьаразда магIарулал гIадинан.

* * *

Росу тун рикIкIаде накIкIил рохьазде
РусунакIкIалъ квасквас самун бихьула.
Хьулалгун, анищал щущарал щобал
Щола пикрабалъе, рещтIуна кочIолъ.

**РачIун аскIорегун, кIалъала мугIрул,
КIалалда цIумур бан гаргадула мацI.
Дун магIарухъ вуго гьаб сардил макьилъ,
Рокьул суратаз цIун буго сверухълъи.**

**Дир арал соназул матIуялъусан
ВатIаналъул гьумер буго балагьун.
Аллагьасул цIаргун цIалеб хIухьелалъ
АхIун унев вуго дун борхалъуде.**

**Росу рехун течIел росуцоязде
Цо батIияб рокьи буго дир ракIалъ.
РикIкIадасан вуссун Гьоноде щведал,
Гьабула дица рецц БетIергьанасе.**

**ЧIегIерал накIкIаца бахчараб гIасру
ГIазухъахIго гьаниб бихьула дида.
Дун лъаларел лъимал руго къватIазда
КъотIносан вачIунев дида дандчIвалел.**

**ЧIалгIаде хуличIо дир бадиб магIу,
Халкъ чIаго букIина, лъимал рукIаго.
Гьезда дун лъаниги, лъачIонаниги,
ГьечIо дие ургъел… Лъазе те дир мацI!**

*** * ***

**ГIумруялъ гIемерал гIазабал кьурав,
КьогIлъи, лъим гIадинан, гIемер къулчIарав,
Ракъиги къечейги кьойил бихьарав,
МагIардеги вахун, гьардолев вуго:
– Гьал дир лъимал цIуне, БетIергьан Аллагь!**

**Ццидалаб заманалъ сверун ккун вугев,
Кквезе квер бегьулел гIадамал дагьаб,
ДагIба-рагIи цIикIкIун дугIа кIочараб,
МагIарул мацIгун цIар цIоролеб бугеб,
Ахирзаманалда угьулеб буго:
– Гьал дир лъимал цIуне, БетIергьан Аллагь!**

**Рагъул кьогIлъи бугеб, кьалул сас бугеб,
Сабурлъи лъугIараб, гIакълу тIагIараб,
ГIагарал-божарал хиянатлъараб,
Ханлъи цIогьазе кьун ватIан бичараб,
Чараб гьаб мехалда гьабула гьаракь:
– Гьал дир лъимал цIуне, БетIергьан Аллагь!**

Сордо рагьдухъ бугев, рогьел херлъарав,
Херлъиялъул гIанса сонаца кьурав,
Кье дие, БетIергьан, рекIее хIалхьи,
ХIалалаблъун гьабе хутIараб заман,
Дуца къабул гьабе дир рекIел гьари:
– Гьал дир лъимал цIуне, БетIергьан Аллагь!

* * *

Дицаго дихъаго босула сурав:
Суалал, суратал, сардил пикраби,
Каранда кверги лъун, къабул гьабула,
Гьаб къарнуялъ лъазе гьабун бугеб рагъ.

Рагъиде чвахулеб моцIрол канлъуца
Кинабали хIикмат буго рагьулеб.
РакIалдещвеязул кунчIараб сипат,
Сири черхалда бун, буго цIилъулеб.

ЦIидасан бихьула хиянатлъиялъ
Хириябщиналде гьужум гьабулеб.
Жугьабазул куркьбал рекарал кучIдул
Каранде роргула, холел хIанчIилъун.

Роржен хвараб мехалъ хола пикраби,
Пикраби хваралго, хола дуниял.
ДугIаялъе рагIи балагьулаго,
Аллагьасде вуссун хутIула сардилъ.

МоцIрол  хъахIал чIораз абулеб буго
Аб дунял лахIзатаб талихIлъун бугин.
Лъидаго лъаларо цохIо балъголъи:
– Метерисеб къоялъ къачIан бугеб щиб?

* * *

Дун нухлулав вуго, нухлулав вуго
Нухазда свакварав, соназ гуккарав.
Кверги ккун, дир хьолбохъ буго замана,
Рахъ-рахъалде цIалев вуго сапараз.

Дир рекIел эркенлъи каранда хвана,
Хиялал, анищал аниса ана
Сардалги къоялги, рагIадал лъугьун,
Гьоноде руссине кватIун ратана.

**Тана нахъа ватIан, гьетIана нухал,**
**Гьерсахъабаз сверун ккун ватана дун.**
**Дунялалда бищун хириябщинаб**
**Хадуб гьабилилан гьоркьоб хутIана.**

**Рокьоб гIадаб манзил хутIараб заман**
**ТIаде щвараб мехалъ, тIуркIун ворчIана.**
**БичIчIана гьал нухал нухал гуреллъи,**
**Гирулеб магIица гьабуна тавбу.**

**Буго цохIо гьари БетIергьанасде**
**Гьабе хIалхьияблъун бачIунеб херлъи.**
**Хириялщиназда рихине тоге,**
**Рорхатал зобазул рахIматалъ цIуне.**

**ЦIалеб буго хIухьел: Аллагь, Аллагьин,**
**Угьулеб буго гьеб: Аллагь, Аллагьин**
**Гьинал рекIелъ бугеб иллагьияб нур,**
**Гьаб дунял толелъул, те ватIаналда.**

*** * ***

**Аллагьасул цIвабзазул**
**ЦIадулал чIумал руго,**
**Ракьалдеги ралагьун,**
**Гьунар гIадин, кенчIелел.**

**МоцIроцаги бицунеб**
**Бугин ккола рахьдал мацI,**
**Рохьал, щобал, гIалахал,**
**ГIенеккун руго гьелъухъ.**

**МугIрузухъ валагьула,**
**Аллагьасе рецц гьабун,**
**РекIел берал рагьула –**
**Берцинлъи дунялалъул.**

**Дир щибаб шигIруялъухъ**
**Щукру БетIергьанасе,**
**Щибаб рагIулъ лъун бугеб**
**ДугIа, гIумру кьурасе.**

**КочIолъ как балеб бугеб**
**Каранда нурлъун чIараб,**
**ЧIахъаги магIарул мацI,**
**Дир дугIа къабуллъаги!**





ПатIимат
ГIАБДУРАХIМАНОВА

## ЛЪИКIЛЪИЯЛЪУЛ КЪИМАТ ГЪАБИЧIОНИ…

Дун доб мехалда, дагъаб заманаялъ хIалтIулей йикIана телефоназул бухьеналъул идараялда. ХIалтIи букIана чIамучIаб ва гьоркьоса къотIичIого жидерго къваригIелаз рачIунел батIи-батIиял гIадамазухъ гIодоре риччан гIенеккизе, гьезие бажарараб кумек гьабизе кIудияб сабру къваригIунеб. Гьеб букIана кIиго сменаялъулаб хIалтIи. Дир дандияй йикIана, росасухъаги ятIалъарай, Написатилан гIолохъанай гIадан. Анкьго-микьго сон балей ясги йикIана гьелъул. Гьелъ щибаб моцIалъ гIадин хисулаан кколел рукъзал. Къойил гьей гьикъун хIалтIуде рачIунел гIолохъаби дида ракIалдацин чIолел рукIинчIо. Гьей цин цо сагIаталъ унаан, дитIе жиндирго хIалтIиги рехун, цин кIиго-лъабго сагIаталъ йилулаан, хехго рокъое ине бокьарай, свакан холей дун, гьелъул бакIалдаги хIалтIизе кколаан. Цо-цо мехалда гьей ячIинего ячIунароан. Цин кватIун ячIунаан, цинги заман щвелалдего унаан. Абизе бегьула, цо къо букIинчIин кколеб низамалда гьей хIалтIуда йикIунебилан. Написатица ургъулаан чанги батIи-батIиял багъанаби: яс унтун йигилан, школалде собраниялде ахIулей йигин, цо рокъоса цоги ккураб рокъобе къайи баччизе къваригIун бугин, унтарал яги хварал гIагарал чагIазул бицунго хIалкIвеларо.

Дида цIакъ лъикI лъалаан гьел киналго багъанаби, гьерсал рукIин, амма, гьудул-гьалмагъ йикIинчIониги, гIадамасул ракIхвезабизе кIоларей дица, божараб ххвелги гьабун, юцIцIухIун тIубазабулаан дирабгоги гьелъулабги хIалтIи. Цогидал цадахъ хIалтIулез абулаан щайин дуе гьей къваригIарай, рикIкIад тейин, баркала-кири лъаларей гIаданилан. Дица жаваб кьолаан, щиб лъалебин цо къоялъ гьей диеги къваригIине бегьулилан.

Абухъего, бачIана цо гьединаб къоги. РакIалдаго гьечIого гIагарай гIадан хун йигилан рагIидал, дун росулъе ине къачIана. Дир ракIчIун букIана Написатица, калам тун, дун хисилилан, кинабгIаги щаклъицин дир гьелда букIинчIо.

– ТӀасалъугьа, – ян абуна гьелъ, – данде ккезехъин гьечӀо, дихъе метер рокъове мастер вачӀине ккола телевизор къачӀазе.

– Телевизор къачӀалев чи сезе вачӀине бегьуларевищ, Написат, дун метер росулъе инчӀого гӀоларо, – ян гьикъана дица гьелда.

– Бегьуларо, – ян жаваб кьуна гьелъ, – къотӀи гьабун буго метералде, цойгиялда гьаре.

Гьеле гьедин, адаб-нич тун инкарги гьабун, гьелъ дир тӀоцебесеб гьари нахъчӀвана. Узухъда, дун тамашалъун йикӀана, цинги дида ракӀалде ккана, тӀадеги лъикӀин гьелъ инкар гьабун, гьелъ дие ихтияр кьолеб бугин тӀокӀалъ гьелъие кумек гьабичӀого букӀинеян.

Ана гьелдаса заман. Цо къоялъ, расги нечечӀого, Написатица абуна:

– Дун метер лъалев васгун цадахъ, гьесул гьалмагъасда гьавураб къо баркизе уней йиго, дуца начальникасда цее дун ритӀухъ гьае, ургъе щиб бугониги. Дица гьеб дутӀа тӀадкъан толеб буго, – ян.

Дун лъикӀалан мехалъ гьелъул бадие ялагьун чӀана, цинги абуна:

– Гьайиларо, – илан.

Гьей цо параялъ, жиндирго гӀундузда божичӀого, хаган хутӀана.

– БичӀчӀичӀо…

– Щай дуда гьеб бичӀчӀулареб, – ан абуна дица гӀодойиччан, сабурго, – тӀокӀалъ дида гьаруге дур хӀалтӀи гьабеян, гьабизе гьечӀо.

Гьей цин гӀажаиблъун дихъ ялагьун хутӀана, цинги гьелъул гьурмал кьер хисана, ццидал цӀун бералгун, хичун лъугьана:

– Дида лъала щай дуца инкар гьабулебали! Дида хӀалхьублъун, жанисанго жахӀдаялъ турулей йиго мун! Дун гьикъун рачӀунел цояздаса цоял гьайбатал гӀолохъабиги рихьун, дир бугеб эркенаб гӀумруялдаги бахиллъун! Мун дурго асирлъуда йиго! Дур буго херай кӀодол гӀадаб гӀумру: радал – хӀалтӀуде, бакъанида – рокъое! Лъие мун къваригӀарай «гӀолохъанай кӀодо»? МахсарохочӀ гурей, аваданлъи рекӀелъ гьечӀей, гьимизецин лъаларей?

Дица гьелда цо рагӀицин абичӀо.

Унгеян гьардолел начальникги, цадахъ хӀалтӀулелги тун, дун нахъисеб къоялъго гьениса нахъе ана.

Дие бокьун букӀинчӀо тӀокӀалъ киданиги Написат йихьизеги, гьейгун хӀалтӀизеги.

## ЙИЧАРУХЪАНГИ ДУНГИ

Цо гьалмагъалъ, тӀадчӀун, гӀемерай гьардон, гьелъ Италиялдаса бачӀараб хирияб гурде босизе тӀамуна дун. ГӀашура йикӀана даран-базаралъул чӀужу, гьей щолареб бакӀ букӀунароан къайиялда хадуй. РетӀине гурдал гьечӀого йикӀинчӀониги, гьалмагъалъ хӀалицаго босе-босеян тӀад къалеб гурде дие рекӀее гӀун букӀинчӀониги, гьелъул гьари нахъчӀвазе кӀвечӀо дида.

– Гьадин хирияб гурде босизе ресни гьечӀоха гьабсагӀат дир, – ян зигардана дун, – гьалъул багьаги дие кӀиго моцӀалъ хӀалтӀун щолеб харжалъул буго. КваначӀого-гьекъечӀого йикӀине ккелаха гьанже дун дуе налъи бецӀун лъугӀизегӀан…

– Вай гъарин, дуца бицунеб щиб? Щибаб моцIалъ дагъа-дагъаб гIарац кьуни гIун буго дие: лъагIалида жаниб анцIила кIиго моцI, анцIила кIиййиде бикье гурдил багъа, цинги кин кьураб лъачIого тIубазе буго дуца дир налъи, – ан дир ракI гIодобиччазабуна гьалмагъалъ.

Чияр налъи бокьуларейги йикIун, гьеб хехго тIаса инеян, дица, харж щварабго, кьезе къотIи гьабуралдасаги гIемерго цIикIкIун гIарац кьуна ГIашурахъе.

Дида ракIалде ккун букIана, кигIан захIмалъаниги, къотIи гьабураб къагIидаялъ гуреб, кIванагIан хехго гурдихъ гIарац кьелилан.

Цо чанго къо арабго, хIалтIудаса дун ячIинегIан, дир рукъалъул кIалтIа чIун ятана дида ГIашура.

– ЙорчIами, ГIашура! Мун дихъе гьоболлъухъейищ щварай?

– ЙорчIами, дир хирияй, – ан гьелъ дида цIакъго хIеренго къвал бана.

Ниж рокъоре жанире лъугьана. ГIодор рукIун чай гьекъана, гьаб-добалъул бицана. Дида бихьулеб букIана гьелъие цо щибалиго абизе бокьун букIин.

– ЦIакъ рекъон буго дуда гьеб гурде, – ян абуна гьелъ дихъги ялагьун, – кигIан лъикI ккараб дуца гьеб босун.

– Баркала, – ян ракIалда жого гьечIого гьимана дун.

Цо лахIзаталъ кIиялго руцIцIухIун чIана. Цинги гьей багIарлъана, хъахIлъана:

– ТIасалъугьа, амма дир аскIове ине божарав чиги гьечIо, батани кодоб, цадагьабги гIарац къваригIун буго дие…

Дун дагьалъ йиххана, амма ГIашурада хIаллъазе течIо.

– Рукъалъухъ кьезе тарал гъурщал руго, – ян абуна дица тIаде яхъунаго, – кIваричIин, хадуб кIиго моцIалъул цадахъ кьела…

Хапун дихъа гIарацги босун, ГIашураца гIедегIун къватIибехун гали босана, хадуй ялагьун дунги хутIана.

Ана гьелдасаги ункъо-щуго къо. ГIодоркъоги букIун, дун рукъ бакIа-бахарулей йикIана. Циндаго нуцIида кIутIана. Гьей йикIана ГIашура.

– Дицаги гьабила дуе кумек, – ан абуна гьелъ, чай гьекъон лъугIарабго.

– КIваричIо, ГIашура, мун дихъе хIалтIизе гурелъул ячIун йигей, гIодой йикIа.

Гьелъ цойги чай тIуна жиндиего. Доехун юссана, гьаниехун сверана. Ине къачIадана. Дица нуцIа рагьана гьей нуха регIизе.

– Дие гIарац къваригIун буго, – ян абуна гьелъ, циндаго, гIедегIун. – Дирги руго налъаби. Гьел рецIизе ккун руго. Духъ кодор кигIанал гъурщал ругел?

Дун, хаган, гьелъулъ ялагьун хутIана.

– Дица моцIалъул харж дуе кьунаха, амма дур рескъотIараб хIал батани, дица яцалъуха къарзалъ босила…

Бакъанида, шагьаралъул цояб рахъалда гIумру гьабулей йигей яцалъухъеги ун, дица гьелъухъа къваригIарабгIан гIарац босана. Ва, рокъое тIадюссарайго, телефоналъ ГIашурахъе кIалъана гIарцуда хадуй ячIаян.

Дир ракIчIун букIана, кин букIаниги, гьанжегIаги цо-кIиго моцIалъ гIарац гьарун гьелда дихъе ячIине кIвеларилан. КигIанха дун мекъи ятарай…

ТIубараб кIиго анкьалъ ГIашура дихъе яккичIо. Дирги дагьалъ ракI гIодобе биччана. Амма цо къоялъ гьей телефоналъ кIалъан ячIана.

– ЙорчIами! Бакъанида рокъой йикIинищ мун? Цо бицине хабар буго.

– ЛъикI буго, – ян жаваб кьуна дица гьелъие.

БитIун бицани, дида цо лахIазаталъцин ракIалде ккечIо гьей дихъе гIарцуда хадуй ячIунеи ятилилан.

Бакъанида дихъе щварай ГӀашура гьаб нухалда рокъое жаниехун лъугьинчӀо.

– ГӀайиб гьабуге. Дун цӀакъ гӀедегӀун йиго, – ян абуна гьелъ, – метер дун сапаралъ ине ккола къватӀисеб пачалихъалде цӀияб къайиялда хадуй, билетги босун буго метериде. Дуе щиб гьаб нухалда дица босизе бокьилеб? – ан расги нечечӀого дихъ ялагьун чӀана гьей.

– Щибниги босуге. Дие къваригӀараб жо гьечӀо, ГӀашура, цин тӀубан гурдихъ налъи бецӀинчӀого.

– Гьанже дуца дие гурдихъ кьезе хутӀараб гӀарац кье, дие гъурщал хӀажат руго.

Дун абизе рагӀи батичӀого, гьалгъан хутӀана.

– Дихъ гьабсагӀат гӀарац гьечӀо…

– Балагьеха къарзалъе.

– ГӀашура, нилъеца кинаб къотӀи гьабун букӀараб? Дур цо рагӀи букӀунаребищ? ЛъагӀалица кьуни гӀелаянги абун, гьанже цо моцӀида жаниб, бокьаралъуса балагьун, кьеянищ мун?

– Дида лъанищ букӀараб гьадин ккелилан? Дуда кӀола гури яцалъухъа къарзалъе босизе.

Нич-намус тун гьей дида кӀалъалей куц бихьун, дида бичӀчӀана ГӀашура гьедин ругьунлъарай чӀужу йикӀин. Дида гьеб гьанже гурони бичӀчӀичӀо, лъачӀо. ХӀалица сабру гьабуна гьелда квешаб рагӀи абичӀого чӀезе.

– Цо-кӀиго сагӀаталдасан якке дихъе, – ян абуна дица гьелъул бадиеги ялагьичӀого.

Меседил баргъичги меседил кӀилкӀалги росун, дун, гӀедегӀун, учузаб багьаялде гьел росулеб бакӀалде йилълъана. Цинги налъи тӀубазе гӀураб гӀарац гьезухъги щун, рокъое гӀедегӀана.

ГӀашура дир рукъалъул кӀалтӀа бугеб скамейкаялда гӀодойги йикӀун, телефоналъ кӀалъалей йикӀана.

– Ма, рикӀкӀе тӀубан бугищали, – ян абуна дица гьелда аскӀое щварайго, сумкаялъуса къватӀибе гӀарацги бахъулаго.

ГӀашураца, гӀедегӀинчӀого, кӀиго нухалда гӀарац рикӀкӀана. Гьелъул гьурмаде хъантӀараб разилъиялъул гьими рехана.

– Дида лъан букӀана дуца дун хвасар гьайилейлъи! РакӀчӀун букӀана! Нахъе-нахъеги дургун гьабизе буго даран, дир хирияй гьалмагъ, – ГӀашурае бокьун букӀана дида къвал базе, амма дун нахъегӀан къана.

– Бице дида, тӀубанищ дица дур налъи? – ан гьикъана дица, ццидал цӀаялъ жаниб цӀун бугеб кереналъул хӀалги гьелда лъазе течӀого, гӀодойиччан. – Гьанже мун а гьаниса, ГӀашура. Гьале гьабсагӀат дирги дурги нухал рахъ-рахъалде рикьула. Даималъего! Дир рокъобе нух кӀоча дуда, дур цӀар кӀочене дицаги яхӀ бахъила. Вассалам! Вакалам!

## ЧИЯР ХЪИЗАН – БЕЦӀАБ РОХЬ

Дир кидаго ракӀчӀун букӀунаан дир гьудулалъул хъизан бищун талихӀаздасан цояб бугилан. Гьелъул рос Ибрагьимги кӀиявго вас Назирги Замирги рукӀана дие сундулъго мисалияллъун. Ниж цо идараялда хӀалтӀулел рукӀана, кабинетги цого букӀана.

Ибрагьимица щибаб къоялъ радал хIалтIудеги щвезаюлаан Зайнаб, бакъанида, хIалтIи лъугIарабго рокъое гьейги щвезаюн, живго нахъойги жиндирго хIалтIуде тIадвуссунаан ва кватIизегIан гьенив вукIунаан.

ТIубараб хIалтIул къоялъги гьел цоцахъе кIалъалаан, ккараб-таралъулги цоцазда бицун. Хъизаналъ гIумру гьабулеб букIана Зайнабил эбел-инсуда аскIоб, гьезул рокъоб. Гьединлъидалги батилаха, бихьулеб букIана хъизаналъул бетIер Зайнаб йикIин, рос гьелъухъ гIенеккулев вукIин, гьелъул буюрухъалги, калам тун, гьес тIуралел рукIин.

– ТалихIай чIужу йиго мун, Зайнаб, – ан абулаан дица гьелда, рекIелъ кинабгIаги жахIдаялъул къатIраги гьечIого, – росал цоял рукIуна гьекъолдулел, цоял хиянатал, лъабабилел – кIохIалал, хIалтIи бокьуларел. Дур рос Ибрагьим кинабго рахъалъ цIубарав вуго. Воре дуца къадру-къимат гьабе росасул. Берккезе гурин, сабаб хъвай, чанги янгъизго ругел, рос– рукъалъул талихI кьечIел руччабазе вокьилаан гьединав гIумруялъул гьудул дандчIвазе. ЦIодорго йикIа мун!

– Дида лъала, лъала. Ибрагьим месед вуго. Дун кутакалда йокьула досие. Дир эбел-инсуеги вокьула дов вас гIадин. Амма цо жо буго рахIатхвезабулеб – досул харж дие къваригIарабгIан цIикIкIараб къадаралъул гьечIольи…

Дида лъалаан Зайнабил дагьаб харж букIин. Гьебги гьелъул рокъобе щвезегIан хутIулароан. Гьелъ хвезабулаан жиндаго тIад, жиндиего къваригIаралъубе. Хъизанги чIужуялъул эбел-эменги хьихьун рукIуна Ибрагьимил харжалъ. Гьев хIалтIулев вукIана хьитал рукъулеб цехалда, щибаб къойил, гIодобкъо яги отпуск гьечIого.

Цо къоялъ хIалтIуде щварай Зайнабил гьумер, чIегIерал накIкIаз цIураб зоб гIадин, кьерхун бихьана дида. Гьей тIубараб къоялъ юцIцIухIун чIун йикIана. «ВахI, щибгIаги жакъа гьалъие ккараб? – абун ургъулей йикIана, гъоркьанго гьелъухъги ялагьун, дун. – Росги кIалъалев гьечIо жакъа гьалъухъе, гьай досухъеги кIалъалей гьечIо…»

– Зайнаб, мун щай жакъа юцIцIухIун чIун йигей? Щиб дуе? – абун гьикъана, бакъанида рокъоре ине къачIалаго, дица гьелда.

– Мун рокъое гIедегIун ятичIони, рилълъа паркалдехун тира-сверизе, – ян абуна гьелъ дир суалалъе жавабги кьечIого.

Ниж гIадамал гьечIеб гIадаб рахъалдехунги ун гьаругьинан скамейкаялда гIодор чIана. Хасалихълъиялъулаб тIогьиллъи рехулеб букIана гъутIбузде. Нижедаса гIемер рикIкIад гьечIого расандулел рукIана лъимал. Гьезул ахIи-хIуралъ цIун букIана сверухълъиго, рихьулел рукIана дора-гьанир скамейкабазда гIодор чIарал хералги.

– Чанго къо буго Ибрашкае кьезе кколеб харж кьечIого, – ян байбихьана Зайнабица, – нолъ питна-хабар ккана рокъоб гьеб сабаблъун. Эбел-инсуе дараби росизе ккола, кредит бецIизе заман щун буго, рукъалъухъ кьезе ккола – дагьабищ бугеб рокъобе къваригIараб-тараб…

– Зайнаб, сабру гьабе, батила цо гIилла. Метер-сезе щвела гури гьесие харж. Къаси-къад чIечIого хIалтIулев вуго дур рос, чанго къоялъ харж кватIунилан, метер Къиямасеб къо чIезе бугелб гIадинищ йикIине кколей?

– Ракь хъвалхьунги балагьизе ккола бихьинчияс хъизан хьихьизе гIарац, – ан букIкIинабуна гьелъ нодо, – дицайищха гьанже гьелъулги ургъел гьабизе кколеб?! Гьелъулги долъулги тIалабги гьабичIони, дие рос щай къваригIарав!

– ГӀумруялда жаниб бокьараб жо ккезе бегьула, – ян байбихьана дица, амма, циндаго Зайнабил телефоналъул звартгъиялъ дун гьоркьой къотӀизаюна.

Гьев вукӀана Ибрагьим. КӀваркьун гӀенеккичӀониги, дида рагӀулеб букӀана, гьесул гӀайиб ккараб гӀадаб, гӀодобе биччараб гьаракь…

– Зайнаб, мун рокъое щун йигищ? Дун кватӀун гурони щвеларо, кӀудияб ва хехаб заказ буго. ГӀайиб гьабуге, хирияй, гьарула, дагьалъ сабру гьабе…

Зайнабида яхӀ гьабизе кӀвечӀо росасул кӀалъай лъугӀизегӀан, гьесухъ гӀенеккун чӀезе. Гьей, ццидахун, понцӀон, багӀарлъун лъугьана. Цинги… гьелъул мацӀалдаса рорчӀарал рагӀаби, бегӀерал чӀорал гӀадин къалел рукӀанин ккола доб рахъалда вукӀарав Ибрагьимил рекӀелъ. Чанго соналъ цадахъ хӀалтӀулел рукӀаниги, дида киданиги ракӀалде ккун букӀинчӀо Зайнаб гьединай кӀалквешай гӀадан ятилилан, яги цо лъицаниги гьей гьединай йигилан абурабани – божизеги йикӀинчӀо. Гьелда аскӀой гӀодой чӀарай дун, цӀорон, гьалгъан хутӀун йикӀана гьелъухъ гӀенеккун. Цо кинабалиго хӀинкъигицин бачӀана рекӀелъе кӀанцӀун: дица цо лахӀзаталъ цебечӀезабуна, нагагь дун сабаблъун гьелъие цо кинаб букӀаниги зарал ккани, гьей дидаги гурхӀизе гьечӀеблъи…

– ВуцӀцӀа! КӀал къай! – ан, сородилаго гьаракьгун, ахӀдолей йикӀана гьей росасде, – мунги гӀаданиланищ дида кӀалъалев вугев?! ГӀадан мун вукӀаравани, цо къатӀраниги яхӀги дулъ букӀарабани, мун чӀужуялъул рокъов гӀумру гьабун вукӀинароан! ГӀадамаздаса нечон холей йиго дун росги эбел-инсул рокъов хьихьизе ккун! Бихьинчи вукӀаравани, мина-рукъ букӀинаан дур! Хъизан хьихьизе кӀоларев чияс щай чӀужу ячарай?! Щай лъимал гьарурал?! КӀиго къойидасан харжги босун рокъове вачӀинчӀони, дурго рагь-рагьарал носкабиги чемоданалъур лъун, яре мун дир рокъоса!

Циндаго гьелъул гьалагаб ццим магӀуялде сверана:

– ТалихӀкъарай дун! КъобухӀарай дун! Рос вугилан ятилаха! ДитӀе тӀаде ккараб балагь! – Зайнабил бадиса магӀил гарал гирана.

Доб рахъалда сихӀкъотӀи букӀана. Дун ургъулей йикӀана, гьанжени гьел ракӀчӀун ратӀалъилин, чӀужуялъ абурал хӀакъираб рагӀабиги хӀехьон Ибрагьимги вукӀинарин. Жиндир заманаялъ кьечӀеб харж сабаблъун цойги хъизанги биххизехъин бугилан.

Амма дун мекъи ятана.

Цо-кӀиго къойидасан, цӀияб гурдеги тӀад ретӀун, гьимулаго кабинеталъуе лъугьун ячӀана Зайнаб, гьелда хадувго Ибрагьимги.

– Гьанже мун ине бегьила, хирияв, – ан абуна гьелъ, гогьдарилаго. Гьесул кӀаркьада убачги гьабун, щибго ккечӀеб гӀадин, кидаго гӀадин, дир гьалмагъалъ жиндирго рос нуха регӀана.

Цинги гьей дидехун юссана.

– ДитӀа гурде рекъон ккун бугищ, Ибрашкал сайгъат.

– Буго, – ян абуна дица, рекӀетӀеги ячӀунарого, – дида ккун букӀана…

Дир калам гьоркьоб къотӀизабуна тӀаде рачӀарал хӀалтӀухъабаз. Гьез, Зайнабил гурде баркун, рецц-бакъал гьарулел рукӀана.

Узухъда…Гьезда, дида гӀадин, цоги батӀияй Зайнаб лъалей йикӀинчӀелъул…

## ДУНГИ, ГЬУДУЛГИ, ГІАРАЦГИ

ГьитІинабго коллективги букІун, дун йикІана бухгалтерги, кассирги, отделалъул кІудияйги.

Кабинеталъур рукІана нижер кІигоял: дунги дир гьалмагъ оператор Заираги. Ниж хІалтІулел рукІана самолетазе билетал ричулеб идараялда. Щибаб шагьаралда йикІана нижер коммерческияб филиалалъул цо-цо билетал ричулей кассирги. Анкьида жаниб цо нухалъ гьел кассирал рачІунаан дихъе билетал ричун щвараб гІарацги босун, отчет кьезе.

ГІарацги ричарал билетазул сияхІги гьебго къоялъ дица кьолаан начальникасухъе. ТІоцебесеб къоялдаса нахъе къотІи гьабун букІана кабинаталъуб бугеб сейфалда жаниб гІарац тунгутІизе.

Цо къоялъ бакъанида, рокъоре ине къачІадулаго, ракІалдаго гьечІого ячІана цо кассир гІарацги босун.

– Дун цо чанго къоялъ хІалтІизе гьечІо, – ян абуна гьелъ рокъое ине къачІадулей дунги йихьун, гІайиб гьабуге ракІалдаго гьечІого ячІунилан, дир лъимер унтун буго…

– Гьа кІваричІо, – янги абулаго, дун нахъойги столалда нахъа гІодой чІана. – Заира, мун дихъ ялагьун чІоге, рокъое а, – ян гьалмагъалдехун юссана дун.

– Йохъ, инаро. Дун гІедегІун гьечІо, – ян жаваб кьуна гьелъ.

Дица гІедегІун гІарац рикІкІана, цинги цадахъ рокъобе босизеян гІарцул гуриги столалъул хъурщиялъуб лъун, сияхІалъул хал гьабизе лъугьана. Хадуб компьютералда жанире росана билетазул къадарги гІарцул къадарги. Гьединан ана таманаб заман. Дихъ ялагьун чІарай гьалмагъалде берги рехун, дица хъата-масан стол бакІа-бахарана. Автобус чІолеб бакІалде гІагарлъулаго, циндаго Заира лъалхъана:

– Вай БетІаргьан Аллагь, дир бетІер тІубан сверун бугин ккола, телефон хутІун буго хІалтІудаго!

– Гьа, кІваричІин, радал, таралъубго батила дуда гьеб. Гьанже мун хІалтІуде тІадюссани, цІакъго кватІила гурии рокъое, – дидаго гІайиб ккараб гІадин, гьалмагъалъул ракІ гІодобиччазабизе лъугьана дун.

– Йохъ, йохъ! Телефонги хІалтІуда тун дида къаси макьу щоларо, росги вагъила…

– Гьедин батани кІиялго тІадруссинаха, – ян тІирун чІана дун.

– Юссунге, юссунге! Дица росасухъе ахІила, дов машинаялда вачІина дун ячине.

– Гьедин батани дун инаха, – янги абулаго, аскІобе гІагарлъулеб автобусалде данде екерана дун.

Къаси кватІараб гІужалъ бусада еграй дун: «Вай, гІарац хъурщиялъубго хутІанагури, кІочана цадахъ босизе!» – ян абураб пикруялъ ток кьабурай гІадин лъугьана. Цин гьесана, тІадеги яхъун, гьение ине. Хадуб пикру гьабуна кибейин къаси сардилъ кабинеталдаса гІарац инебилан. Кабинеталъул кІул букІана лъабгоязухъ: дихъги, Заирахъги, рацІцІалъи гьабулей гІаданалъухъги. Макьу щолеб букІинчІо. Рогьалилъ кьижун ккун ятана. Макьилъ дун, цо хІабургъараб гІор бакьулъе ккун йикІана, я доб рахъалде, яги гьаб рахъалде яхъине кІолеб йикІинчІо кинго… ТІуркІун йорчІарай дун, хехго тІаде яхъана,

тIад ретIелги ретIун, гIедегIун хIалтIуде щвана. Рагьана столалъул хъурщи… гьениб гIарац букIинчIо… Дида цIорораб гIетI бана. «Нолъ тIадюссун арай Заираца мухIканаб бакIалда бахчун батила, яги дир рахIатхвезабиларилан, цадахъ босун батила, – ян диего ракI-макI гьабулеб букIана дица. – Щай гъолъ дихъе телефоналъ ахIичIеб, юцIцIухIун чIечIого...»

Бихьулеб букIана уборщица гьание щун гьечIеблъиги. Гьеб лахIзаталъ нуцIа рагьун ана ва Марат Баширович жаниве лъугьун вачIана.

– ЙорчIами!

Дун гьесухъ ялагьун хутIана.

– Дун гIедегIун вуго, нолъ бакъанида кассиралъ босун бачIараб гIарац кье дихъе!

– ГIарац гьечIо…

– Кин гьечIеб? Кибеха араб?

– Дида цадахъ босизе кIочон тана, гьаниб столалъул хъурщиялъуб лъун букIана…гьале гьанже гьечIо…

– Дуца махсарогIаги гьабулеб батила?..

Цо-цоккун хIалтIухъаби рачIине лъугьана. ЯчIана Заираги.

– Заира, дуца хъурщиялъуса гIарац босанищ, нолъ дида гьаниб кIочон тун буго?..

– БосичIо. Дида бихьичIо. Дида щаклъунцин гурищ нуж ругел?

– Мун нолъ тIадюссун индалха гьание, дир ракIчIун букIана дуца цадахъ босун батилилан…

– КъваригIун батила дие нужер гIарац! – ан хичун ячIана циндаго гьей. – Мун йиго бухгалтер, дуцаго кье дурго гIарцул жавабги! ГIайиб чIвазе чи валагьулелищ нуж?! Нуж дида щаклъун ратани, дица гьабсагIат рос ахIила гьаниве! – анги ахIулаго, багIа-бакарлъун, гьалаглъун лъугьана гьей.

– Заира, дуца бицунеб щиб? Кинаб щаклъи? Нолъ мунги дунги рукIана гьанир. Дуда бихьун букIана дица гIарац хъурщиялъуб лъолеб. Цинги мун тIадюссана, телефон кIочон бугилан…

– ГIела! ГIела! – ян ахIдезе лъугьана нахъойги Заира, – гьединищха нуж! Йохъ, дун гьабсагIатго уна гьаниса нахъе! Цебего бокьун букIана нахъе ине! – сородулел квераз хапун кодобе сумкаги босун, жвархан, бекуледухъ нуцIаги къан, гьей къватIие кIанцIун ана. Гьалгъан хадур ралагьун нижги хутIана.

– Дун гьабсагIат гIедегIун вуго, тIадвуссун вачIина, цинги бицина гьелъул хабар, – ан Марат Баширович нуцIихъе щвана.

– Милициялде ахIун лъикI гурищ, лъил килщазул лъалкIал хъурщиялда хутIун ругелали, – ян абуна, гьабизе жо тIагIарай, тату хварай дица.

– Балагьилин, – анги абулаго, гIедегIун ана гьев.

Дида я хIалтIизе, я лъиданиги кIалъазе кIолеб букIинчIо. Пашманал пикрабалъги тIерхьун, гIодой чIаралъуйго хутIун йикIана. БотIролъ женжендулеб букIана цого-цо суал: «Щай Заира, нолъ тIадюссарай хIалтIуде?.. Щай долъ цадахъ дун йиччачIей?..» Дида лъалаан гьалмагъалъул налъаби рукIинги, гьекъолев чи рос вукIинги, къойилго гьезул рокъоб букIунеб дагIба-хабарги. Минуталдаса минуталде дир щаклъи цIикIкIунеб ва щулалъулеб букIана. Кибеха гIарац ине кколеб? «Бикъарасе – цо мунагь, бетIергьанасе – нусго мунагь» – илан абула, дун иргадал киназдаго

щаклъулей йикIана. Бакъанида рокъое щварайго, чирахъги рекIинабичIого, бецIаб рокъой, сордо рогьинегIан пикрабалъ хутIана дун. Начальник дида щаклъун ватилин, кинго гIарац бикъарав чиги лъазе кIеларин абурал рахIатхварал пикрабаз бетIер унтулеб букIана.

Нахъисеб къоялъ, Заирахъе рокъое ине щулияб къасдгун, дун къватIие яхъана. Цин дица гьелъухъе ахIана дие гьей йихьизе къваригIун бугилан.

– Заира, нилъ руго гьалмагъзаби, ракIбацIцIадго дуда хабар бицине бокьун буго дие, мун рокъой йигищ?

– Воре, воре, рокъое ячIунге. РачIа цо кир ругониги данделъизе, – ян жаваб кьуна гьелъ хIинкъадго гIадин, – дуда лъала гури дир рос Закирие рокьуларо дихъе рокъое лъалел-хъвалел рачIине.

Нижеца къотIи гьабуна цо кафеялда данделъизе ва цIараб заманаялъ дун гьение щвана. КватIичIого тIаде гьалмагъги щвана.

– Чарахварай гIадан дун нолъ цо палихъаналъухъе ун йикIана, – ян байбихьана дица, къаси макьу щоларого йикIарай дир ботIролъе бачIараб пикру-гьересиялде, – мун бокьани барщун чIа дидаса, бокьани ягъе диде, амма хIакъикъат дуда бицинчIого чIезе кIолеб гьечIо кинго. Дица цадахъ росун рукIана нилъер киналго хIалтIухъабазул суратал, цо чи гьоркьов течIого. Палихъаналъ, ракIчIун, килищ тункана дур сураталда… Бице дида, дир бакIалда мун йикIарайани, дуца щиб гьабизе букIараб?

– Мун дида щаклъуге! Гьеб кинабго гьереси буго! Дида бихьичIо нужер гIарац! Дир росасда лъани, мун дида щаклъун йикIин, дос мун чIвала, – ян хIалуцун абуна гьелъ, бакIидаса яхъунаго, – те дун жахIайго! КъваригIун гьечIо дие нуж тIокIалъ рихьизе!

Дунги яхъана тIаде.

– Заира, – ян гьарана дица гьелда хаду-хадуйги йилълъун, – гьарула дуда, Аллагьасе гIоло, бащдаб гIарцул къадарниги тIадбуссинабе дихъе. Дуда лъала гурищ гьеб бецIизе дитIе кколеблъи. Щуго соналъ харжги щвечIого кин дица гIумру гьабилеб? Аллагьасе гIоло…гурхIа дида… Дица лъиданиги бицинаро дуца босанилан, ургъила цо кинаб букIаниги гIилла… Щай дуе хIарамаб гIарац? Мунагьалдаса хIинкъуларейищ мун? ТIадвугесда кинабго бихьулелъул…

– ГьечIо дихъ гIарац! БихьичIо! Лъаларо! Чан нухалъ абизе кколеб дица босичIилан!

Гъоба рекIел гъварилъуда букIараб божилъиялъул загIипаб канлъи ссун ана дир. Гьеб лахIзаталъ якъинго бичIчIана Заирал иш букIинги, гьелъул рекIелъ цо гьитIинабниги яхIалъул къатIра гьечIеблъиги ва гьей дида гурхIичIейлъиги.

Дица начальникасда лъазабуна гIарац камиги дир гIайиб бугин ва дирго харжги жаниб тун, бецIизеги бугилан. Чанго моцIалъ гьедин гьабуна. Заманго иналде нижер идара щущана. КватIичIого рагIана хабар Марат Баширович, идараялъул счеталда букIараб кинабго гIарацги цадахъ босун, къватIисеб пачалихъалде лъутун вугилан.

Ана чанго лъагIел.

Цо къоялъ бакъанида рокъой щварай дида нуцIихъ къазабун батана, почалъул сургучги чIвараб конверт. Гьанже киназулго телефоналги рукIун цоцахъе кагътал хъвалеб гIадатги гьечIин ракIалдеги ккун, дица конверт рагьана. Дида лъана лъил хъатI гьебали. Гьениб хъван букIана:

«Салам, хирияй гьудул! Бокьани лъугьа мун дида тIаса, лъугьинчIони – гIайибги чIваларо. Лъала, дун мустахIикъай гьечIо гьелъие. Доб гIарац бикъараб къоялдаса нахъе цо лахIазатлъги щвечIо дие рохелги хIалхьиги. Щибаб сордоялъго гIадин бихьула макьилъ дур пашманаб гьумер. Бикъараб гIарцухъ росас цIияб машина босана. Чанго къоялдаса, дагьав гьекъонги вукIун, гьесул машинаялъ чIчIинтIана анлъго сон барай яс. Кин гьараниги, ясалъул эбел-эмен тIасалъугьинчIо. Закир, щуго сонги кьун, туснахъалъув тIамуна. Дунги цо гIагарай чIужуги «халатаб гъурщида хадур» Москваялде ана. Туснахъалъуб унтиги ккун, хIалтIизеги бажаричIого рокъов вукIуна Закир. Дие щваралщинал гъурщалги гьесие дарабазухъ уна. Гьеле гьединаб буго нижер гIумруялъул хIакъикъат…

Мун гIадай ракIбацIцIадай, гIаданлъи цIикIкIарай гьалмагъ дие тIокIалъ киданиги щвеларо – гьеб ракIчIараб жо буго. Гьарула, тIасалъугьа. Гьабги нусабилеб кагъат батила духъе хъвалеб, цинги бихъун рехулеб… Саламгун Заира».

Дида гIемер ракIалде щолаан Заираги билараб гIарацги. Амма дун киданиги хьандечIо гьелде, хIатта дир гьелда ракIгурхIунцин букIана. Лъан букIана, кида-къадги гьей рекIекълъизе йикIин жинцаго гьабуралдаса, лъан букIана бикъараб гIарцуца бечелъи яги рохел гьезие кьезе гьечIеблъиги. ХIарамаб рикъзи буго таргьинибе рехараб гамачI гIадаб жо: я гьелъ мугъалда ругъун лъола, яги цо рахъалда каратIги гьабун, гIодобе бортун уна…

## САБАБ ГЬЕЧIЕБ ЖО – ГIАЖАЛ

РакIалдаго гьечIого бачIараб унтиялъ дун больницаялде ккана. Гьеб больницаялде ккола квешаб унтиялъ унтарал гIадамал. Лъиего бокьуларо гьелъул рагIун абизецин, аскIосан унагоги, яхI бахъула гьеб бугеб рахъалдехун берги щвезабичIого, гIедегIун гьеб рахъ– мухъ тезе. Узухъда, щивасда ракIалде ккола жив гьеб больницаялде ккечIого хутIилилан, хеккого рачахъула ботIролъа гьединал пикрабиги. Амма Аллагьасул хъвай кинаб бугебалиги ва къисматалъ щиб бихьизе хъван бугебалиги, цебеккунго, лъидаго лъаларо…

Больницаялда егун кIиабилеб къоялъ дида хадуй ячIана медсестра, бетIерав тохтурас дун жиндихъего ахIулей йигилан.

Гьесул чIухIараб, кIудияб кабинеталъуе щварайго, саламги кьун, таваккалго гьечIого, тахбакIалда гIодой чIана. Цинги, рекIелъ кIудияб хIинкъигун гьесухъ ялагьана, дир букIинесеб гIумруги, къисматги гьесухъ бугеб гIадин, щибдай гьес абилаян, гIенеккун чIана. БетIерав тохтур вукIана ворхатав, жаниб цIураб черхалъул, бащдаб хIулараб бетIералъул, гьоркьохъеб ригьалъул чи. Гьев гIедегIулев вукIинчIо дунгун кIалъазе, кагъталги цере лъун, дорехун-гьанирехун тIанчал регулев вукIана.

Цинги гьес бетIер борхана, дихъги валагьун бетIер кIибикIана:

– Гьединай гIолохъанай ва берцинай ясалъе лъугьараб щиб? Бегьиларо, валлагь, мун унтизе, – ян гьимана гьев, цинги тIадеги жубана: – операция гьабизе ккола, мун хIинкъуге, кинабго лъикI букIина. Операция бигьаяблъун рикIкIунаро, амма мун гIадай гIолохъанчIужуялъе гьеб тIаса бихьун лъикI. Хехго гьабила – хехго сахлъила.

Дун данде рагIиги абизе кIвечIого, цIоро-гъорон хутIун йикIана.

– Дие бокьун гьечIо операция гьабизе, – ян абизе кIвана цинги дида, гIодобе къулизе бетIерги биччан, – гьадинго дарабаз сах гьайизе хIалбихьани щибдай ккела, тохтур, носоца къотIизе…

– Дуда щиб гьеб лъалеб, – ан гьесул кьварараб гьаракьалъ гьоркьой къотIизаюна дун. – Дун вуго профессор, гьеб цIарги дие зодоса гIодобе рехун щвараб жо гуро! Дица абуна гури мун хIинкъугеян, дицаго гьабила дуе операция! Вассалам-вакалам! Йилълъа, а хIадурлъизе!

Гьеб лахIзаталдаса нахъе дица макьу-квен тана. Къаси-къаси, рогьинегIан гIодун, сардал рорчIана. Дие бокьун букIинчIо къотIун дир цояб керен нахъе рехизе. Дун ургъулей йикIана, жанисеб гьаракьалъ шурулеб букIана цо битIараб гуреб жо лъугьунеб букIин, тохтурас абураб унти дир букIине ресгьечIеблъи… Дида кинго бичIчIулеб букIинчIо, щай цоги батIиял ресал ралагьичIого, гьадин гIедегIун дие операция гьабизе кколебали. Дие гьеб хIакъикъат рекIее гIолеб букIинчIо, божулей йикIинчIо… Ахир-къадги дица хIукму гьабуна, кинаб рес батунги, дун больницаялдаса тIуризе кколилан.

Палатаялъур регун рукIана ункъо чIужугIадан. Гьел киналго рукIана операция гьабурал, дидаса кIудиял руччаби. Къаси-къаси гьезул букIунеб угьди-зигараялъухъги гIенеккун, кинго макьуги щоларого, пашманал пикрабаз кваналей йикIана.

Палатаялъур регарал киналго унтаразул сахлъиялъул тIалаб гьабулев тохтур цохIо вукIинчIо – ункъо батIиял рукIана. Дир тохтур вукIана гIолохъанав, гьанжего-гьанже институт лъугIарав, гIезегIан жоги лъалев, хIалимав вас. Щибаб къоялъ радал дихъе ваккизе гьев вачIунев вихьаравго, дун, гьесдехун мугъги рехун, кьижараб ххвелги гьабун, юцIцIухIун чIолаан. Щай гурелъул, дир киналго тохтурзабазда ракIхун букIана, дида ракIалде кколеб букIана гьез киназго балъго къотIи гьабун бугин, гьабизего кколареб операцияги гьабун, хехго дун рокъое йитIизеян.

Палатаялда регарал унтаразул тохтурзабазда гьоркьов вукIана Роберт ГIалибулатовичилан, борхатаб, цIакъго хIалакъаб черхалъул, ригь арав тохтур. Гьев, щибаб нухалъ жаниве вачIанщинахъе, таманаб мехалъ, пикрабалъ, дихъ валагьун чIолаан, аскIовегIанги вачIунароан, суалалги кьолароан. Гьадингоги ракIбекун, хвезе хIадурлъулей дир кутакалда рахIатхвезабулеб букIана гьесул сихIкъотIараб, цо кинабалиго балъголъи жиндилъ бахчараб, балагьиялъ. «Досда лъалеб батила дир лъикIаб унти гьечIеблъи, – ан ургъулей йикIана, щокъроб магIуги къан, дун, – гIолохъангоги йикIун, дида ракIгурхIун бугин ккола херасул…»

Дида цIакъ лъикI лъалеб букIана дун рекIее гIун гурев херав тохтур дихъ валагьун чIолев вугевали, ракIчIараб жо, гьесие цо щибалиго дида абизе бокьун букIин, амма гьесисе цо сунцаялиго квалквал гьабулеб букIин…

Операция гьабизе цIараб къо тIаде щолеб букIана. Чарахун, дун хвезе къо тIаде щолеб бугеб гIадин, магIу тIолей дунги йикIана. «Нагагь дун гьаниса лъутани, бачIун хадуб милициягун, гьез ячун нахъойги щвезайила дун больницаялде. Гьеб мехалда дун йорчIизе бакI гьечIо… Тохтурасдаги божичIого, гьес абурабги гьабичIого, гьабсагIат гьаниса ани, щиб гьабилеб, нагагь, хадуб тIатани квешаб унти букIин?.. Гьеб мехалда цIакъго кватIун ккезеги бегьулагури операция гьабизе… Яги гьабизе ккολеб батичIони, гьел

мекъи ратани?..» Цояздаса цоял хIалуцарал, рахIатхварал пикрабаз жанисан кванан, якъвалей йикIана дун.

Цо сордоялъ къаси дида хадур рачIана, дихъе телефоналъ кIалъалел ругилан. Телефон букIана къаси-къаси дежурствоялда рукIунел тохтурасулги медсестраялъулги кабинеталда. НуцIаги рагьун, жание лъугьарайго, дир бер кIутIана, столалда нахъа гIодовги вукIун, хъвадарулев вугев Роберт ГIалибулатовичасда. Гьалмагъалдехун телефоналъ кIалъалей дун, тIаса бер босичIого, гьесда дун йихьилародаян, трубкаялъуса рагIулеб кIалъайги ботIролъе унарого, гьесухъ ялагьун чIун йикIана. «Жакъа дун гьавгун кIалъазе ккола…жакъа…ТIокIалъ рес рекъараб лахIзат букIине гьечIо…» – ян хIалакун кIутIулеб букIана ракI. Амма тохтур дихъ валагьулев вукIинчIо. Кабинеталдса къватIиеги лъугьун, дирго палата бугеб рахъалдехун инеги гIедегIичIого, дун коридоралъуйго яхъун чIовухъего хутIун йикIана.

Циндаго дида вихьана дун йигеб рахъалдехун вачIунев херав тохтур. Гьев дида аскIовегIан вачIана, цинги, сверухъе бералги щвезарун, дир гIинде щурана:

– Дуда бальгольи цIунизе кIолищ? – абун.

– КIола, кIола, – ян гIедегIун жаваб кьуна дица.

– ГIенекке мун дихъ, дирги бетIерав тохтурасулги данде кколаро. БитIун бицани, досие дун вокьуларо. Гьединлъидал, гьаб нилъер кIалъай нилъеда кIияздаго гьоркьоб хутIизе ккола. Нагагь хутIичIони, дун гьаниса нахъе ине ккола. БичIчIанищ дуда?

– БичIчIана. Дица лъиданиги щибниги бицине гьечIо…

– Дуе къваригIун гьечIо кинабгIаги операция, гьечIо дур кинабгIаги унтиги, цодагьабго цIорой чIван буго. Гьеб рокъобги сах гьабизе бегьула. КIванагIан хехго мун гьаниса лъута, бокьараб гIиллаги ургъун…

Нахъисеб къоялъ, радалго, профессор вачIиналъухъ ялагьун гьесул кабинаталъул кIалтIа эхетун йикIана дун. Цинги гьев вачIаравго, саламги кьун, дица абуна:

– Рокъоб лъадал труба кьвагьун рагIула. ТIаде чвахун мадугьаллъиялъул рукъзал гIекколел рагIула, дун, чара гьечIого, гьабсагIат рокъое ине ккола.

Гьев рази гьечIого дихъ валагьун чIана, цинги ручкаги кагътил тIамачги хъурщана столдалъул рагIалдехун:

– Ма, расписка хъвай, метер радалиде мун палатаялъуй, дурго кроваталда йикIине йигилан. Нагагь ятичIони мун дида гьений...

– Узухъда, узухъда! – янги абулаго, дица, кутакалда йохиялъ, сородулел кверaз, расписка хъвана ва гьесухъе кьуна.

Я нахъисеб къоялъ, яги анкьидаса дун больницаялде тIадюссинчIо. Щивниги дида хадувги вачIинчIо.

Цо моцIидасан, тIубанго сахлъарай дун, Роберт ГIалибулатовичасе сайгъатги босун, больницаялде щвана. Гьев, дун йихьарайго, гIатIидго гьимулаго, данде вачIана.

ХIинкъадго, профессорасул кабинет бугеб рахъалдехун ялагьулей дунги йихьун, гьес абуна:

– ХIинкъуге. Профессор гьанив гьечIо. Гьев командировкаялъ ана къватIисеб хIукуматалде, чанго моцIалъ вукIине гьечIо…

# Автеатралъе - 85 сон

*Исана 85 сон тӀубалеб буго ЦӀадаса ХӀамзатил цӀаралда бугеб Аваразул музыкалиябгун драмаялъул театр гӀуцӀаралдаса. Гъединлъидал, нижеда лъикӀаблъун бихьана РФялъул халкъияв артист МахӀмуд ГӀабдулхаликъовасул «Дир театр» абураб тӀехьалдаса цо-цо бутӀаби журналалда кьезе. Гьениб бицунеб буго нилъер театр бижараб куцалъулги гьелъул хадусеб къисматалъулги.*

## БАЙБИХЬИ

БекьичӀони хуриб жо бижуларо. Бижараб бакӀаризеги лъазе ккола. Ракьулъе ккараб мугь гӀадин тӀирщун бачӀунеб букӀана Аваразул халкъияб гьунар. Къойидаса-къойиде загьирлъулел рукӀана цӀиял кочӀохъаби, кьурдухъаби, шагӀирзаби, рагӀул устарзаби. Маргьаби рицунелги, биценкӀаби лъалелги. Гьел киналго халкъиял гьунарал рукӀана бакъвараб цӀулал къолонибе тӀураб лъин гӀадин рацӀцӀалабахъан, хӀалуцун, къватӀибе кӀанцӀун бачӀунеб лъин гӀадин халкъалъухъе щвезе гӀащикъго.

Дагъистаналъул халкъияв поэт ЦӀадаса ХӀамзатица абулаан:

**«Рокъов къолохъан лъугьани,**
**Лъимал – кьурдухъаби ккола.**
**Кьурса гъоркье цӀцӀе кӀанцӀани,**
**Хадуб бурутӀги кӀанцӀула», – ян.**

Гьунарги, пагьмуги, бахӀарчилъиги, яхӀ-намусги базаралдаса бичун босуларо магӀарулаз. Гьеб гӀун бачӀунеб гӀелалъухъе ирсалъе кьола гьез. Нилъер Авар халкъ гьунаразе кидаго мисикнаб букӀинчӀо.

Ункъго имамасул, цӀар рагӀарал шагӀирзабазул, хӀасратал кочӀохъабазул, хӀетӀ хехал кьурдухъабазул наслу ккола нилъ.

Кун тӀураб читӀир гӀадин риххун, бакӀ-бакӀалда кьерун хутӀун рукӀана нилъер Авар халкъалъул гьунаразул чӀумал. Щибаб чӀум-чӀум ккун гьел данде ракӀаризе къваригӀун букӀана. Гьеб бетӀералде босизе ккани, гьелдехун бугеб рокьи чорхолъ бессарав чиги вукӀине ккола.

Ватана гьединав чи магӀарулазулъ. Авар театралъул имамилан абизе бегьула магӀарулаз, тӀоцебе гьелъие кьучӀ тӀамурав, гьеб тарихияб ишалде пикруги, рекӀел къасдги буссинабурав ГӀабдурахӀман Магаевасда.

ГӀабдурахӀманил анищ букӀана гьитӀинаб мехалъго тӀабигӀаталъ жиндиего кьураб гьунар Авараздa гьоркьоб гьезие пайдаяб рахъалдехун буссинабизе. РакӀалдаго гьечӀого тӀаде гӀунтӀана гьеб къо. ГӀагараб Хунзахъ росулъ гӀумру гьабулев вугев гӀанчӀав гӀолиласда рагӀана лъарагӀазул миллияб театр рагьун бугилан. ГӀабдурахӀманида гӀемерго лъикӀ лъалаан лъарагӀ ва турк мацӀ. Гьесул махщел букӀана кьурдизе, бегӀераб рагӀуе.

1931 абилеб соналъ къисматалъ ГIабдурахIман Магаев вачана Темир-Хан-Шураб бугеб, жиб гIуцIаралдаса цо лъагIел гурони гIумруялъул гьечIеб лъарагI театралде артистлъун хIалтIизе. Гьенив хIалтIулаго араб ункъабго соналда жаниб Магаевасда бичIчIана Авар миллаталъеги миллияб театр чара гьечIого хIажат букIин. Гьеб пикруялъ ГIабдурахIманица чанго нухалъ культураялъул управлениялда ва ДАССРалъул Совнаркомалда цебе суалги лъун букIана. КIудияб анищ тIубалеб къо тIаде щвана.

1935 соналъ, ункъгогIун соналъул хIалтIул хIалбихьи бугев лъарагIазул артист, Аваразул Магаев гIагараб росулъе, Хунзахъе нахъвуссана.

ХьвагIун квергун районалдеги вачIун гIуцIичIо Магаевас Авар театр. ЦIадаса ХIамзатица абулаан:

> **– Сапаралде вахъаралъуб**
> **Хъизан– лъимал кIочон тоге.**
> **Бакъвараб гамачI босунги,**
> **Сайгъат камун нахъвуссунге…**

Сапаралдаса вуссун вачIунаго ГIабдурахIман Магаевасги Авар халкъалъул кIудияб хъизаналъе хъабчил квенчIелгIанаб кагътида кваргIанасеб печать чIвараб кагъат бачIана цадахъ босун, аваразул миллияб театр рагьизе жив вакил гьавун вукIин баян гьабураб. Щайха цохIо хунздерил тIалъи тIасабищараб тIоцебе театр рагьизе? Гьеб суалалъе гIиллаби гIемерал руго: Театралияб искусствоялъе чара гьечIеблъун ккола адабияталъул тарих. БитIараб, пасихIаб, дурусаб, камилаб рахьдал мацIалда кIалъай; театралъ гIумру гьабулеб бакIалда драматургия, литература ва культура-лъай цебе тIураб букIин. Театралъе шартIал ва гьелъухъ балагьизе рачIунезул къадар гIураб букIин. Килщазда гьоркьоб огъохьат гIадин мугIрузул районазул гьоркьоб бакI букIин ва гь.ц.

Районалъе нухмалъи гьабулезул кумекалдалъун ГI.Магаевасда кIвана къокъабго заманаялда жаниб хунздерил комсомолаздасан театралъе цо гьитIинабго къукъа данде гьабизе. Доб мехалъ театралда хIалтIизе бокьаразул къадар цIикIкIараб букIинчIо. ГIабдурахIманида лъикI лъалаан жиндирго росулъ ругел гIолилазул лъил сундуе гьунар бугебали. ТIад кверчIван, рехъалъа куйдул хьирщулел гIадин, ГIабдурахIманицаги хIаракат бахъана гьунарал тIаса рищизе. Гьедин данде гьарурал хунздерил гIолохъабазул кьерда чIана: Х.Дайитбег, ГI.Сурхай, ХI.Пирбудагъ, Д.МухIмад, Н.ХIайдарбег, М.МухIамадхIажияв, ЦIадаса Малла-ХIосен, зурмихъан ХIасан-ХIосен, ТIанусиса Басир, ГьоцIалъа Гь.ХIамзат, ГI.МахIамад, ЧIалдаса ГъазимухIамад, БакьагьечIиса ГI. ГIумар, Хьиниса Г.МахIамад, ИсмагIил, Иман-ГIали, ХIажиясул МахIамад. Гьеб гьитIинабго къукъаялъулъ Магаевасда бихьана рагIуе гьунарги, жергъада расандулел квералги, зурмил къва-къвайги, къолол дваргъиги, кьурдизе тIадагьаб хIатIил росиги, хIасратаб магIарул кочIол гьаракьги. Байбихьиялъе гьеб лъикIаб цеберагIи букIана.

Театралъ гIумру гьабулеб букIана хунздерил хъалаялъуб бугеб цо гьитIинабго клубалда жаниб. Доб заманаялъ гьеб культураялъул кIудияб кIалгIалъун рикIкIунаан. КъваригIел гьечIев чи виччангутIизе кIалтIа

хъаравуллъицин букIунаан. Актеразул рукъ букIана сценаялда гъоркь. Гьенисан сценаялде рахине лъураб цIулал малиги букIана. Клубалъул тIуцабго сценаялда цебе цо гьитIинабго гвенд букIана. Гьеб гвендинисан цохIо бетIер гурони бихьуларев, артистаз сценаялда бицунеб рагIуе кумек гьабулев чи, ай «суфлер» (дандерижи) актерасул кумекчилъун вукIана. Гьеб гванда цодагьаб заманаялъ ХIамзатил Расулил ихтияралда букIана. Расул вукIана артистазе дандерижилъун (суфлёр).

МагIарул тIалъи свераниги тIад чIинчIо чIвараб цIуяб жо мукIур гьайизе кIвечIо Магаевасда театралде хIалтIизе ячIине. ЗахIматаб заман букIана. Театралда цебе чIараб масъалаги бигьаяб букIинчIо. ЦIа бакизе цIул гьечIеб гъансито гIадин хутIун букIана театр.

ГIемер тира-сверун свакарав ГIабдурахIманица цойги нухалъ ГьоцIалъе сапар бухьана. ГьоцIдерил бегавуласул концеларалда гIодовги чIун ГIабдурахIманица Устарасул МахIамадида абуна: «Добго къваригIелалъха, МахIамад, дун гьанжеги духъе вачIун вугев, – ан. – Мун гъорлъе жувачIого жо кколеб гьечIоха?»

Гьел кIиялго къаде кваназе МахIамадил доре щвана. МахIамадица лъадуда абуна Зайнаб ахIизе аян. Гьал кванан рахъунаго Зайнабги тIаде щвана. Цин Магаевас, цинги МахIамадица иргадал хабар бицунеб букIана гьелъие. БатIаго Зайнабие бокьичIого гуребха гьезул хабар халалъараб, гьей гIага-божаразул гIайиб-гъвелалъукьа хIинкъун йикIана.

Кин букIаниги Устарасул МухIамадица Зайнабие рагIи кьуна гьелъул имгIаласулгун рагIи данде ккезабизе. Пал хIасил, гьеб сапар Магаевасул гIадада ккечIо. Нахъисеб къоялъго, гьабураб къотIиялда рекъон, Зайнаб театралде щвана. Гьединал сапарал ГIабдурахIманица цо нухалъ гьаричIо. Гьев щвана гIемерал районазул росабалъе, цIех-рех гьабулаан гьунар бугезул, балагьулаан гьезул махщалил даражаялъулъ. ТIадчIун гьабураб кIвахI гьечIеб хIалтIудалъун ГIабдурахIманида кIвана театралъул гъанситоялъуб цIа бакизе. ГIемер мехго гьоркьоб иналде Авар театралъул сценаялдасан балагьулезда рихьана тIоцересел ихдалил милъиршаби: З.Набиева, ГI.Къурбанова, Х.ХIусенова, Н.МухIамадоваги. Доб заманаялъ ункъгогIан яс театралде хIалтIизе рачIин – кIудияб таваккал кколаан гьезул.

Дагь-дагьккун байбихьана «гьабил гIентIеро» кIетIезе. ГIентIеро кIетIараб гIоларелъул, гьелъул кIетIеялда рекъарал гьабикье чвахулел мугьалги рукIине кколелъул. Ургъизе ккана театралъул репертуаралда тIад. ГIолохъанаб театралъул рес букIинчIо классикиял асарал сценаялда рихьизаризе. Жеги барщун цIубачIеб гьунаралъги, хIажатаб къайи-цIаялъул мукъсанлъиялъги, балагьулезул рухIияб рахъалъги чIахIиял пьесаби сценаялда лъезе жеги цудунго букIана.

Исана тIаде росилин, тIадеялъул лъин лъалин абухъего, ГI.Магаевас байбихьана концерталъул программаялъ театралияб искусствоялдехун тIоцебе гали тIамизе. Концерталъул программа аслияб куцалъ гIуцIун букIана халкъиял кьурдаби, кучIдул, бицанкIаби, абундачал гIадал балагьаразул ракIгъезе гьабулел асараздасан. Пагьму бугез рикIкIунаан, гьаракь бугез ахIулаан, гьунар бугел кьурдулаан, хутIараца хъат чIвалаан. Балагьараз лъикIаб къимат кьолаан Х.Дайитбегил кIалзул гьунаралъе, ЧIалдаса ХI.ГъазимухIамадил хIасратго ахIулел кучIдузе, М.МухIамад-

ХIажиясул хIетI тIадагьаб кьурдиялъе, БакьагьечIиса ГIумарица гьезие чIвалеб хьаталъеги. РукIана театралъул кьочIое лъурал галабиги, гьелъул къадалъ берцинго рекIкIун лъурал ганчIалги, къед щулалъиялъе гьоркьор къазарурал кьекIкIелалги.

ГьитIиналъ кIудиябги ккуни, кIудиялъ гьитIинабги хадуб цIани, гьунар цебе тIун уна. Амма кIудиялъ гьитIинаб гъанкъани, жибго кIудиябги къоринибе ккола. Цинги гьелъул наслуги тIагIун уна. Гьунаралъул къедги тIатIала ккола. Гьунарал цоцалъ жахIдагъине бегьуларо. Цадахъ рекъон хIалтIизе ккола. Къецги, дагIбаги биччанте балагьулезда гьоркьоб букIине. Гьезда лъикI лъала лъие щиб къимат кьезе кколебали.

* * *

Бер бахилаб ретIел-хьит букIунаан концерталда артистазда тIад ретIун. Кьурдухъабазда тIад ретIун букIунаан, унго-унгоял исхъалидул чухъбиги. Бакьулъ къан хъахIаб магьидул тIагъал ругел хунжрулги, мугъалде рехарал хъахIал башлихъалги, хIатIазда ретIарал тIадагьал гуржи мачуялги, ботIрода лъурал хъурайсин тIагъралги, чухъида ругел гIарцул руцалабазул читIиралъги черхалдаго нур базабун букIунаан. Ясазул черхалдайин абуни нилъеда бихьулаан бацIцIадаб харайдул, хьат-хьат гIадинаб меседил кьер тIад бугеб накъищазул, къвалал халатал хьабалабиги, бакьулъ къарал гIебал «къадиро-рачалабиги», ботIрода хъахIал гормендабиги, гарбида даларал, курмузда кенчIолел маржаназул цIалалги. Гьанже гIадин «парниказда» гьабураб гуреб, фабриказда гьабураб букIунаан некIо артистазул ретIел-хьит. Доб мехалъ хIатIал кьурдулаан. Гьанже кверал руго кьурдулел, кквезе жо кисандай щвелаян. Цебе артистаз сценаялда исхъали, дарай, зарбал ретIунаан. Гьанжеян абуни, художниказ исхъали – хIебтил, дарай– зарбал – катаналъул гьабулеб буго.

Концерталда гьоркьоб бищунго балагьулезул ракI базабулел церерахъинал рукIана: Х.Дайитбегил, Зайнаб Набиевалъул «ГIандадерил кьурди», ЧIалдаса ГъазимухIамадил кучIдулги, М.МухIамадхIажиясул кьурдиги.

ГIандадерие хасиятаб ретIел-хьитгун, гьел цере рачIаралго, балагьаразул хьатил гьугьай бахъунаан. Цин жинцаго кIалалъ пиштIул накуги бачун, бер-кIалги кIечIезабун, Халилбегов Дайитбегица кьурди байбихьулаан. Цинги, кIиябго килищги кIалдиб чIван, пиштIулаан. Циндаго зурма– къолол гьаркьихъе Зайнаб цее ячIунаан. ЦохIо кьурдул гуребги, кьурдулелъул гьел кIиязго цоцазде гьарулел ишаназулги щолаан балагьулезе кIудияб кеп. Дайитбегил гьунар букIана бокьарав чиясул къагIидаби гьаризе. Гьезул гIамал-хасият, кIалъалеб къагIида, къула-ворхи, гьумер-кIал кIичIардизаби дурусго цебе чIезабизе. Гьеб кинабгойин абуни артистасе чара гьечIого хIажатаб жо буго. Гьеб рахъалъ цойгидазде дандеккун Дайитбегил тIокIлъи букIана.

* * *

Нилъер магIарулал ккола кутакалда кочIое къимат кьезе лъалеб, кочIоца ракIал кIанцIезарулеб миллат. Лъидаха лъалареб щвараб гьалагаб гIурул гIадаб, хIалуцун бачIунеб рокьул шавкъалъул чIорал речIчIулеб ЧIалдаса ХI.ГъазимухIамадил гIащикъаб кочIол гьаракь. Гьесул роцIараб

гьаракьалъги, гьелда рекъон пандрида рачунел бакъназги, цо гIажаибаб хIеренлъиялда хIалуцун гьесул кIалдисан рачIунел кочIол алпазазги гьесухъ балагьаразул гьурмазда разилъиялъ ханлъи гьабулаан.

Театр гьоболлъухъ бачIарабго тIоцебе цIехолаан гьесул цIар. ГъазимухIамад вукIана халкъалда гьоркьоб къанагIатаб гьунаралъул бетIергьан. Гьесул кьерилаз гьабсагIаталъги абула: «Игьалиса кочIохъан ГIарашил ГIумаридаса хадув, гьев хисулев кочIохъан ГъазимухIамад гурони вахъинчIилан». Гьелъул бицен ккедал игьелдерил харабазги бицунаан: «Цо нухалъ театргун цадахъ ГъазимухIамад Игьаливе гьоболлъухъ вачIиндал, годекIанир ругезе ахIулеб гьесул борхатаб, роцIараб гьаракь росулъго тIибитIун анила. Гьесул гьаркьихъе тIаде щварав цо херас абунила: «МихIмаралдеги» вахун кечI ахIулев чигIаги щивдаян ккун вачIунев вукIанилан, гьедигIанго гьаракь роцIарав гьав гьоболго киса нилъее щварав? Как ахIизе Игьалив чIезавизе бегьуларищ нилъеца гьав?» – илан.

Игьелдерица ГъазимухIамадил кочIое бугеб гьунаралъе кIудияб къимат кьуна. КучIдузул къебелъухъ щвараб гьеб къимат кочIохъанасеги хирияб букIана.

ГъазимухIамад вихьичIел, гьесул кочIол гьаракь рагIичIел гIун бачIунеб гIелалъе ирсалъе тараб, ЦIадаса ХIамзатил «Эбел, яс ва базарган» абураб кочIохъанасул пластинкаялъухъ гIенекканиги гIела, магIарул кучIдузе кочIохъанасул кинаб гьунар букIарабали лъазе бокьани. ЧагъиралъултIагIам лъазе бокьани, чирмакъалиго гьекъезе кколаро, цо стакан гьекъаниги гIола.

* * *

Бертадул цIар бахъигун нилъер магIарулазда тIоцебе ракIалде щола зурмакъали. Авар халкъалъе хирияб накъитазул цояб ккола гьеб. КигIан рикIкIада гьелъул гьаракь рагIаниги, гьенибехун ракI цIала магIарулазул. Зурмакъали ккола аваразе рохалил байбихьи. Байбихьуда Авар театралъеги гьеб букIана тIоцебе росдал жамагIаталда рохел лъазабулеб чапарлъун. Гьелъул гьаркьихъе тIоцебе росдал жамагIаталда лъалаан жидеде гьоболлъухъ Авар театр рещтIун букIин.

ГIахьалчIиса ХIасан-ХIосенил зурмида рачунел къотIалабаз харабазда бахIарлъи ракIалде щвезабулаан, къваридазул рекIелъа пашманлъи бачахъулаан, дагьав хIинцас хIатIал хех росулаан. Жибго гьитIинаб, гьаракь кIудияб гьеб «герелло» ХIасан-ХIосенил килщазе мутIигIлъулеб букIараб куц.

ЛъабгосагIаталъги зурмил гьаракь гьоркьоб къотIизе биччачIого зурмаги пулаго, хIухьел кколаан гьес. Цо– цояз абулаан магIарзул къалал кIудиял рукIиналъ кIолеб батилила гьесда хIухьел кквезеян.

* * *

Хьиниса ХIажиясул МухIамадица жергъенги бухун, гьенисаго ИмангIалигун ва ИсмагIилгун цадахъ, лъабазго ахIулеб кочIоца берцин гьабулаан концерталъул программа.

«ЧохтIо» абураб ЦI.ХIамзатил кечIалда рекъон лъураб сценариялъул гIахьалчагIи: поэт ХI.ГъазимухIамад, ГIандиса ПатIи, ГъазимухIамадил чIужу СалтIаса Хадижат. Гьел кIиязго (росасги лъадилъги) бащдаб бицун,

бащдаб ахIун, опереттаялъухъего хIалеб гьеб бутIаялъ кIудияб асар гьабулаан балагьаразе.

БегIераб каламги, кепал харбалги, кучIдулги, кьурдиги, зурма-къалиги, гьоркьо-гьоркьор ГIумарил МухIамадица гьарулел гIодор гьунаралги – гьеб букIана байбихьуда театралъул аслияб репертуар.

Дагь-дагьккун гIолохъанаб коллективалда гьунаралъул рухI речIчIизе байбихьана. Киса-кибего магIарул тIалъиги сверун, Авар халкъалда гьоркьор кьерун хутIарал гьунаразул чIумалги данде ракIарун, нилъер Авар халкъалъул каранда кенчIолел маржаназул цIцIал бана ГI.Магаевас. Гьеб маржаназул цIцIал ккола «Авар театр». Дагьабги гIатIидго абуни, театр ккола байрамги, бахIсги, дандчIвайги.

* * *

ГIабдурахIман Магаевасда цудунго бичIчIана цо ганчIил къед лъугьунареблъи. Театралъе чара гьечIого хIажат вукIана творчествоялъе нухмалъи гьабизе лъалев гьунар бугев, тIадегIанаб театралияб лъай бугев режиссер. РакI унтун гьабураб тIалаб– агъазалъ ГIабдурахIманида кIвана лъикIаб хIалбихьи жиндилъ бугев Павел Павлович Шивановский театралъул режиссерлъун вачине, гьесулго гьитIинав вац И.П.Шивановский художниклъун тIамизе. Директорасул хъулухъалда цадахъго ГI.Магаевас рехун течIого бачунеб букIана жиндирго творчествоги. Артистасул цIаралъул къимат гьесие сундасанго тIадегIанаб букIана. Авар театралъул сценаялдасан магIарул халкъалъе рихьизе къваригIун рукIана, концерталго гIадин, Авар халкъалъул хасият-гIамал, гьезул рукIа-рахъиналъул хIакъалъулъ хъварал драматургиялъул асарал. Гьединал асарал Авар литератураялда гьоркьор къанагIат гурони рукIинчIо. РукIун ратаниги, гьел рукIана цIакъго мукъсанаб магIнаялъул, сценаялда лъезе режиссерасеги, хIазе артистазеги санагIат гьечIел, лъетIе рехараб тIамах гIадал асарал.

Раккаризе ккана хъвадарухъабазухъе. Щвана ЦIадаса ХIамзатихъе, Загьид ХIажиевасухъе, Зайирбег ГIалихановасухъе. ХIалуцун тIад бан унеб букIана бакIалъул драматургиялдасан театралъул репертуар гIуцIиялъул суал.

1935 соналъ ЦIадаса ХIамзатица хъван букIана «Хирачил лъимал» абураб пьеса. Жеги лъабго картина гурони хъван лъугIичIеб гьеб пьеса ХIамзатие бокьичIо театралъухъе кьезе. Гьес абуна: «Гьаб пьеса буго дир къвалал гьечIеб гурде гIадин хутIун. Дир пикруялда рекъараб гурде гьалъул лъугьани, гьеб нилъерго театралда тIад ретIине кьела нилъеца», – ян. ХIамзатица гьелда хабар къокълъизе течIо. Гьес тIадеги жубана: жинда ракIалда бугила гIемерго кватIизе течIого нилъерго театралъе цо пьеса хъвазе. Гьелъие хIадурарал хIужабиги ругила жиндихъ. Амма гьелъул цIарги, магIнаги гьабсагIат бальго телаян.

ТIоцебе Авар театралъул сценаялда гьоболлъи бана Б.Малачихановасул «ГIандиса ГIиса» абураб сатирикияб комедиялъ. Балагьулез лъикIго къабул гьабуниги, сценаялда гьелъул гIумру къокъаб букIана. Гьелъие гIиллаги гIадатияб букIана – рагIа-ракьанде щун гIуцIараб сипат-сурат, гIадамазул гIамал-хасият пьесаялда мискинго букIин. Доб мехалъ цIумилан ккараб, гьанже пикру гьабидал, хIинчIлъун бихьулеб буго. ГьитIиналдасанлъидал кIудиябги байбихьулеб.

ХIанчIица тIоцебе хьухьараб бусеналъул свери гIатIилъана. ГIемераб мех гьоркьоб иналдего Авар театралъул сценаялде раккана З.ГIалихановасул ва З.ХIажиевасул «ХIаскъил ва Шамил», «ЧIикь къиямасеб къо». «ХIаскъил ва Шамил» абураб гьеб бидулаб лъугьа-бахъиналъ балагьулезул ракIал рази гьарулаан.

Сценаялда бакьулъ лъураб цагъургIан кIудияб гамачIалда нахъа хъатикь туманкIги ккун, гIонкIкIое чан ккураб кето гIадин, ХIаскъилие чан къарав Шамилги сапаралдаса рокъове вуссун унев ХIаскъилги сценаялда рихьула. ХIаскъил, гамачIги тун, цевехун ворчIаравго, ганчIида нахъасан сверунги вачIун, Шамилица гьесда мугъзалъ туманкI речIчIула. Холев ХIаскъилиде тIадеги къулун, бидухъ биянги абун, Шамилица нухда хIетI хехлъизабула. Хадусеб картина букIана «ХIаскъилил рокъоб магIирукъ». ХIаскъилил чIужуялъ магIуги тIун, ахIулеб букIана:

**– Вуссаравищ, ХIаскъил, базаралдасан,**
**Росаралищ, ХIаскъил, ясазе шалал?**
**БагIарал ратани, чIегIер релъина,**
**ЧIегIерал ратани, магIилъ рахъила!**

Гьелъухъ балагьарал руччабаз театралъул залги, артистаздаго цадахъ, магIирукъалде сверизабулаан. Гьеб гуребищха ролал хIарал ГI.Магаевасулги Х.Дайитбегилги, З.Набиевалъулги, Н.ГьитIиновалъулги, постановка лъурав Шивановскиясулги бергьенлъи.

Гьанжего-гьанже галаби росизе ругьунлъараб лъимадуца гIадин байбихьана Авар театралъул гIолохъанаб коллективалъ театралъулаб унго-унгояб искусствоялде. Гьелъул жидеца жеги махI сунтIичIел магIарулал гьелдехун ругьун гьаризе ккани, бигьаяб масъала букIинчIо. Кьурди-хъаталда, кечI-бакъаналда рекъон ккараб нилъер халкъ къокъидго гьелда гъорлъе лъугьинабизе захIматго букIана. Бокъараб нухтIасан ине лъиего бигьаяб букIуна.

**– Баччун жо гьечIони, гьод унтулилан**
**Гьедулаан Хасай, хвана гъов мискин…**

– илан хъван буго ЦIадаса ХIамзатица.

ЗахIмалъаби къулчIун, къварилъаби раччун, гIун бачIунеб нилъер Авар халкъалдаги ракIалде кколеб букIана цого-цо далаялъги дандамалъги рекIелгъей гьабуниги гIолин гIумруялда жанибилан. Цо-цо мехалъ балагьулезда гьоркьоса зигарди рагIулаан, нужеца рихьизарулел гьел шайтIабаздаса ЧIалдаса ГъазимухIамадица ахIулеб цо-кIиго кечIго бокьилаанилан. ЦIияб лъолеб спектаклялда гьоркьоб авторас хъвараб кочIол рагIи гьечIониги, гьелъул режиссерас рекъон кколеб бакIалда ЧIалдаса ГъазимухIамадица ахIизелъун кучIдул гъорлъе журалаан. Гьедин дагь-дагьккун гIатIид къакъуцIги кьун кьегIер хадуб бачунеб гIадин, реэдулаго, ругьун гьарулел рукIана театралъул искусствоялде балагьизе рачIарал.

* * *

Театралъул тӀадегӀанаб лъай щварав цӀияв режиссер П.П.Шивановскияс жиндирго тӀоцебесеб хӀалтӀи байбихьана Лаврентьевасул «Любовь Яровая» абураб пьесаялдасан.

Гьеб букӀана гӀолохъанаб коллективалъул унго-унгояб советияб драматургиялъулгун тӀоцебе гьабулеб лъай-хъвай. Гьеб пьесаялда тӀад хӀалтӀулаго режиссерасул малъа-хъвай артистазе гӀакъилаб дарслъун букӀана. Спектакль хӀадуризе халат бахъана. БатӀияб рес гьелъие букӀинчӀо. Театралъул къагӀидабиги цӀунун, щивав артистас хӀалеб роль рукӀалиде ккезабизе ккани, жалго-жидедасанго ругьунлъарал артистазе бигьаяб жо гуро. Спектакль хӀадурулаго цохӀо режиссерасул тӀадал ишал тӀурай гуребги, артистазе лъай кьолев мугӀалимлъунги вукӀана гьев.

Авар театралда тӀоцебе жинцаго гьабулеб гьеб захӀматаб ва жавабияб хӀалтӀул мурадги бичӀчӀун, режиссерас бахъараб жигар гӀадада ккечӀо. Рорхатал махил гъутӀбузул рохьги, рохьоб жаниб хъаравуласул рукъги, рукъалда сверун хьопол хьухьараб чалиги, чолода нахъасан гьоркьо-гьоркьоб рагӀулеб гьвел хӀапиги, тӀубараб чӀагояб тӀабигӀат цебечӀезабулеб букӀана гьеб постановкаялъухъ балагьаразда художник М.П.Шивановскияс. Гьенир аслиял ролазда цере рахъунел рукӀана Яровая – З.Набиева, Мошкин – ГӀ.Магаев, партизанал – Х.Дайитбег, ГӀ.Сурхай, Д.МухӀамад, ХӀ.Пирбудагъ ва гь.ц., ай тӀолабго коллектив.

Щвалде щун хӀадурараб гьеб спектакль балагьулезул рекӀелъ хутӀана ва театралъул тарихалда рехсолел спектаклябазул кьерда чӀана. Чан нухалъ гьеб спектакль бихьизабулеб бугониги, гьелъухъ балагьулезул къадар дагьлъулароан. Доб мехалъ артистазул хӀаялъе къимат кьезе лъалев чи дун вукӀинчӀо. Дие кеп щолаан гьезда тӀад ретӀараб ратӀлил, бараб михъ-мегежалъул, тӀад бараб ярагъ-матахӀалъул, бутафориялъул тӀагӀел-гӀучӀалъул. Кинаб спектаклялда букӀарабали дида ракӀалде щолеб гьечӀо. Цо нухалъ, роль хӀалаго, Халилбегов Дайитбегтца гӀеч букӀана кваналеб. Залалда гӀодой чӀарай магӀарулалда кодой ккун йикӀарай гьитӀинай яс гӀодана гӀеч бокьун бугилан. Гьеб гьаракь рагӀидал Дайитбегица гӀеч ясалъухъе рехун бачӀана. ГӀеч бугоан, биццатаб кагъаталда тӀад катанги седон гьабураб, гьитӀинаб торгӀо гӀадаб, гӀечул кьер тӀад лъугьинабураб, гьодораб гунзари. ГӀодулей ясалъе гьеб лъикӀаб сайгъат ккана. Гьеб бихьизегӀан дидагоги ракӀалде ккун букӀана Дайитбегица гӀеч кваналеб бугилан. Гьеб гурищха артистасул кӀудияб гьунар? ГьечӀеб жо бугеблъун бихьизабизе кӀвей, бищунго кӀвар бугезул цояблъун ккола артистасе.

Режиссер Шивановскияс жигар бахъулеб букӀана театралъул репертуар бечед гьабизе. Гьесда бичӀчӀулаан репертуар лъикӀлъанагӀан артистазул лъайги борхулеблъи. Актеразул гьунарчилъи, лъай, культура, халкъалда гьоркьоб рукӀа-рахъин гӀадал кӀвар бугел суалазда тӀасан малъа-хъваял гьарулаан, лекцияби цӀалулан. БитӀахъего чӀагояб ахӀвал-хӀал лъугьинабун букӀана гьес коллективалда гьоркьоб. Дагь-дагьккун Авар театралъ жиндего аскӀоре гӀагар гьарулел рукӀана литератураялде хурхен бугелщинал хъвадарухъаби, поэтал, драматургал. Гьелин абуни доб мехалъ хунздерил тӀалъиялда цо кверзул килщазда рикӀкӀине бегьулаан.

Театралъулгун щулияб бухьен гьабуна ЦӀадаса ХӀамзатица, Загьид ХӀажиевас, Заирбег ГӀалихановас, МаламухӀамад Хъайитмазовас ва гь.ц.

КватIичIого сценаялде раккана ЦI.ХIамзатил «Балагьалъул гъамас», «Хьитазул устар», «Айдемир ва Умайгьанат».

ГIагараб театралъ творчество цебе бачиналъе кIудияб квербакъи гьабуна хунздерил хъвадарухъабаз. Гьезда гьоркьоб хассаб бакI ккуна ХIамзатил драматургиялъ. МагIарулазул хаслъи, адабият – аслияб кьучIлъун букIана поэтасул асаразе.

Жиндирго тарихияб тIамач байбихьараб 1935– 1941 абилеб соналде щвезегIан гьоркьоб араб щуго соналда жаниб Авар театралъул сценаялдасан балагьаразда рихьун руго аслияллъун жал кколел драматургиялъул асарал: «ГIандиса ГIиса», «ЧIикь къиямасеб къо», «Любовь Яровая», «ХIаскъил ва Шамил», «МугIрузул ГIали», «Балагьалъул гъамас», «Хьитазул устар», «Айдемир ва Умайгьанат» ва щуго цIияб концерталъул программаги. Байбихьи квешаб букIинчIо.

* * *

КIиго чу бараб гьакил кумекалъ кIудияб квербакъи гьабулаан артистазе сапаралда хьвадизе. Киналго росабалъе гурелха гьоко бачине бегьулел нухал рукIарал. Райцентралда гьокоги тун, чуязда къайи– цIаги лъун, лъелго хьвадулаан росабалъе. Росдал годекIаниб къайиги бахъун, цо санагIат бугеб бокIонги тIасабищун, байбихьулаан къасиялде театралъул хIалтIуе хIадурлъи гьабизе. Цин гьеб хIалтIи тIубачIого цониги чи гьоболлъухъе унароан. Цо-кIиго чиясда божун течIого, цадахъ лъугьун киназго гьабулаан гьеб хIалтIи. ХIалтIиян абуни гIунги тIокIаб букIунаан. Гьанжегицин гьединаб бакIлъун росдал годекIан хутIун буго КIкIаратIа росулъ. Росдал гIолохъабазул кумекалдалъун артистаз байбихьулаан жалго хIазе сценаялъе бакI хIадур гьабизе. Ракьулъ гвендалги рахьун ункъго хIуби эхетизабулаан. ХIободаса-хIободе кваралги рухьун, пардавал рагьулаан. Стол-бакIалде гIунтIун гьениб къваригIунебщинаб къайи-къоно гIуцIулаан. Бихьиназ гьеб тадбир гьабулелъул руччабазги къаси ретIине кколеб артистазул ретIел-хьит, къватIибеги бахьун, къачIа-кIатIалаан. Нагагьлъун цIад бани, гьабурабщинаб хIалтIиги хIурулъ унаан.

МагIарулазул гIаданлъиги, гьез гьалбадерил, хасго артистазул гьабулеб адаб-хъатирги, дица бицинчIониги, нужер щивасда лъала. ТIоцеве ккарасе щолаан артистал гьоболлъухъ рачине. КочIохъан ЧIалдаса ГъазимухIамадин абуни, гIолохъабаз цоцахъе вахъи гьавулаан. ТIоцебе гьесул пандур кодобе щварасул гьобол вукIунаан гьев. Пандрида цадахъ зурмаги букIине кколилан зурмихъан ХIасан-ХIосенги кидаго гьесда цадахъ унаан гьоболлъухъе. Артистазул аслияб хIалтIи байбихьизе цо сагIат хутIарабго зурма-къали байбихьулаан. Киноялъе канлъи гьабулеб мотор росулъ батани, кIудияб талихI букIана. БатичIони, нартил чирахъул канлъиялъухъе, гьебги гьечIони, цIулада цIаги бакун канлъи гьабизе кколаан. Гьединал нахъе ккарал, квегIенлъи гьечIел шартIазда цере рахъунел рукIаниги, артистазул гьунаралъе лъикIаб къимат кьолеб букIана балагьулез.

Гьедин, лъелго магIарул тIалъиги сверун, тIадруссун щолаан артистал жидецаго гIумру гьабулеб гIагараб хунздерил тIалъиялде.

***МахIмуд ГIАБДУЛХАЛИКЪОВ,***
***Россиялъул Федерациялъул халкъияв артист.***

*(хадусеб букIине буго)*

# ГӀакълуялъул дандерижи

## ГIУМРУГИ ЧIОРГИ

Цо гIакъилав чиясул вукIанила дагьав гогьмахIав, гьабулеб- толеб жоялъул ургъел гьечIев вас. КигIан инсуца малъаниги, гIакълу кьуниги, гьелъулги бицинегIанасеб хIасил кколеб букIинчIила. Цо къоялъ инсуца васасда абунила, жакъа нилъ гIужда чIор речIчIизе рилълъине ругилан. Росанила гьез чIорбутIалги, чIоралги, гIужалъе лъезе жоги.

Васас бачIинахъего кIиго чIор кодобе босанила ва гIужда чIор речIчIизе хIадурлъанила. Инсуца гьесухъа бахъун цояб чIор добегIан реханила. Вас гIажаиблъанила, щайин дуца дихъа цояб чIор бахъулебилан.

– Духъ кIиго чIор бугони, дуца цояб чIор ургъелго гьабичIого кьвагьун биччала, гьеб гIужда щвечIониги, дир цоги чIор бугин пикруги гьабун, – илан абунила инсуца. – Цо гурони чIор гьечIони, гьеб гIужда речIчIизе хIаракат бахъула. Гьединго букIуна, дир вас, гIумруялдаги. Нилъее гIумру цо гурони кьун гьечIелъул, ургъичIого щибниги гьабизе бегьуларо. Гьабуни, гIужда щвечIеб цо бугеб чIор гIадин, гIадада ун батула гIумру.

Васасда бичIчIанила инсуца чIор гIужда речIчIизе жив щай вачун вукIаравали. Гьеб къоги гьеб лъугьа-бахъинги дарслъунги босун, гIолохъанчи гIумруялъухъ батIайиса валагьанила гьелдаса нахъе.

## БЕРЦИНБИХЬИГИ РОКЬИГИ

– Берцинбихьиги рокьиги цого жойищ, яги бугищ гьезда гьоркьоб батIалъи? – илан гьикъанила гIакъилав херасда гIолохъанчияс.

– Дуда тIегь берцин бихьани, дуца гьеб тIун нахъе босула, – ян абунила херас. – ТIегь дуе бокьани, щибаб къоялъ лъалъан, бацIцIа– бакун, беэдун дуца гьеб гIезабула. Гьеле гьеб буго берцин бихьиялдаги рокьиялдаги гьоркьоб батIалъи.

## ГЬЕДИНАБ СУАЛ КЬЕЛАРОАН

ВачIанила гIумру бихьарав херав чиясда аскIове гIолохъанчи ва гьес абунила:

– КIудияв чи, дие дур гIакълу къваригIун буго цо цIакъ кIвар бугеб ишалъе.

– Бицеха дурго, – ян абунила херас.

– Дир кутакалда рокьи ккун буго цIакъ берцинай, лъикIай ясалъухъ. Ячундай лъикI дица гьей, ячинчIогодай?

– Ячунге.

– Щай?

– Щайгурлъулха, гьей ясалъухъ дур рокьи ккун букIарабани, дуца дие гьединаб суал кьезе букIинчIо.

## ГЬУДУЛЗАБАЗУЛ УНКЪО ТАЙПА

– Ункъо тайпа букIуна гьудулзабазул, – ян абунила иргадулаб дарс бицунаго гIакъилав мугIалимас жиндирго цIалдохъабазда. – РукIуна гьудулзаби, кваналеб квенгIанги щибаб къоялъ нилъее хIажалъулелги. РукIуна, унтараб мехалда дару

гIадин, нилъее къваригIараб мехалда ратулелги. РукIуна гьудулзаби унти гIадалги. Гьез жидецаго ралагьула нилъ. РукIуна, цIалеб хIухьелгIанги нилъее чара гьечIелги. Амма, кидаго цадахъ ругониги, нилъеда гьел рихьуларо.

## ЗАГЬРУ ДУР РЕКIЕЛЪ БУКIАНА

Цоцазухъ рокьиги ккун данделъанила гIолохъанчиги гIолохъанчIужуги. РакIал журараб берцинаб цадахъаб гIумру байбихьанила гьезул.

Амма гьеб къавулъе ячIараб тIоцебесеб къоялдасанго нусалъулги якьадалъулги рагIи данде ккечIила. Гьел кидаго цоцазда тенкелел, къетIелел, дагIба-рагIиялда рукIунаанила.

Цо къоялъ нус анила хурдузул дараби гьарулев чиясухъе.

– Щиб мурадгун ячIарай, берцинай. Дуе вокьулесе мунго йокьизайизе рокьул хералда хадуй ячIун ятила, – ан абунила гьев чияс.

– Гуро, дие дирго рос вокьула дирго рухIгIанги, – ян жаваб кьунила гIолохъанай гIаданалъ. – Аммаха гьесул эбел йигоха цо борохь, цо болъон. Гьелъ дида дуниял рихинабун буго.

– Дица щиб гьабизеха дуе бокьараб?

– Гьабе дие кумек. Кье дихъе загьру, гьей гIадан хехго цееса инайизе.

– Гьединищха, цIакъай яс, дуе дурго талихI батизе бокьараб?.. ЛъикI буго, кьела дица духъе загьру. Щибаб къоялъ рада-радал якьад тIаде яхъарайго гьелъие чай гьабе гьаб ххералъул, – янги абун гьитIинаб къвачIа кьунила гьев чияс гьей гIаданалъухъе. Цинги тIадеги жубанила, – Буго дир дуе кьезе цо гIакълуги.

– Кинаб гIакълу? Бице дурго. Гьадай гIадан хехго холеб жоялъе дун сундего нахъе къаларо.

– Нилъер гIемерго кIудияб гьечIеб росулъ гIадамазул цоцазда лъаларeб жо букIунаро. Лъалеб батила мадугьалзабазданиги дурги якьадалъулги кинаб гьоркьоблъи бугебалиги, – ян абунила гьев чияс. – Гьединлъидал, дудего щивго щаклъичIого вукIине, гьаб жакъа къоялдаса байбихьун, дуца якьадалъулгун гьоркьорлъаби лъикIлъизаре. Гьейгун хIеренго, эбелалъе яс гIадин йикIа. Гьелъ малъарабги малъичIебги гьабун гьей рази гьае. ГIемер мехалъ ккеларебин дуца гьеб гIазаб хIехьезе.

ХIакъикъаталдаги тIуянго хисанила нус якьадалдехун. Гьей тIаде яхъиналде хинаб-цIияб тIагIамаб квенги гьабун жидедаго цадахъ кваназе ахIулаанила. Рокъоб-къватIиб кинабго хIалтIи, гьелъ квер хъвазе течIого, жинцаго тIубалаанила. Гьабулеб-толеб жоги кидаго гьелда гьикъулаанила. Щибаб къоялъ радалго доб ххералъул чайги кьолаанила гьелъ якьадалъе.

Якьадалъулги нусалдехун балагьи тIубанго хисанила. Жиндирго ясалде гIадаб рокьиги адаб-хIурматги бижанила гьелдехун. Росги цIакъ рази вукIанила эбелалъулги чIужуялъулги циндаго цоцаздехун гьединаб гьуинлъи лъугьиналдаса.

Цо къоялъ дой гIолохъанчIужу чвахулаго магIугун, йорта-хъетун ячIанила хурдузул дараби гьарулев чиясухъе.

– Гьанжеги щиб ккараб? – абун гьикъанила сихIирго гьелъухъги валагьун гьадав чияс.

– Аллагьасе гIоло, лъикIав чи, кье дие гIадамасул чорхолъ загьру чIвалеб дару, – ян абунила сородулеб гьаракьалъ гьей гIаданалъ.

– Дица гIемераб чай гьекъезабуна якьадалда. Гьей  хвезе гурин хIинкъун йиго. Гьей дие гьанже якьад гурей, эбеллъун лъугьана. ЦIакъ лъикIай гIадан йикIун йиго дой.

– Дица духъе загьру гуреб, гIадамасул чорхое цIакъ пайдаяб ххер кьун букIана чай гьабизе, – илан абунила гьев чияс. – Загьруйин абуни дур рекIелъ букIана. Гьеб Аллагьасул кумекалдалъун дур рекIелъаги нахъе ана.

## БИЧIЧIАНА, МУГIАЛИМ

МугIалимас гIелму малъулел цIалдохъабазда гьоркьор рукIанила цIаги лъимгигIанги цоцаздаса батIияв кIиго вас. Цояв вукIанила цIализе пагьму-гьунарги бугев, малъарабги босулев, тIадкъараб хIалтIи-пишаги ракIбацIцIдаго тIубазабулев, гIамалги берцинав вас. Цогиявин абуни, кинабго рахъалъ гьесие гIаксиял хасиятазул. Гьес цо къоялъ дов лъикIав васасда гьикъанила кIигоялде кIиго жубани чан букIунебилан. Ункъо букIунин жаваб кьунила гьесги. Гурин, лъабго букIунин абунила суал кьурас… Ункъоян цояв, лъабгоян цояв, лъикI дагIбаданила кIиявго вас. Ахирги дагIбаялъ гьеб суалги роцIцIинчIого, рагъизе кканила гьел.

БитIун гьел рагъулаго тIаде вачIанила гьезул мугIалим. Гьес васал ратIаги гьарун, щиб нужеда гьоркьоб ккарабилан гьикъанила. Бицанила васаз жал рагъиялъе гIилла. Гьеб мехалда мугIалимас лъикI бухIилеб хIалалда кодоб букIараб хьоп кьабанила кIигоялде кIиго жубани ункъо букIунин абурав васасда.

– Щай мугIалим дуца дида кьабулеб, дун витIаравги вугеб мехалда, – ян вихха-хочун лъугьанила гьев вас.

– РукIуна гIадамал жидехъа гъалатIал кколелги, – ян абунила мугIалимас. – РукIуна чIегIераб хъахIаб бугин, хъахIаб чIегIераб бугин чIолел, зани бегарал гIабдалзабиги. Гьел ритIизарун бажаруларо, рижудахъе тани гурони. Мун лъугьунев вуго, мунго тIуванго витIарав вукIинги лъалаго, гьав васгун дагIбадизе, гьавги витIизавизеян. Гьадинал чагIи ритIуларо. Гьанже дуцаго хIисаб гьабеха нужер кинал гIадалал кколелали.

– БичIчIана, мугIалим, кинабго, баркала, – янги абун гьев вас нахъе анила.

## ДУР РОРЖЕН БОКЬУЛАРО ДИЕ

Цо хIанчIида хадуб лъугьун букIанила борохь. Кибе хIинчI боржаниги, нахъаса бичIулеб букIинчIила гьеб. Ахирги хIанчIил тату хванила, рухI-хIал дагьлъанила. Гьеб цо гьотIол гIаркьалида рещтIанила. Гьенибеги харун бачIунеб букIанила борохь.

– ГьабсагIат дуца дун чIвала, – ян абунила хIанчIица. – ЧIвалелде дуе чанго суал кьезе бегьиларищ?

– Дун лъилниги суалал рагIун ругьунаб гьечIо, – ян чIухIун жаваб кьунила борхьица. – Щиб гурин гьабилеб, хвалда цебе дуе гьедин бокьун бугелъул, кье дурго суалал.

– Дуца хIанчIи кваналищ?

– Кваналаро.

– Дица дуе гьабураб квешлъи бугищ?

– ГьечIо.

– Батани, щайха дуца дун чIвалеб?

– Дие дур роржен бокьуларо.

## ТIАДАБ НАЛЪИ

Цо мискинчиясул букIанила киса-кибего цIар рагIараб, цIакъзда гьоркьобги цIакъаб чу. Гьеб чу дие бичейин, дуца абурабгIан гIарацги кьелин тIаса вичIичIого абулеб букIанила цо бечедав чияс. Амма чуялъул бетIергьан кинго разилъулев вукIинчIила.

БачIанила циндаго хуриб бекьараб жоцин баккичIеб цIакъ ракъдалаб сон. Дов мискинчиги тIадеги язихълъиялда кканила. Бечедав чияс хIисаб гьабунила, гьанже гьесие ворчIизе бакI гьечIин, дица кьураб гIарцуде чу бичичIогоян. Щванила дов чиясухъе гьеб мурадгун.

Гьобол тIаде вачIиндал, кколеб къагIидаялъ гьев къабул гьавизе хIадурлъанила мискинчи. КватIичIого, хIанчIил рахьгицин камураб жо гьечIеб квен-тIехалъул стол хIадуранила гьес. Бечедав чи гIажаиблъанила гьаб ракъул соналъги гьадинаб бечедаб гьоболлъи гьабизе киндайин гьав мискинчиясул рес рекъанаян. Рагьун гьесда гьедин абизеги рекъон букIинчIила. Кванaнила гьел, гьекъанила лазатаб хIалалъ. Жиндир гьабураб гьединаб кIудияб адаб-хIурматалъухъ баркалаги кьун, бечедав чияс добго мурад цебе бачанила.

– Гьанже гьелъул бицун пайда гьечIо, дир гьудул, – ян абунила мискинчияс. – Дуе гьоболлъи гьабизе тIокIаб ресги букIинчIого, дица доб чу хъуна. ТIаде вачIарав гьоболасул хIурмат гьаби гIадаб кIудияб налъи магIарул чиясе киданиги букIинчIо, букIинеги кколаро.

## В А Ц

Гьоркьоб щиб ккун букIарабали, кIиго гIолохъанчи вагъизе кканила. Цояс цогидав гIодовги тIамун вухулев вукIанила. АскIор рукIаразда гьел ратIа гьаризеги кIолел рукIинчIила. Гьабизе жо тIагIарал гьез росдал бегавуласде, цогидалги жамагIат гIенеккулел къадруял гIадамазде ахIи балеб букIанила рагъулел ратIа гьаризе рачIаян. Амма лъиданиги гьезул ахIи рагIичIила, кумекалъе щивго вачIунев вукIинчIила.

Ахирги цо гIолохъанчияс ахIанила гьоркь тIамун вухулев вугесул вац вачIинев вугилан. Гьел рагIаби рагIаралго, бергьунев вукIарав гIолохъанчи дандиявги живго тун, хIинкъадго дове-гьанивеги валагьулаго, цогиял гIолохъабазда аскIов чIанила. Гьесда гIажаиблъарал гIолохъабазул цояс гьикъанила:

– Бегавуласулги росдал цогиял къадруял гIадамазулги цIарал нижеца ахIараб мехалда дуца гьелъул кIварго гьабичIо, вац вачIинев вугилан абураб мехалда дуца гъов виччан тана. Гьелъул магIна щиб? – илан.

– Нужеца ахIарал цоги гIадамал рачIаралани, гьез ниж ратIа гьарилаан, щиб-кин ккарабиланги гьикъилаан, рекъезеги гьарилаан. Амма гьесул вац вачIаравани, щибго рагIи абичIого, гьес, кьабараб жоялъ бачIинахъего дир бетIер бекилаан, – абун жаваб кьунила гIолохъанчияс.

## ТАЛИХI КЬЕГИ ДУЕ

Болнухда гIодовги чIун гьарделев вукIанила херав чи. Гьесда цевеса унев чол рекIарас херасда гьурмалъ цIал банила.

– ТалихI кьеги дуе, – ян ахIанила херас гьесда хадуб.

– Дур сабруялъул тIадегIанлъи, кIудияв чи, – илан абунила гьеб лъугьа– бахъин бихьарав цо чияс.

– Сабру щиб букIинеб, – ян жаваб кьунила херас, – талихIав вукIаравани, дов гьададигIан ццидалавги вукIинароан, дир гьурмалъ цIалги баларoан.

## ВАСИЯТ

Хвалил боснов вегарав херав инсуца васасе гьабунила гьадинаб ахирисеб васият:

– Аллагьас дие кьурал къоял ахиралде щолел ругилан ккола, дир вас, – ян абунила гьес. – Дир буго дуе рагьизе хутIараб балъголъи. Дуда киданиги кIочон тоге кIиго жо. Гьезулъ букIана дирги гIумруялъул битIккей. ТIоцебесеб – дуца кидаго ккве чиясе кьураб рагIи. Щиб-кин кканиги, сундего вачIинчIого хIаракат бахъе тIаде босараб иш ракIбацIцIадго тIубазабизе. Гьеб букIана дицаги цебе лъураб масъала, гьелъ цере рачана дир гьарулел ишал, гьелъ квербакъун икъбал ккана, баракат лъуна дир гIумруялда. КIиабилебги – дуца киданиги лъиениги рагIи кьоге щиб букIаниги гьабизе. Дуда лъаларо Аллагьасул хIукму кинаб бугебали.

## ГIАМАЛ КИН ТЕЛЕБ?

Рокъой лъадиги тун, цо чи къогониги соналъ щибаб сордойил хьваданила жиндирго йокьулелъухъе. Сордо бащалъудаса араб гIужалъ рокъове тIадги вуссунаанила гьев. Хехаб унтиги чIван хванила гьесул чIужу. ГIагарлъиялъ абунила, нижеда лъалин дур йокьулей йигейлъиги, гьей лъадилъун рокъов ячун лъикIин дуца гьанжейин.

– Гьеб лъугьунеб жо гуро, цоги чIужу ячине бегьила, – ян абунила гьадав чияс.

– Гьелъул магIна щиб? – илан гIажаиблъанила гIагарал чагIи.

– Гьелъул магIна буго гьадинаб, – ян абунила гьес, – кин дица рехун телеб къого соналъ дун ругьунлъун ккараб гIамал– хасият. Дица гьей гIадан лъадилъун рокъое ячани, лъихъе дун инев щибаб сордоялъ рекIелгъеялъе, ургъел бикьизе, рокьул бицине. Гьеб нужеца абулеб жо букIунеб, лъугьунеб жо гуро.

## ГIАКЪИЛАБ РИКЬА– КЪОТIИ

Цо мискинчиясул къавулъа квен– тIехалъе жо тIагIунеб букIанила. Гьесул хIукму кканила къарзалъ гIадамазе тIощел кьолев бечедав рибачиясухъе, хасалихъе хIалухъин бачIараб мехалда бецIизе гьеб босизе ине. Гьединаб гьаригун унелъул, сайигъат-саламалъе жо босичIого бегьиларилан, жиндирго букIараб кIиго хъазалъул, кьарияб бихьун цоябги хъун, белъун гьебги босанила мискинчияс.

Сайигъаталъухъ баркалаги кьун бечедав чияс абунила:

– Киндайха дица цо гьаб хъаз бикьила анлъго чиясе: диегоги, лъадуеги, кIиявго васасеги, кIияйго ясалъеги? – илан.

– Дуде гьелъул ургъел ккоге, бетIерчIахъад, – ян абунила мискинчияс, – дица бикьила хъаз щивасе жинди-жиндир бутIа щолеб къагIидаялъ.

КъотIанила гьес хъазил бетIер, кьунила рукъалъул хважаинасухъе.

– Гьаб дуе. Мун хъизаналъул бетIер вугелъул, – иланги абун.

Хадуб батIа гьабунила хъазил мугъаб рахъ ва кьунила гьесул лъадухъе.

– Гьаб дуеги, хIурматияй. Дуца гьаб рукъалъул магIишат данде бачуна, мун киназего йокьула, – янги абун.

Цинги мискинчияс къотIанила кIиябго бох. Гьелги кьунила кIиявго васасухъе.

– Нуж руго инсул аслиял кумекчагIи, гьаб рукъалъул тIалаб-агъаз гьабизе гIемер рекерахъдизе кколел чагIи, – ян мухIканги гьабун.

Нахъеги мискинчияс кIиябго кваркьи батIа гьабун кIияйго ясалъухъе кьунила.

– Нуж руго гьаб рокъоса кватIичIого къватIире ине ругел чагIи, нужер роржен талихIаб батаги, – ян гьари-рахьиги гьабун.

– Гьалеха щивасе жинди-жиндир бутIа кколеб куцалъ бикьана дица хъаз, – ян абунила ахиралдаги гьес. – Гьаб хутIараб диегоги толеб бугоха, кваналел мехалда аскIов гIодов чIарав дидаса нуж намуслъичIого рукIине, нужее дицаги гьалмагълъи гьабизе.

Цин велъанила, бечедав чи мискинчиясул бикьа-къотIиялда разилъун, цинги ургъанила. Ва пикру гьабунила, гьав гIакъилав чи вихьулин, гьасул гIакълу дие хадубккунги хIажалъизе бегьулин.

ЧIобого къандалъо цIураб тIощелги, кьун, лъикIаб адаб-хIурматалда нухда регIанила рукъалъул хважаинас мискинчи.

## АХИР-КЪАДГИ КАНТIАНИЛА ХАН

Цо улка-ракьалъул ханасул гIадат букIана, гьардухъанасул ретIелги ретIун, гIадамазда живго лъалареб хIалалъ къаси-къаси жиндирго вилаяталда бугеб ахIвал-хIал лъазе свера-тирулеб. Гьедин свера-тирулев гьев цо сордоялъ гьитIинабго рукъалда аскIове щванила. Гьениб гьесда гьадинаб сурат бихьанила: кIал-кIалачIван рагьун нуцIа-гордуги бугила, бакун чирахъги бугила, рукъ бакьулъ столги бугила, столалда тIад гIемераб квен-тIехги бугила, гьенив гIодовги чIун, Аллагьасе реццги гьабулаго, кваналев мискинго ретIа-къарав цо чиги вугила.

Гьабго щиб хIикматилан «гьардухъанас» нуцIида кIутIанила. Гьадав чи цIакъ воханила гьобол вачIиндал. Аллагьас кьураб нигIматалъул хIалбихьизе вачIаян хехго столалда нахъе вачанила.

– Къаси щиб сордо дур, байрамкъоялъ гIадин гьабщинаб квен– тIех цебе тIибитIизе? – ян гьикъанила ханас.

– Кинаб букIаниги байрам гуро, лъикIав чи, – ян абунила рукъалъул хважаинас. – Дун щибаб сордойил гьадин вукIуна. Къад дица ресалда ругел гIадамазул хьитал къачIала. Гьез дир ракIбацIцIадаб хIалтIуда рекъараб гIарацги кьола. Къаси-къаси мухь босичIого мискинзабазулги къачIала хьитал. Жакъаги щварабщинаб гIарцухъ гьал нигIматал росана базаралдаса. Аллагьас дун киданиги рехун толаро. Гьев цIакъ цIоб гIатIидав вуго. Гьединлъидал, дун Аллагьасе рецц гьабулев вукIуна кидаго.

Балагьилинха метер дуца гьев дур Аллагьасе кинаб рецц гьабулебалиян хIисаб гьабунила гьев чиясда хIалхъублъарав ханас…

Хадусеб сордоялъги херасул рокъоб гьадабго ахIвал-хIал батидал, хан гIажиблъанила.

– Кин араб жакъасеб къо? – илан гьикъанила гьес гьадав чиясда.

– Дица жиндие лагълъи гьабулев Аллагьас дун киданиги рехун толаро, – ян жаваб кьунила гьес. – Жакъаги кумек гьабуна Гьес дие. Радал базаралде дирго хьитал къачIалеб бакIалде щведал, гьениб нуцIида чIван батана хьитал рукъизе ихтияр кьураб кагъат кодоб гьечIев чияс гьеб хIалтIи гьабизе гьукъулин абураб ханасул буюрухъ. Дихъ гьединаб кагъат букIинчIо. Дица пикру гьабуна щибдай гьабун лъикIилан. Аллагьас дун кантIизавуна гъуялъусаги босун, гIадамазе рокъо-рокъове ун, лъим бичизе. Рецц Аллагьасе, гьедин щвараб гIарцухъ босараб буго гьаб квен-тIех.

Хадусеб къоялъ ханас буюрухъ бахъанила рахулел унтаби тIиритIунгутIизе, гъуялъуса щивав чияс жинцаго босизе лъим, лъиениги гьеб бичизеги гьукъизе.

Лъабабилеб сордоялъги гьадав чи добго къагIидаялъ, дагьабги бечедго квен-тIехги цебе тIибитIун Аллагьасе рецц гьабулев ватанила ханасда.

– Кинха жакъасеб къо араб? – илан гьикъанила гьес.

– Аллагьасе рецц буго цIакъ лъикI ана, – ян жаваб кьунила рукъалъул хважаинас. – Нижер хан вуго цIакъ халкъалъул тIалаб-агъаз бугев чи. Гьес рахунел унтаби раккунгутIизе, чидар рукъзабахъе ун лъим бичизе гьукъун буго.

– Кинха жакъа дуца гьабщинаб квен-тIех балагьараб?

– Аллагьас гьаб нухалда дун кантIизавуна рохьове ун, цIулги къотIун, хIажатал гIадамазе гьеб бичизе. Гьес дун киданиги гIадада хвезе толаро. Рецц буго ТIадегIанав Аллагьасе.

Гьеб мехалда ханас ахIанила:

– Аллагьасде дандеккун дун гьадингояв пайда гьечIев жо вуго. Бегьуларо Аллагь кколев, гьесде божи лъурав чиясе щибниги къварилъи гьабизе. Жакъа дунялалдаги, метер ахираталдаги талихI бокьарав чиясда Аллагь лъазе ккола, Гьесул кIодолъи бичIчIизе ккола, Гьесул цIобгIатIилъиялда божизе ккола.

Гьеб бакIидаго тавбуги гьабун, жив Аллагьасде гIагар гьавуралъухъ гьев чиясе унго– унголъунги баркалаги кьун, хан рокъове анила.



Индекс годовой 63333
Индекс полугодовой 73891

# Гьудуллъи

*БацIцIадаб магIарул мацI,*
*МагIнаяб адабият,*
*Арабги, гьанжесебги –*
*Гьале дуе* ***«Гьудуллъи».***

*Нилъерго гIадат, гIамал,*
*Кици, бицен, махсаро;*
*Хабар гьуинаб гьобол –*
*Гьудуллъун кквe* ***«Гьудуллъи».***

